PUPUH I

DHANDHANGGULA

01

Ingkang rinipta carita puniki, sasi kalih tanggal kaping sanga, Senen Wage ing rangkepe, pengeting tahunipun, tahun Be kang hijrah Nabi, sewu rongatus ika, punjul wolung puluh, ing tahun Be Punika, among angsal wolulas dinten nenggih, wau ingkang kalampah.☻

02

Awong dening kang anyerat iki, pan jenenge Kyai Serengrana, kang alinggih Pulasaren, mantrine Sultan Sepuh, pan kalangkung bodho tur langip, pan ora nalasamwa, ing tawilunipun, waktu anyerat punika, … umur skeet tahun nem warsi, akatut kang …….☻

03

Nama samya ingkang sami kapti, amaosa carita punka, kang sastra langkung awone, akathah tanduk kang sigug, poma samya angapunteni, lan sampun caket pandam, sampun kari luwung, nyanggi talutuh ngalantang, lawan sampun nyaringin nang iku sami, ingkang sami sudi maca. ☻

04

Kang pinurwa Pajajaran Mangkin, samantuke sang Ciyungwanara, saking bumu Galuh nengge mentas praja ji wau, kali Ardhangbang awisik, si kakang kang mingetan, araga salimur, aneng alas Maostikta, pan si adhi mangulon ngadeg dewaji, ababaka nagara. ☻

05

….. Pajajaran sadakti, dawuh jengjenan kadang, Cipamali watesani, Ciyungwanara nurut, ngilen kali kang Ibu Dewi, Rara Kandhegkinarha, jimat tunggul payung, ingiringi pandhe dhomas, gumurudug ngilen wus dumugi maring, Babakan Pajajaran. ☻

06

Wus kapanggih lan Indang Sakati, kang pinangku panembahanira, kang gagandhi ing pilungguhe, sang Ciyung angadeg Ratu, iku Indang Gunung Saketi, kang dadi emban-emban, arjaning sapaku, sinawung galih liniga, kawula warga Sakati kang uri-uri, kang arjane sang nata. ☻

07

Cantrik Sakati ingkang anami, lawan wau kadangira, kang kocap ing namane, sikaki elu-elu, Ki Okesa kalawan malih, Empretmohe ya ika, kang sami amangun, angistreni lungguhira, Ciyungwanara angadedi Sribupati, ing Nagara Pakuwan. ☻

08

Wus rineka jati pangupami, umbul-umbul kulit wanara, ingkang acemeng ulese, akadi kulit lutung, kombala buntut sing asami, mangking kombala badhak, ing waos pangrenyu, godebak bungkul cabolan, kang ginawe rontek buntuk monyet dadi, sarengga-rengganing praja. ☻

09

Payung agung kulit maung kuning, marapit ing …. Sang Nata, sangkep sami kaprabone, …. Wus gemuk, kang ngaolatingkah negari, ical jenenging wana, dumadi praja gung, agenging kawula bala, pasar ageng pan samya suka ing ati, ing sadina-dina rena. ☻

10

Andrawina kang kawula alit, gemelane reyog ngimba sraya, tampingan gunung arame, dhog-dhog byos pan dharugdhug, kang tharokthok egar kapati, rame kang surak-surak, kidung sari baung, sundari alas langenan, kikitiran ing pucuking lingga sari, jemegur yen kaginan. ☻

11

Yen bondanan pandununging…., pan jumegurlir mariyem kang swara, kang winangun … unen-unen, ing siang lawan dalu, Maha Raja ing Pakuaji, Prabu Ciyungwana, riniyung ing sagung, warna rupaning sambawa, sato-sato kang bisa akata jalmi, sok lutung kidang ika. ☻

12

Kang mambangan ules gumaringsing, kebo bule bungkul kang pancal pat, padha icep bal makabe, gelap pon sami ngulun, angintali barat angabdi, iton-intin liwurkali, jurig dewa mambar, sabawaning ratu susupaning wasi, lir kang estu ajar padhang. ☻

13

Ajar Padhang ingkang dukmadhemit, ingkang murwa sagala jagat, ing Pajajaran tanggale nuli…., dhasar masih sedhepan daging, rai awujud buta, purwa sing Cialur, rarakandheg mila dadya, pangrampiging menak Cidahur nyungkemi, purwaning abal raja. ☻

14

Datan roro tetelu ing kapti, isa baisa Dipati Alurcenang, ing Pajajaran suude, santana kinabandu, ragem-ragem mariboting sih, sadasa sami prapta, akidang kandhuru, Kikandhuruwan babalban, seja tuhu genya karsa angabakti, amegeng sewakanira. ☻

15

Mangunaken sagung kapurati, lembah dhuwur lan pintu tundhaga, saha sri ing samandhepane, ngajangaken alun-alun, …. Pasowan panggenan aji, kang kepering angi … puraken gunung, limbung aning guwa santang, nengenaken sasagaran giri tasik, ngajengaken bomanta. ☻

16

Sabandare sing sabrang sumadhing, paningadhun sang Bima larang, Sri Jampang sarta jinggine, gul menak umbul adhu, rang-orange jinunjung inggil, anyakra kapatiyan, ing Sundha ginunggung, pating rangu rangu Sundha, pan sirnaning ratu sukma ing pati, amageng kawicaksanan.

17

Pan kapati kang duweni manis, cina Sundha kawilang lilima, ingkang kacepengan dene, Ki Ardha mangun gen trahe nenggih, ing Pahing dintenira, andhum wancinipun, anyepeng para gul menak, pasisihan utawi manca nagari, cekelan mangun gentra. ☻

18

Ki Tumenggung Sayoga nyepengi, ….ing sawancinira, angrekuricak cepenge, ing ayunan sang prabu, pan acaos basa ing aji, dupi ingkang kang nama, Demang Elu-elu, dine Wage jaganira, anyepengi putusan pra padungapti, ing bener lawan salah. ☻

19

Kang Ngabehi Lempretmonge kang jagi, dina Keliwon cinepengan, prajurit ing sawancine, ing ulu balang wau, sungga watang sarampang bandring, kukuh ing pat Pakuan, sinaroja umbul, dalem ingkang kuna-kuna, samya ngidhep ing Pajajaran angapti, nalika binathara. ☻

20

Ing Ciwindu anteng ….paning, dhalem Tepus nalika wong kuna ing Raja…..,kidhalem kuwu agung, Sendang Cibuntu ing praja ngapti, dhalem demang kangene, sindhang kasimanut, lan ki dhalem Cintangbarang, dhalem Pakulada dhalem Pakuaji, dhalem Rangga Pakuan. ☻

PUPUH II

P A N G K U R

01

Angir-angir ing buwana, pangaline rara nama Mundhing Jamparing, lan kang namane sinebut, Kalibadhaglolopak, kang kinarsa angirupi para ratu, para idhang kang primanca, nagara urut pesisir.☺

02

Nyata sang roro ponggawa, sampun mentar kalawan idhine pati, naklukaken para umbul, para dhangan pasir panjang, sang dhang bana Ujung kulon wus anungkul, Pasir Adu Pulangdhang, sura sowan sabrang pati. ☺

03

Banten …. Ujung Maladha, Menak Lampung sadasa kang ngapti, dhumateng sang Raja Ciyungwanara Pajajaran, apa maning sang dhang Jakerta panadhun, Jograt Lantan Tawangpadhang, Karawang lan Ujungmilir. ☺

04

Losaribang kulon miwa, Palimanan Carbon Girang katiti, Jepun kulon gumulung, Indramayu lan Kondha, sang Srijunti sang Kalana Kandhanghaur, sadasa akedhep samya, ing Pakuan Pakuaji. ☺

05

Amung siji ingkang nyelap, ingkang ngambek sucira angrasawani, iya iku nama ratunipun, Raja Mongkara, aneng Ujung Batagonggang …ipun, estu tan arsa kedhepa, ing titah ….aji. ☺

06

Kocap bala Pajajaran, seja lurug dhatmakaning kulilip, pirang-pirang bala maju, daman pangunjung tanah, bala Sundha ngadhaning rangseng padha kawur, dhening prahara lautan, tanpa sangkan breking angin. ☺

07

Wong Sundha ingkang prawara, pirang-pirang ambalan tan budhihi, tan maju kadhadhak kawur, tiba ing sawah-sawah, ing tetelar aniba pating talumpuk, lir walang kawur prahara, manglkana sandhenging wani. ☺

08

Salamine ing ngayuda, datan ana wau ingkang ngucili, enggal pan sira alaju, yika Badhak lolopak, sabab bareng rereping kang lisus, den age caked….., anila bimi ning angin. ☺

09

Nadyan …. lan jajal, pan pinanggih lan Sindhang Mongkara aji, yaganal pamuwusipun, la iki kene apa, wong Kajiwa bumi re gelem nyangkul tembene ya ing amendhak, ingkang kadhang raja iki. ☺

10

Puniki bumi Pasubdhan, ingkang estu warise juragan Ahing, pusaka sang Prabu Galuh, kang wus merad susirna, mangkana Ratu Sundha kang dhadha susulur, amisesa sasigar Jawa, iki kang si rajeneki. ☺

11

Kukubaning Ratu Sundha, apa gawe si rajenak ing riki, den ora gelem anungkul, ya para age bu………, ana jenek enggon kene sira iku, ….. kang ora suka, dhen dhadhi kulilip. ☺

12

Raja Mongkara panabda, Lalangkara ewong dadi kulilip, lawan Anglangkara ratu, adhuweni buwana, pan buwana Dhangwinta ingkang ngawangun, ratu mung ngaku kewala, padha ewong ambeneki. ☺

13

Padha bae suwaningwang, apa bidhane tunggal enggoning bumi, sira ingkang selang gumun, ambeg sawenang-wenang, budhi kethek napsunira kaya asu, Badhak Lolopak jal Kidang, anubruk dhateng sang aji. ☺

14

Sigra sang Raja Mongkara, matek mantra dhal emesal menginggil, anyepak maring kang musuh. Kontal Badhak Lolopak, niba tangi anubruk mali dencawuk, den balangaken …., tiba tangi ngudhak maning. ☺

15

Dedupak malih kapental, ora meneng-meneng abalik maning, anuli sira den cawuk, binalangaken tebah, nuli prapti ika wau ingkang lisus, kawur si Badhak Lolopak, kabereg-bereg ing agin. ☺

16

Tan kena aju narajang, kasektening Mongkara wantuning, putraning Bramana Laut, mila Dhikbo samana, semunira karsa angadhoni ratu, ingkang mangkono ngadheg anyar, ana ingsun ya negari. ☺

17

Ora kaya Ciyungwanara, jar akathi Indang Gunung Sakathi, ingkang kaparing …, ing Munting Jamparing, aja sira papa … iku, balikan sulusupana, api-api saha ngabdi. ☺

18

Kawula nana ngendhatna, yen wis kanggep tungkuling wong aurip, colongen ika kang tuhu, ing Kahuripanne raja, kang dhen wadhali Beruk Kalapaciyung, den wus kaebut kang jimat, mangsa suweya sasakti. ☺

19

Yata munting Jamparing, lumaksana sawisiking Yangnini, ing Batagonggang angulun, watara satus dina, wus uninga pancing surupe Yangwiku, Beruk jimate Mongkara, pan gawa minggal tumuli. ☺

20

Katur ingarsaning Ingdhang awan, Munting Jamparing angadhepi, maring panusuling musuh, yata kang bala Mongkara, gumarudug anusul …. ipun, ….. padha soroh ambek pejah, wong … angladosi. ☺

21

Ramya ingkang pancaraga, papaning bala mapan saolih-olih, bala Pajajaran kondur, sinerong ing amukan, wadya maju Badhak Lolopak alaju, bala Mongkara kokalan, kondur dening Badhak muring. ☺

22

Raja Mongkara naraji, Badhak Lolopak sampun kawalik-walik, satengah pejah dhen pupuh, Munting Jamparing lawan, lami rowang anyekep marang sang ratu, Raja Mongkara sira, pan Silepe saking wingking. ☺

23

Dug Munting Jamparing, pan satengah pejah den wali-walik, tan adangu Indhang Gunung, saka tiyang amba ...., ... jejel paring pitulung, andhawuhi kang udhan krama, Raja Mongkara mudhidhing. ☺

24

Angeles lumpuh entro raga, wus andhepok ing sihi tanpa sakti, yata prasami rinebut, ing bala Pajajaran, Raja Mongkara dhen asandhangi dhata tangsul, kasri ing babadhanira, miring Prabu Pakuaji. ☺

PUPUH III

S I N O M

01

Iya iku purwanira, Lalopak lawan Jamparing, Sinungan lenggah arya, Ki Arya Munting Jamparing, lan Arya Badhak Lolopak, pan iku karananipun, olih gaweyan manca nagari, Raja Mongkara sampun angangya sewaka.♥

02

Aturing kang para … kawitan, dhumateng purba nagari, Pakuwan … Ciyungwanara, Ratu Agung Sundha sakti, ingapingan jeng nini, lintang saka tipun niku, timbul salir wirasa, sastra Sundha kartajani, sastra selawe gumelar ya ing Pasundhan. ♥

03

Lan rarasaning manusa, gawe ewag saking Jawi, ngamperi rarasan sabrang, basa Sundha kang panuji, mangkana arsa aji, Kanjeng sapta loka, iku ingkang sawiji, Kutha Manggung Kutha Raja kutha Gara. ♥

04

Kutha Larang kutha Jampang, kutha Idhang apa maning, kali prakwise nama, gara tengah gara jati, gara … gara wangi, gara aji gara pagu, gara jaya kang …, … tigang prakawise nami, Sundha sari Sundha lengdha Sundha larang. ♥

05

Sundhawestu Sundhasana, Sundhalayang Sundhajahi, lawan prakawise nama, Ujungkulan Ujungbumi, Ujungkembang Ujungsemi, Ujungtana Ujungbarung, lawan Ujungkandhi, lan gangsal prakawise, Bantalwaru Bantalwire Bantarjaya. ♥

06

Bantarwangi Bantarpanji, Bantaraung Bantarjati, nem prakarane ingaran, Raja Galuh Raja Cingcing, Raja Jawa lan malih, Raja Larang Raja Dhanu, Raja Kowek kalawan, Raja Wetan miwah malih, pitung prakawis anama medhang kamulan. ♥

07

Medhangdhatar Medhangpala, Medhangrasa Medhangterik, lawan Medhangkawiraja, Medhangko … sajati, sapta loka wus dadi, gumelar rajaning ratu, Sundha Amalatra, Ciyungwanara pakolih, garwa padmi saking Gembong arah wetan. ♥

08

Kang kasebut ing paparab, kang nama rara Cunggilis, kang pinangka prameswara, ing Pajajaran sang aji, ing wuri-wuri jati, ing kadhaton dhalem agung, ratu Cunggilis krama, Ciyungwanara wus mijil, putra estri kang paparab ing arja. ♥

09

Putri Purbasari mulya, ing pura Sundha negari, pinutri-putri ing nata, ingadhang agung ing aji, karaname narpati, … putra jalu, amung ika wanodya, … jayeng aji, dumadiya turun saluraning raja. ♥

10

Putrining Ciyungwanara, ika putri Purbasari, komalaning dhalem pura, Sundha ora nana maning, dupi garwa sembar ayu, putri saking Bangbayang, sang korone becik-becik, nami Dewi Tingtrim wawanginira. ♥

11

Lan Dewi Markeseh kembaran, Martingtrim ingkang yumani, iku kang Pajajaran, Markeseh ingkang yumanibini aji ing puri, Pajajaran kaliyipun, kagarwa dhening nata, nanging boya amiyosi, sakaliye ing gigabug tan aputra. ♥

12

Mila … Banghayang, sanget kaul-kaul mambri, … kagungan waya, kang miyos saking narpati, prandene … yakeni, esi tan kena tinedhu, akathah ajar bramana, kang jinalukan jajampi, parandene oranana siji laksana. ♥

13

Martingtrim Merkedheng lunta, gabuk ora amutrani, nuli sang Ciyungwanara, ngalap garwa malih milih, ingkang tedhak sisiwi, dreman ing sabronjotipun, wonten malih kang putra, menak Cicilutung gelis, kang kekasih iku Jeng Dewi Anjatan. ♥

14

Ing Pakuwan pinakrama, wus angapti maha dewi, dinama-nama ing marma, parandene tan mutrani, gabug salami-lami, usada … wus tepung, tan ana leksanannya, sang Prabu …, agagarwa saking bebeting Bramana. ♥

15

Putri saking Kandhanglarang, sinedhepira dumadi, katur ing nata Pakuwan, nami Dewi Kilikmangi, ginawa ing sang aji, mapan mangkana agabug, datan miyos putra, jajampi sing ngenda-endi, ora nana ingkang darbe laksana. ♥

16

Lir ta selirnya marapag, langkung kawandasa sasi, ingkang ngadining-ngadenan, rinegep sari ngumining, iya orana siji, ingkang amiyos sinunu, gawok kasri nalendra, dening mung kalethek siji, Purbasari wadon kang winadhang-wadhang. ♥

17

Saluraning Pajajaran, mila saderenge lalis, sang Prabu Ciyungwanara, krajahan dhen palipur, saparoning pribadi, saparo ing sunu ayu, … kang upacara, cathik-cathik raja peni, sapaliye Purbasari kang ngagem. ♥

18

Dugi maring pabarisan, sapalih ngapti ing siwi, Bawatbenggi sari Manglar, Bawatciyung Naga Sakti, judhipatnantang weri, judhialiman sang dhekur, suradhadhu sarabang, kereronce kereampit, dhadakpulur wigalba wiragalba. ♥

19

Purbasari lan kang rama, kadi kembaran narpati, supaya wadon lan lanang, ajumbula moning angaksi, dereng karsa alaki,yen tinaros banget lumuh, tan kenging dipun purba, dening karsaning narpati, para ratu kang karsa … lesan. ♥

20

Pirang-pirang kang sewaka, ambaka … pikulih, kang arsa sewa panglami, nanging datan den pidhuli, akeh kalesan balik, ana baliking dhalanggung, sing sabrang saking Jawa, kang akarsa samya balik, padha mundur mulak ora tinampanan. ♥

21

Ajaja sipating jalna, sedhengane dewa aji, padha mengga ing ngalama, kapepes ing tan kaconggi, ingkang mara-mara balik, ingkang mara-mara kondur, Prabu Ciyungwanara, rada melang-melang kapti, bok sang putri kencok aning mamala. ♥

PUPUH IV

K I N A N T H I

01

Sagung papalisanipun, saking kang rama narpati, kang ingarsane si rara, pan mangkana wangun mali, sapta loka pari mina, ing ngarsane sang Dewi. ☺

02

Saprakara kang sinebut, Budiwati Budiminging, Budirujit … Budi …, Budisari Budigolis, Budipandhang miwah ika, rong prakara ingkang nami. ☺

03

Luwilaja Luwilidhung, Luwiseeng Luwimundhing, Luwiladha Luwidhingding, telung prakarane nama, Sokapura Kokaaji. ☺

04

Sokapolang Sokaratu, sokawiyana lan malih, Sokamanah miwah ika, Sokanegara apa maning, patang prakarane kang nama, Kawungluwih Kawungaji. ☺

05

Kawunglarang malih ipun, Kawunginten Kawungsari, Kawunggehe Kawungomas, limang prakarane kang nami, padhapenah padha bongor, padhamatang lawan.....☺

06

Padhamuhi padhamadhung, padhareka padhamuraging, nem prakarane kang nama, Sabdanawa Sabdasari, sabdamenyat Sabdawangi. ☺

07

Sabdalarang malihipun, pitung prakarane kang nami, Sindhangkempeng Sindhangbarang, sindhangayu Sindhangaji, Sindhangwangi Sindhangpala, miwah ingkang Sindhangkasih. ☺

08

Sampun ing kadya puniku, kng simaan rama aji, dupu rangga kapatihan, dumateng putri Pakuwan, Jeng saputri Purbasari. ☺

09

Dupi ingkang rama prabu, Ciyungwanara ingabdi, dening Arya Mangunkentra, Karapu Yudanegari, ing sapandum-pandum nira, Mangunkentra rada ….☺

10

Rang-urange pandumipun, Menak Mangun … praniti, raja Galuh lan Talaga, Kuningan lan Sindhangkasih, Ciamis lan Sokapura, Panjalu muwakawali, pusaka kawuri-wuri. ☺

11

Cikaso lawan Luragung, Makber lan Cipamali, Lebakwangi lan Cikuwang, sapure kang katiti, Cigugur lawan Cirayap, Cionje lawan Ciori. ☺

12

Cikendheng lan juga Cigintung, Cibarangbang Cipaburi, Cikandhang Cicaridhangan, Ciakarwangi katiti, salwe princi kawilang, Menakwacacayan istri.

13

Purbasari kang amengku, la iku dadi laluri, teka ing satedhak-tedhak, lamun pajajahan istri, iku sun dak sigar wetan, prawatesanipun kali. ☺

14

Bayabang kali Cilutung, mangetan jajahan istri, Menak Pakuwan ingaran, pusaka kawuri-wuri, dupi sing kalih bayabang, mengulon iku kang dadi. ☺

15

Pasawahan ramanipun, Ciyungwanara apa maning, Menak Pacacahan lanang, laluri ugi salami, kang nama Menak Pradhangan, sigar kulon sun dapuri. ☺

16

Pon salawe princi umtul, Ujungkulon apa maning, Bogor lawan Kanjapura, Kadangladhang Pasiraji, Cianjur Kujang Limbangan, Sumur Bandung Sunedang aji. ☺

17

Manonjaya Garut Ciaur, Batuwalang lan Biribis, Sawung … Gantilah Munoro, Tegaluwar apa maning, Cikokok lan Nungkalaya, Sokowiyana lan malih. ☺

18

Wanabaya Cibalagung, ukurlantara Juangin, salawe princi kawilangan, ing pajajahan angabdi, wengkuning Arya magentra, ing ngarsa Sri Pakuaji. ☺

19

Wus kukuh kang bala ratu, jajahan Sundha nagari, sang Prabu Ciyungwabara, kang angresa hawa aji, karata gampang pangulatan, kang sarwa tinandur dadi. ☺

20

Sakalir karsa kadulur, agung kacipta dumadi, nuli ika garwa lima, jeng pawestri Cunggelis, maringtrim Merkedheh mewah, Anjatan lan Giliwengi.

21

Sami sinunut cangkohipun, mangkana kang prameswar sinung cacapagunungan, gunung Ga Gunung Licin, gunung dhukut gunungsira, gunung Lajer gunung Kelir. ☺

22

Kapituning gunung wupu, Parakatan pawestri, dhupi iku aneng ana, sinung pobojongan menggih, Bojonggaluh Bojonglapang, Bojongnerwasa Bojongleppit. ☺

23

Bojongmuntas Bojongwindu, Bojongrentan ingkang dadi, Parekatan iku Sundha, dhupi sang jeng bini aji, sinung sasapetegalan, Tegalkolot Tegalpakaji.

24

Tegalmenak Tegalbaput, Tegalgubug Tegalkunyit, Tegalmoto ingkang dadya, Parekatan bini aji, dupi maha Dewi Sundha, kang sinung sasapan indhi. ☺

25

Paindhon kang winalungun. Indhupari Indhuaji, Indhujanten Indhugirang, Indhuraga Indhusari, Kapitune Inddhujaya, Paraketan nini aji. ☺

26

Dupi ingkang Dewi matur, sinung palebak kalepti, Lebakcenang Lebakcehang, Lebakpanjang Lebakwangi, Lebaksidhu Lebaklenggar, Leblaklawang wus dumadi. ☺

27

Sawawasa prati umbul, ora selang surup apti, iku rerekan Pakuwan, bedha lawan Majapahit, golong sapurba sasmaya, dhupi Pakuwan Marinci. ☺

28

Temah dedeake Ratu, ing Pakuwan ikut yakti, prasasat den prenca-prenca, kamukten den bagi-bagi, mangkana adat Pakuwan, kang kanggo salami-lami.

29

Mula akeh menak umbul, ingkang satta sabumi, mila-mila kawisesan, angreka sabagi-bagi, waneh kang campur wong sabrang, anggelar enak ing urip. ☺

30

Padha among sanak sambung, kinalilan purba bumi, waneh ingkang leletana, kasilane den remani, dening kang padha anyewa, maring bumi ming narpati.

31

Sewa aning paken agung, pamule pegantang salir, ingkang mawa tatakeran, pamajeganing pangumping, anut maring kasabpolah, tukang maring pajeg trasi.


PUPUH V

ASMARANDANA

01

Ki Lurah Rawaprasmi, pamajegane gugubar, iku Ratu kang dheres, pamajeganipun gula, Ki Lurah gurupadha, pagantang pajeganipun, mangkana kang lurah wana.☼

02

Ateka yu kang lumari, kang sabandar pajeg ira, kekendhangan kang isine, lelemes buwatan sabrang, ingkang lumampah ing Sundha, kethang prunggu kang sinundhuk, ing tatali karompyangan. ☼

03

Bolong-bolong kaya dhuwit, bendher den cap sastra Sundha, kus jembar kahuripane, sawah tan mawi lalanjan, mung den wis panepadha, atur catur baktinipun, wus dadi anak Pakuwan. ☼

04

Palawijaning wong cilik, den elus sakamya-kamya, ora nana pajegane, sailing-elinge padha, babakti ing majikan, yen wis padha ngundhuh-undhuh, tangu gegel ing majikan. ☼

05

Warnanen sang Pakuaji, ing salamine amurba, ing Pajajaran tuwuhe, kewuhan dening kapadha, akarsa ing sang rara, Purbasari naminipun, mingkung dhatan arsa krama. ☼

06

Wanti naros ingkang yudi, ature wau kang putra, tan arsa akrama ingong, sanadyan para nalendra, kang karsa dhateng kula, besane lamon kinuwu, pinardhi ingwang tuwa. ☼

07

Kaul alukan mati, sumadi isun akrama, iku kang dadi pegele, manahe Ciyungwanara, re kang putra samana, tatambah wus mider tepung, ora nana kang tumama. ☼

08

Wus pirang-pirang pamuji, wiwiku lan ajar-ajar, ponora tumama kabeh, japa mantra lan istiar, ora nana kang misata, sang nata sanget gegetun, tumon adate kang putra. ☼

09

Kalangkung bebek ing pikir, reiku kang kinudhang, winadhang-wadhang wiyose, turunanira drapona, marna bangsa raja, dhupi iku teka mingkung, tan ana turun tedhakan. ☼

10

Du uwis amung sawiji, wadon tumuli mangkana, tan kena den palar mangke, turunan lantaran krana, dupi den lumuh krama, temah puthes anak putu, kang dadi bebeging manah. ☼

11

Ratu Sabrang Ratu Jawi, kang asresewa panglamar, iku dhipati Manglewat, saking anagara Tuban, lawan Dhipati Japara, lawan Dhipati Cidah, lawan Arya Balangbangan.

12

Saking sabrang Raja Kelir, lan Dhipati Singgapura, lan Arya Dhagdhagase, suradil pan titah raja, sakabeh ika padha, anggondhel prakara iku, ing Prabu Ciyungwanara. ☼

13

Ruru bae anggonturi, wus loba tanpa wilangan, mila sanget kewuhane, enggone nari kang putra, dhadhak sakala ika, Purbasari inggal mangun, tumanga geni sakala. ☼

14

Ageng ilur sundhul ing langit, marakbak kagila-gila, lir baronggong beledhoge, wuku pring apilar wangwa, Purbasari dhuk sabda amit pejah rama prabu, den kula pinardi krama. ☼

15

Alum kula anglabuhi tumangan geni sakala, jasad kawula sanggine, tumpes aja katingalan, ing kadang ing ngakin, den nama kumudu-kudu, kawula sumangga pejah. ☼

16

Sumandika umalaki, kaprawasa dening priya, tan kangkat to nandhang, wirang nekaringgit ing jasad kula, kang dados sakiting manah, ajur kula dados awu, sama dening kula wirang. ☼

17

Jaler punika kamangi, sasada susut den wis waya, way kalereng anggepok, den sampun gepok ing rasa, mundure tut sausap, atemah boten mambu, boten memper dhateng rasa. ☼

18

Rasa kang sampun binukti, istri kang kabobongganan, mila kula angedados, purnapa awu sahana, sang Prabu Ciyungwanara, angandika aja babu, nini labuh geni sira. ☼

19

Lan aki sumamung aji, mung sira tan ana liyan, kang dadi ati ewuhe, sipat matane si rama, mongsa pira gesang, sanadyan nama sihing rupa, anak putu den arampak. ☼

20

Babarayan ngadek aji, ing kamukten padha uman, padha bareng mukti kabeh, lan anak putu den rampak, ingson kang urip dawa, anunggoni anak putu, sing purwa teka daksina. ☼

21

Mangkana prangregep mami, Dewi Purbasari girang, mintuhu sakadikane, kang rama kadi mangkana, nanging ika tumangan, tan asung pinancas parum, masih munjuk kang dahana. ☼

22

Den pinaksa alaki, sejane labuh dahana, mila tumangan masihe, kang geni gupak cawisan, Den Purbasari medho, wawadine kayak iku, ora jamak lan manusa.

23

Sang Ciyungwanara aji, sak akal budi pandaya, amangsuli kang anggondhel, raja-raja atas sabrang, maredheng … maksa, jamak istri asasdhu, tinari laki popoyan. ☼

24

Mangsa wontena pawestri, tinaros mangsuli iya, utawi kaluncurane, sesaengek jamak wanudya, tan nilapaken rama, den jeng rama sampun asung, sang putri juwala purap. ☼

25

Ciyungwanara mangsuli, den kula pundhi kentasa, mangke kang dados parenge, kang suka punika rara, den sampun bubudayan, karanten dan mangke tulus, dados awu lelebaran. ☼

26

Ika iki kangngangking, kawula kelangan anak, prandene den anakake, tan kaya dening dadaman, amung siji anak kula, nuli ika temahan lampus, karinggi awak kawula. ☼

27

Raja sabrang mangkeya angling, sak lilaha ing jeng rama, aweyos geni jatine, tumangan kita pri pejah, rumuhun kita lanat, sasampuning geni urut, kita sami medhek sowan. ☼

28

Ling sang Putri Purbasari, andhadhanr untunging awak, sing ngakenggep ing babajane, kang boten kanggep sanjata, ing cilakane awak, tapi punika satuhu, boten dados pana sarana. ☼

29

Panuhun raja tas angin, kasabrangan pan sadaya, maketen ugi ciptane, memanten dados ing karsa, raja rama Ciyungwanara, dipun jemba ing pamuhung, ing songonging kasabrangan. ☼

30

Bilih boten angrakepti, ing adat tabidat Sundha, nanging putra sabrang kabeh, rempage kadi mangkana, munggi kang rama lila, saduka-duka kasuhun, anuhuning palamarta. ☼

PUPUH VI

MIJIL

01

Ya Prabu Ciyungwanara mangsuli, boten wonten roro, ya tetelu aturku sajatine, gih punapa karsa putra aji, kawula dhuluri, sok dadiya arju.®

02

Sampun nelangsa ing salasa tunggil, punika kang dados, panedha kula ing sadayane, para putra sing ngatas angin, pan rama ing uni, dhateng saenipun.

03

Kula tempuhaken lawan nalisip, bilih putra mangko, nuntenweleh geni boten moset, karanane punika kang geni, dede geni pranti, sampun kadhalangsu. ®

04

Heran kula ika geni, tan wonten sosolot, manther angger tan ana surude, kula dhugi wonten nyurupi, adhining asakti, kaduk mahinggurut. ®

05

Raja-raja sabrang aturnya aris, gih cobi kemawon, geni lawan toya musuhe, kang atos inggih dipun linggis, mangkana kang inggil, dipun sengget runtuh. ®

06

Ingkang letak dadi pujajagi, kang suker tinatas entong, lagi laut kang jro jembare, kenging ugi den silulupi, lan dipun langeni, kalawan parahu. ®

07

Punika malih wernine kang geni, gampile kang mangko, Prabu Ciyungwanara sahure, la inggih sakarsane sami, kahula kang nguning, dhateng saenipun. ®

08

Ya ta raja sabrang ting padhigdhing, reka-reka gatos, ting surakata ing sahakale kabeh, gawe pongpa kang anemburwarih, wane gobakwari, sisrate mancur.

09

Ana gawe banyu janantrawis, warna-warna katon, banyu pecut kang munjuk mancure, akal sabrang ing sabagi-bagi, ana gawe banjir, bumi metu banyu. ®

10

Sigegen ingkang sabagi-bagi, kocapan sang katong, ya sang prabu Ciyungwanara jatine, kawalahan anglaladeni, maring kang ngamambri, dhateng putrinipun. ®

11

Sya kathah kang para bupati, kang sadya patakon, kang anglamar tiban sampire, ruru bae wus anjaladri, pangumbuk-umbaking, rurubahing ratu. ®

12

Ing alun-alun wus dadi ukir, kang murut mrangmong-mong, ya sang Prabu dereng nampani karsane, dening ewuhe putraneki, lumuhe tan apti, ewu mana para ratu. ®

13

Kang wus sewaka kulina ngasi-asih, ing praja gung kono, ratu papat iku rurubahe, Palimanan kalawan Junti, Ujungtanah malih, lawan Kandhanghaur. ®

14

Sakapate anjum aminta kasih, lan putri ajodho, dhalem Palimanan wau sewakane, sayajenggi lawen manggi kardi, den panjer dumadi, buta geng asiyung. ®

15

Parandene ing putri den tampik, enggo apa thongsot, buta ngengenggo apa gawene, aneng kene anjejemberi, gewe ingkang tewi, lan gawe tahinipun. ®

16

Dalem Ujungtanah kang panggapti, maring putri kono, Sadhajenggi matur kasaktene, la den nemu gawe ika nuli, den panjer dumadi, musuh datan weruh. ®

17

Dasa rupa merat sampurna lalais, la ika duk pahor, ya prandene tan kanggep sawakane, dedenira jeng putri anampik, enggo apa sakti, kaya kuwi niku. ®

18

Merat-merat apadu menesi, esak-esak katon lawan katon, la saka sanake, ora papa mungguhing mami, sakti kaya bellis, anyiluman kidul. ®

19

Dalem Munti ingkang pangupami, dateng putri kono, kang walira katimaha gawene, la den karsa lulumbaning tasik, binuwang dumadi, buhaya tan untung. ®

20

Jajar-jajar kaya gethek ramping, atur karsa kang akon, parandene tan kanggep sewakane, ing putri den tampik malih, enggo apa sakti, bubuhayaniku. ®

21

Gigilani mungguh ingsun iki, ora rerengkono, endah rama malih prahuake, anganti kang buhaya jiji, ora sudi mami, ingkang kaya iku. ®

22

Dalem Kandhanghaur kang pangapti, rasukan kang poleng, kang ulese loreng lir kulite, wohing lir kulite, wohing rarawe lir wulu kucing, saktine den manggih, gawewan rinusak.

23

Nuli katon macan ageng wingit, nangkono den panor, parandene tan kanggep sewakane, dening putri tinampik malih, enggo maning, baju kaya ikut. ®

24

Dadi macan apa gunaneki, esak-esak ewong, nuli dadi dato sanepane, ina temen mungguhing mami, jalma nyarupaning, maun padha iku. ®

25

Ora layak temen mungguhing mami, sakti kang samono, ya ta atur-atur balik kabeh, datan ana kang kanggeping putri, Purbasari apik, nanging kersane sang Prabu. ®

26

Ciyungwanara mgadheg pangabekti, sanadyan tan kanggo, tan kaserep ing putri karsane, iya Endah Kitarawati, jingika kasaktin, bok menawa besuk. ®

27

Ana gunane ing sawuri-wuri, ngulatana ayo, dupi iki yawis teka dhewek, amung kita darma ngopeni, simpenen kepati, rang-urange gupuh. ®

28

Gemenana ing kawan prakawis, ing gedhong kilempong, gadha dalem pakuncen kang gedhe, pramilane Pakuwan darbe asakti, ingkang kawan warni, iya saking iku. ®

29

Saprakara Pajajaran bangkit, nyipta buta ijo, iya saking Palimanan asale, rong prakara ing Pakuwan bangkit, ora katon dening, pambereging musuh. ®

30

Kadi merad sapadhaning lalis, sada kang den enggo, den panjer dadi ing wiyange, Pangroban ya sakti saking, Ujungtanah pasthi, ning mongkara windhu. ®

31

Telung prakara Pakuwan bangkit, cipta buhayangon, saking Juntu tudu pinangkane, patang prakara ya bisa dari, macan cipta saking, dalem Kandhanghaur. ®

PUPUH VII

M E G A T R U H

01

Kawarnae ingkang padha sungguh-sungguh, sadaya pangngabakti, warnanen ika sang prabu, sabrang amateni geni, sareka budine entong.©

02

Banyu singsor sing dhuwur padha maribu, rebut dhingin den dhingini, duga kaya udan ribut amalabar ingkang banjir, sing lor sing kidul sing kulon. ©

03

Saking wetan campuhe wau kang banyu, prandene tanmigateni, geni manjer tanpa surud, urube angger tan gigis, gumuruh sorak bala wong. ©

04

Ladalah rekaning wong sabrang gathul, prandene pating padhig-dhig, angraba kena ing banyu, banyune cabar cawiri, ratu sabrang nyata wadon. ©

05

Ora pira budine pating dharug-dhug, tan bisa meteni geni, prandene kadhuk asanggup, sumagar ngarepi putri, iku dumehne wong wadhon. ©

06

Kaparimen yen wis geni ora purum, iku geni ngisin-isin, wong Pajajaran gumentur, surake kang para aji, raja sabrang kaliwat ing sor. ©

07

Saya santek geni tinuruwan banyu, kaduga pitung bengi, tan ana endhaning banyu, naging tan bisa mateni, maring genining manon. ©

08

Manonjaya pawestri jeng Listupaku, dangu-dangu ika warih, dadi wedang mulak metu, gawok para narpati, budi rekane wus pokok. ©

09

Kawirangan dadi sira padha ngandhu, prasami apikir-pikir, iya bener ing sang prabu, Ciyungwanara duk angling, ora yamane ya ewong. ©

10

Purbasari genine patut den iku, iya ana kang nyumurupi, gelare ya kaya iku, ora mati dening warih, la iki intening wadon. ©

11

Duk angandut nuli ana ingkang laju, kang anglosot anganjerki, niyat sami tur garumbyung, seja amateni geni, saha kala akalengkono. ©

12

Dalem iban Palimanan lanunipun, anyangking sadanya jenggi, dadi buta sada iku, prakasa raksasa gasik, munggah ing gunung den enggo. ©

13

Angurugi geni wus jumegur-jegur, nanging ora dadi mati, mundhak dadi urub-urub, lema dadi wangwa geni, muwuhi gedhene katon. ©

14

Ya muwuhi gedhene ing urubipun, buta ilang tan nguwali, atemah geni dhuwur, dhumadi ana gumanti, dalem junti denya norong. ©

15

Lan walira katimaha buhaya muncul kapethakan ngebyuki, padha anyunguri urub, wangwa ambles geni masih, buhaya musnah kalowos. ©

16

Gene pager ora nan sudanipun, jer si geni den surupi, dening rara panas nenggu, dewaji dhemit, Sunan Tambalayung Kolot. ©

17

Nuli ana gumantine kang lumaju, dalem Kandhanghaur sakti, macane kang di adhu, sigra angrehai geni, lelewane galak katon. ©

18

La yen nyenggreng ing geni adadi parum, ora kaya urip maning, yen den senggreng pesparum, ora suwe jebul maning, mangkana layan mangkono. ©

19

Mati urip mati urip urubipun, suwe-suwe urip jati, macan sirna geni murub, kalesan kangarah pati, ning geni lawan gumantos. ©

20

Dalem Ujungtanah anyangking sadha dipun den sabetaken tumuli, maring geni lawan parum, yen den sabet pes mati, tan suwe jebul kemawon. ©

21

Datan mendha mati maning jebul murub, kalesan kang mikarani, dening geni delap timbul, kawirangan para aji, dening welehing wigatos. ©

22

Wusing kadi mangkana welehing ratu, egare sang Purbasari, kadya kaduk wuwusipun, payu ayonana iki, putri Sundha kang wulangon. ©

23

Aja wonge genine panika punjul, singa-singa kang sakti, bisa mepes geni isun, pasthine sun aku laki, la iku sembaran ingon. ©

24

Iya iku kang dadi nereging laku, ratu salawe prasami, miyarsa sembara ratu, dadi padha minangkani, anglabuhi sembara wong. ©

25

Ratu salawe nagara la iya ku, satriya sanusantawis, padha karsa tegal lan ratu, saking awu-awu langit, Manggadapura agatos. ©

26

Mangka dipati Surawangga malihipun, para mantri lawan malih, gembong Pasuruwan agung, rujitmanlawe lan malih, malapati ing kadhaton. ©

27

Bongdaraji manggala sarebo jagung, sasra yuga dasa pati, bimakkendra gili uri, carat sewu sumarongbong. ©

28

Tobasruyungan sarayaksa kendha layu, pangulawat sampun sami, agunem-gunem anglabu, seja amateni geni, geni apetaka den go. ©

29

Kang den enggo sayembara atiku kuwung, geni adhune warih, gampang adat kang kalaku, sewanehe amangsuli, mangsa kilapa kang ngenggo. ©

30

Pati-pati den sembaraaken ikut, saking ora paranti, geni tan mati neng banyu, wawartose angabati, dening banyu datan kawon. ©

31

Pramilane cacak coba samya rawuh, alagelar dening yakti, kita padha dhulu-dhulu, tan kawagang ing ginisi, sinten kang bagja kemawon. ©

PUPUH VIII

DURMA

01

Ya tawiyang ratu salawe nagara, Mingsun dhahang ngayoni, ing geni sakala, apara ratu wira sakti, anyipta awan deres kagiri-giri.

02

Ilen-ilen banjir bena amalabar, dupi ika kang geni, amsih ngenak-enak, pon masih kaya saban, gawoke para narpati, ana kang cipta, topan kagiri-giri.

03

Tampek geni iku ora kara-kara, dhatan dhoyong samendhing, urube tan obah, kabenan dening topan, masih ngayeg ingkang geni, ana kang nyipta gelap namber ing geni.

04

Parandene geni tan kage tan obah, angger urubing geni, heran kang tuminggal, lan geni apa baya, guru gelap tan mateni, waneh kang yipta udan kalalar wedhi.

05

Angebyuki ing geni tan kara-kara, kaurungan ing wedhi, ora dadi apa, suraking bala Sundha, ningali ungguling api, para sang nata, kang sami hebat ningali.

06

Karsa waneh ana ratu nrajang lan pana, deni dipun panahi,lan sabalanira, padha angrobi pana, ya ora nana ngudhili, kang geni waluya, kaya saban duk lagi.

07

Ana ingkang maju sabalanira, geni dipun bedhili, sawancining sanjata, sadaya awurahan, prandene geni tan mati, sangsaya mundhak, gedhene ingkang geni.

08

Waneh ingkang para ratu lajune rampak sabalane ngebyuki, kalawan kabalang, watu kang sakalapa, kang sapendhil sakalenthing, dengo ambalang, maring urubin geni.

09

Ora nana bisa ingkang matenana, ing geni apa maning, raja-raja ingkang, sabalane arampak, sikep bandring-abandringi, agni sakala, pan angger tan mati.

10

Kang saweneh ana ratu kang narajang, geni dipun pendhangi, ya ora karasa, wus entong kang tanaga, waneh ingkang anyudhuki, maring dahana, ana ingkang numbaki.

11

Nonohogi wis sabagi-bagi tingkah, tan nana miyatani, geni masih lunta, urube kaya saban, surake wong Pakuaji, lawan nyata, para ratu tan sakti.

12

Datan ana gunane mipis dahana, prandakane kumaki, dipun wasa-wasa, panyanane la apa, den arani kaya geni, kang saban-saban, iki geni dhudhu geni.

13

Dewi Purbasari langkung bungah, ngrasa kagungan asri, pangameng-amengan, tur ta laya tuwana, saestu kang pasang giri, kocak kang jagad, putri Sundha asakti.

14

Pan sinegeg kang pasang giri punika, kocap ratu sadhasaring, Sanghyang talaga, yang tala kaherang, tedhak Prabu Galuh dhingin, wau kang nama, Sanghyang Bulusputih.

15

Kang ayoga Sanghyang Panggungkancane, adarbe siwi panendhi, iku kang anama, Sanghyang Maharaja, Lutungkasarung asakti, ana guneman, sajane angaoni.

16

Genem kalih sodara wedhi kang nana, Sanghyang Ngacihiki, awit putraning Sanghyang, Talagamanggung nama, adarbe siwi pandendhi, ingkang anama, Hyang Jakahawa sakti.

17

Sanghyang Talagamanggung duk pangandika, aputra-putra mami, den sira sumeja, Lutungkasarung sira, tangtu sira amakolih, ajodho lawan, maraja Purbasari.

18

Seblakana iku geni tangtu pejah, lawan sasabet iki, si jajaka tawa, iku kang pindah-pindhah, tan kena gagabah, denora acining warih.

19

Banyu pitung windu gawanen nyeblak, kang geni pasang giri, bareng uculena, dhiwone padha mesat, camethi kalawan geni, weruha sira, kang nuksma aneng geni.

20

Iku putra Sunan Tambalayun ika, iku kang anami, Putri Rara Panas, ya Indhang Telubraja, mengko den kaseblak pasthi, mesat aniba, ing Banten prananeki.

21

Saendenge intri alumuha krama, panas bawane benjing, kang singa kadhokan, tan kuwat ing sangsara, besuk mari-mari mandi, den wis kapendhak, lan Jakatawa benjing.

22

Pecut iku tibane ing bumi Selan, besuk tinemu wuri, si Jakatawa, jodho lan Rara Panas, besuk aneng guwa jati, gene panggiya, praciptanen den jati.

23

Pan wus tutug kang pangandika samana, enggalira tumuli, Jakatawa dadya, golethak sampun rupa, cemethi sihaciwara, kena ing sabda, ingkang sayoga mandhi.

24

Layan Lutungkasarung pamit anembah, sarta nyangking cemethi, dinulur ing karsa, dhateng ing Pajajaran, nembah matur ing sang aji, yenara numpak, sayembara raja putri.

25

Prabu Ciyungwanara ngandika liya, kamanyangan den yakti, munggapa kang salah, ing seja sudi malar, kaputren Sundha negari, ambabarena, si bapa kang ningali.

26

Yata oreg kalabandhu Pajajaran, seja nonongton mangkin, ing sagelar ira, kang ngarama rawasa, nyata geni den cemethi, geblas asirna, bareng lawan cemethi.

27

Bareng mesat cemethi lawan dahana, suraking Pakuaji, den ini satriya, olih gawe gadhang dadi, majikan kita, pan ora pindho gaweni.

28

La ya iki nyata tegese wong lanang, ladining sajati, nyata tedhaking nata, wani ing Sundha negari, tangtune ika, mangsa liyana maning.

PUPUH IX

LADRANG

01

Kawarnaa jeng suputri Purbasari, pareng mulat, ing geni mepes wus lalis, dadi mujungbaheng pagulingan.

02

Ya sang Prabu Ciyungwanara sedhep manggihi, maring ika, Lutungkasarung den angling, ya ki mantu ingkang murba sigar wetan.

03

Menak pra kuwu kapurba sira, kang ngimponi, iku cacangkoking putri, pra watesan bangbayang purbaning anak.

04

Sakarepa angolahi ngadeg narpati arimbitan, ki mantu kalawan rabi, Purbasari la iku ing jodhonira.

05

Lutungkasarung ing sembah ira kapundhi, si jeng rama, pati rang-urange gasik, byantarakakaken dhateng ing kawula wadya.

06

Apa kaya adating ngadeg narpati, maha raja, Lutungkasarung muponi, sigar wetan Pajajaran ingkang murba.

07

Menak pra kuwu dupi ingkang ngapti aji, dupi menak, prayangan masih nyungkemi, maring sang prabu sepuh Ciyungwanara.

08

Sang maraja Lutungkasarung winarni, genya ripta, pan nagara anyar dadi, arah wetan pan katelah Pajajaran.

09

Karajaan gumelar punapa kadi, ya para raja, lan jalma ing Pakuaji, wus ora nana paja-pajaning manusa.

10

Ya wus apa dudune mara jabali gene raja, ing Kiskendha duk ing dhingin, ya amangku garwa widadari pelag.

11

Mung siwane Lutungkasarung saiki agagarwa, dereng patut sarasmine, durung becik durung sajejeging akrama.

12

Nanging iku wus sangkep kang bini aji, miwah ingkang, garwa kalingking kang nami, matur dewi marapag selir akatha.

13

Kawandasa sisihing selir kang selir aji, amung iku, prameswari Purbasari, masih elik durung sakastaning krama.

14

Dhudhukune singdhi ora kang nambani ora nana, tatambah kang miyatani, ajar cantrik nusa Jawa pan kalesan.

15

Kalesane ora sanggup anambani prameswara, Purbasari denya elik, maha raja Lutungkasarung asabar.

16

Sabab kapuhung pyambege madeg aji lantarane, saking Dewi Purbasari, ratna iyang jongratna sapa kang gawa.

17

Tan na liyan Lutuingkasarung prayogi putraningkang, panggung kancana asakti, lami-lami sang raja amanggih warta.

18

Ya sang raja Lutung kasarung miyarsa wartyi, pulo lingga, yen ana brahmana sakti, ingkang ana ing lingga ing kasabrangan.

19

Kaya-kaya ika bisa anambani prameswari, namaning brahmana kuwi, kaki brahmana Maniklingga Buwana.

20

Ya ta Prabu Lutungkasarung nimbali patih ira, patih rang-urange pinrih, kang pinutus nabrang maring sang pandhita.

21

Den sawawi ature ajar maniklingga wayang, rawuh aneng Sundha puri, kang sun ajap sun gondhela ingkang usada.

22

Badan tampi rang-urange timbalaning karsa nata, dadya sejanira gasik, sarta Panglima kakalih ingkang binakta.

23

Lalawaran ya iku panglima nami, Ki Lagondhang, kalawan Ki Gumariming, sarta dipun binaktan adhi rurubah.

24

Kang babasan panglalandhep lawan wajani sabaita, isi gula aren jawi, sabaita isi empon-empon jawa.

25

Saparahu isi pucung lan kamiri, boleh Sundha, sapara umaning isi, minyak jarak kalawan minyak kalapa.

26

Minyak kacang miwah saparahune maning kang sasoca, sela weweton sing jawi, lan lelemes sewetweton buwat Sundha.

27

Sigra layar ki patih dhateng jaladri sartanira, parahu pitu lumiring, lalawaran wus teka ing pulo Lingga.

28

Pan wusmedhek ing ngarsane bramana luwih aba saja, den kaputus ing sang aji, ngaturaken pasihan dalem Pakuwan.

29

Pitung prahu kang kaisi warna-warni, gegel nata, dhateng madhigda ing mriki, inggih tuan yen katuran.

30

Angrawuhi dhumateng Sundha negari inggih ara, woten kersane sang aji, ki brahmana Linggabuwana anabda.

31

Sarta gumujeng asuka rena kang ati aturena, puji pangesthi kang jati, ing prakara gegele Sri Pajajaran.

32

Iya ika luwih nuhun nanging kangsi iku barang, pitung prahu gawanen balik, aturena maning ing Sri ing Pakuwan.

33

Aja sumlang ing karsane sri bupati, mapan ingwang, pan wis karsa aji, isun medhek ing Pakuwan.

34

Aja lawan den ruruba iku maning isun seja, tulung usada kang jati, patih rang-urange wus age balika.

35

Patih rang-urange ature ariris bok punapa, sareng ngalempa pribadi, tumindake jengmadigda lan kawula.

36

Ki brahmana sabdane patih ya patih aja kurang, pracaya kang maring mami, data ana kang bramana iku bobad.

PUPUH X

PUCUNG

01

Ya sang patih rang-urange sigra wangsul sabaitanira, sampun abalik sakabeh, lalayaran dumugi ing Pajajaran.

02

Pan wus katur ing ratu Lutungkasarung, karsane madigda, sejanipun medhek dhewek, pun bramana sampun ngartos dhateng karsa.

03

Ya sang raja aris ing pamuwusipun, den estu pramana, tangtu mangsa bobat gedhe, lawan mangsa suwe laku den lalampah.

04

Tangtu jagad pandelenge mung sagandhu, lan mangsa gelema, ing rurubaku prantine, miskin tan ngulati sugiye tan rarawat.

05

Wis becike anti ratuhipun, nanging lamon bobad, padha kita lurugane, kita tumpes ya ika sang bramana lingga.

06

Ya ta lawas bramana pan durung iku rawuhira, ngenten tanpa anten-anten, malah prabu Lutungkasarung wus gawa.

07

Putra saking ikut ika den pilungguh, lanang nama ira, ingkang sarta lulungguhe, Raden Rangga lanwan Mantri Kethebasa.

08

Linggihan ing Bnaten angarta dhatu, terang layan karsa, dipun prabu sepuh mangke, Raden putra inggih ing Bantana warsa.

09

Dupi putra saking bini ajinipun, lanang pinangaran, Raden Mantri Ranggalawe, Jayakarta alinggih ing rat Jakerta.

10

Pon kalawan lilane sang prabu sepuh, sampun gelar tata, karajaan kaprabone, kang angrengga iku saking Pajajaran.

11

Dupi putra saking maha dewinipun, lanang karya parab, Sanghyang Resi Luwiluwe, kang amangku indhahan nang Ujungkulan.

12

Dupi putra ingkang saking dewi matur, lanang kang namane, Sanghyang Sancakrit namane, kang amengku indhahan nang Ujungkaras.

13

Ingkarsane snang prabu Lutungkasarung, aneng Pajajaran, dipun rangkepa patiye, patih jero patih Burbutjalang.

14

Rang-urange kang dadi papatihipun, arja aneng jaba, roro tumenggung anyare, kang anama ki Tumenggung Sanggrarungan.

15

Ki Tumenggung Selangkuyit naminipun, lan roro kang anyar, kademangan ing namane, DemangGogok lempog kalawan kang nama.

16

Demang Bangkong sendhong andeling pamuk, gumelara kata, jirnapura pulung beler, pan samono lawase kang prameswara.

17

Durung becik kelawan Lutungkasarung, nuli tan antara, bramana Lingga rawuhe, maring Sundha wis den mulya-mulya ika.

18

Atur makca pangandikane sang prabu, he paman bramana, manira nedha tulunge, ya kongsiya adhepe nama sang rara.

19

Gone elik wis windon takeran tahun, kaduga manira, barangahan anakake, saking rabi liyan kang metoni anak.

20

Dupi rabi babaku durung sapundhul, iku bebeg ingwang, paman bramana tulunge, idhepena iku paman garwaningwang.

21

Pira bae ing mangko wajaninipun, seja sun pilala, ya duk jurung saragane, sang bramana gumujeng atur sandika.

22

Sampun sumlang bapa prakawis puniku, prakawising garwa, dalem tangtu mangke sae, lan sang prabu nanginging punika sang rara.

23

Mangke sae sacombana lan sang prabu, pun paman tumuta, uninga dhateng raose, tan asusah wajani punapa-punapa.

24

Aleng pundi tan awor sandeng saumur, gagarwa carapa, binandhing combana mangke, uning raose pun paman ginawa kawan.

25

Maharaja Lutungkasarung abendu, tegane ta sira, bramana cora nalosor, dan sang prabu ngunus dhuhung pan tumandhang.

26

Sigra nudhuk bramana ajaja terus, dhumateng walikat, nuntak ludira maleber, pan tinarik kang dhuhung bramana pejah.

27

Ingkang layong angucap tegane ratu, sun dhaku mendrassa, ana wong jaluk nrasane, kang pakenak teka sinung rasa lara.

28

Nyata kumed maraja Lutungkasarung, ya mangsa luntaha, dadi ratu Sundha kene, sabab dening kumet arep bapa garap.

29

Yata prabuLutungkasarung mituhu, sabdane babathang, dadi gumaregeten sewot, kakeyan bacot si bramana camera.

30

Iku padha obomgen babathang iku, sirnaken pisan, ambri aja ababacot, ya tumangen cone dadi awu pisan.

31

Ki patih Brubutjalang tanpa wuruk, narik kang babathang, maring jaba adhan rame, bandhu kula warga agawe tumangan.

32

Tan adangu ingkang geni amurub, kurnapa bramana, wue sirna purna den obong, ora kaya aluse bramana Lingga.

33

Manjing garba garwane Lutungkasarung, sumerep sumanira, sabadhan sedya wa-awor, Lutungkasarung dumadya raga asiyan.

34

Dewi Purbasari sira andulu, maring maha raja, Lutungkasarung warnane, dadi mundhak bagus katone gumawang.

35

Ya sang putri Purbasari remen kalangkung, kena ing asmara, dadi kakatonen bae, maring kakung tan kena pisah sadhela.

36

Praciptane gawok temen atinisun, saiki kena ngapa, guranggame sapatemon, teka sejen pisan lagi mula-mula.

37

Poning mau ewo bae atinisun, luwih sengit pisan, ajaja rep sapatemon, ngrungu bae abane ing ati ewa.

38

Jember bae rupane deleng iku, ing ati mengkarang, mengkorog saking jijithok, dupi iki teka ati kangen semang.

PUPUH XI

KINANTHI

01

Warnanen Lutungkasarung, ningali kang prameswari, teka kapareng kang garwa, mesem manis awe sira, sang raja sigra trangginas, angrungrum ing prameswari.

02

Kang garwa lumados sampun, tumulus adhicombani, tutuging asisiyan, kaya pa adating krami, carema la pitung dina, kaduk sang prameswari.

03

Wus bobot ing wancinipun, kalangkung ing lelesneki, bersih kuning gilang-gilang, Lutungkasarung langkung asih, dhumateng kang prameswara, Purbasari kang pinundhi.

04

Kinundang putra ajalu, sumulura maring mami, dhateng karajaan ingwang, duga nyidham sanga sai, binakta amadhang wulan.

05

Sang prabu Lutungkasarung, angaras-aras kang rayi, kalangkung den kumadana, ing marma tur eman arsi, wau amiyarsa swara, ing sajroning wetengneki.

06

Mangkana pamuwusipun, asang prabu ta sireki, saiki dumama eman, ing isun kalimat lewih, nanging besuk yen wis medal, ingsun males ing sireki.

07

Sira iku aja tambuh, iya sun bra … luwih, kang sira dhingin prajaya, mulane engatna benjing, anak-anak maring ingwang, aja tungkul eman nesip.

08

Pareng semana sang prabu, myarsa swaraaruntik, tan eca guling adhahar, yen kengetan ingkang wngsit, emar lesu les-elesan, kalangkung ing ruhing galih.

09

Malah sedheng babar sampun miyos lanang kang prayayi, la bagus suwarnanira, cayane gumilang bening, tan antara dangunira, kang rama anyandhak aglis.

10

Dhateng jabang bayinipun, dinulang upan mandi, iku jabang ora pejah, tanpa kara-kara nuli, enggal ngunus pedhangira, sinumbele kang prayayi.

11

Prandene tan pasha iku, Purbasari aningali, kang putra dipun prajaya, anjerit lumajeng agasik, karsa ingayun ing rama, prabu Ciyungwanara aji.

12

Umatur ing ramanipun, Lutungkasarung alali, punika mejani putra, nembe siji dipejahi, sang prabu Ciyungwanara, miyarsa aturing siwi.

13

Lumajeng malah ambendhung, maring mantu ingkang lali, sigegen ana ing marga, kocap kang mrajaya siwi, kang putra den wasa-wasa, pon tan kena ing pati.

14

Dadya winadhahan sampun, pethi winuwang tumuli, kali cilutung ya nyata, wis kabekta dhateng warih, ageng santer ilinira, wus sirna kagawa warih.

15

Sareng wis binuwang sampun, arawuh kang rama neki, kalih garwa takon jabang, matur kula birat kali, ing lepen cilutung sirna, sampun kabekta ing warih.

16

Yata prameswari wau, Purbasari nibang siti, kasirep lelohing putra, prabu sepuh ngendika ris, embaning turun ingwang, pon isun binuwang dhingin.

17

Kali iku ing ramanipun, prabu Galuh duk ing dhingin, prandekane iya welas, papasthene jabang bayi, kudu anurut ing eyang, kang gaib luwih ningali.

18

Kawarnaa sira sang ayu, Purbasari sawunguning, sajrone wau kantaka, ana ingkang swara jati, Purbasari aja sira, melang maring anak siji,

19

Kang bunuwang iya iku, si jabang mangsa amati, tangto kena ika dhelap, besuk bias muter nagri, anyuluri bapanira, den pracaya kang murbeng bumi.

20

Sang cinta tan cidra iku, besuk titenana mangkin, sang putrid dadak sakala, dewi Purbasari lilir, egar suka manahira, sampun ngunjung kang ayugi.

21

Angunjung kaliyan kakung, kang mratuwa den unjungi, ing manah wus palipurna, prabu sepuh ngandika ris, he mantu wruha sira, awake kang gadhang niladi.

22

Rama Galuh dun rumuhun, den idhep ing pameradning, karana sabebet kita, ora aliyan panukmaning, alalise iya merad, Lutungkasarung aturnya ris.

23

Sih jati waraha nuhun, pameradan pocapaning, sawadose kula ngalap, ing rama prapona benjing, yen dugi ing ajal kula, boten susah angilari.

24

Angadika prabu sepuh, ki mantu la tampeni, pungpung saiki purnama, kang aji pamerdaning, sabebet kula Santana, ing Galuh ora na liyan maning.

25

Yata prabu Lutungkasarung, enggal sira anampani, mratuwane kang ambabar, ing ilmu pameradaning, ya sang prabu Ciyungwanara, kandikane sira nini.

26

Purbasari nyingkira babu, manjinga ing dalem puri, sebab sira ora pacak, panukmanira lan laki, enggal Purbasari memba, maring dalem Kenya puri.

27

Wus tanpa Lutungkasarung, jati wisik ingkang yugi, ungelling ingkang piwara,onya ing sukma lewi, sukma rasa sukma larang, gumawang tanpa cantelaning.

28

Kadhaton tanpa gon iku, gumilang sarira mami, lenyep ilang dat pes ilang, angles-les angluwar ragi, oranana ing rat jagat, sakabeh-kabeh tan kari.

PUPUH XII

P U C U N G

01

Prabu Lutungkasarung wus tampi wuruk, aji pamedaran, purwa saking mratuwane, awor daging awor getih sumarira.

02

Pan sinegeg caritane yan sang prabu, kawarna ajabar, kang dhingin binuwang mangke, wus rumanjing kayangan kipethes peras.

03

Tukang pethes peres ingkang luluhur, buhaya bangawan ika, sang jabang wus panggih mangke, den openi dening ki Pethesperas.

04

Dipun aken anak jabang bayi ikut, duk umur sawulan, bias rarasan basane, ngerti dening basane, ngerti dening basane wong pathes desa.

05

Jabang bayi kangucap abeluk-beluk, bapa y ailing wang, bapa aranan reki, ingga iyang bapak ikut namaning wang.

06

Kaki Pathes peres nembe tumon rungu, bocah cilik bias, kaya wong tuwa basane, pan tembene mung ta iki anake sapa.

07

Patut iku ana kadadiyanipun, besuk mengku bala, kasungsun arane angger, inggih iyang iku nama wis prayoga.

08

Pan katelah ing desa pethis puniku, anak pupone ki tukang, esaktemening namane, wis koncara inga iyang ingkang nama.

09

Cilik-cilik bias rerasan satuhu, bocah patut kasurupan, dudu bocah salumrahe, patut ikut tuturunan ing kusuma.

10

Ya putute yen selamet urip tuwu, tungtu besuk ika, dadi raja suntangguhe, yakti ika tengeraning andana wirya.

11

Lawas-lawas pareng umur tigang tahun, Lingga hiyang ika, lalayaran pangameng-amenge, paparahon buhaya putih tinungganga.

12

Wong kang paca ningali gawok andalu, mung tai ka apa, bocah apa setan kene, udan angina mudhik milir nunggang buhaya.

13

Nurut bae buhaya sakarsanipun, den parani ika, dening wong nuli gacike, silem ilang yen wis sadina rong dina.

14

Iya nuli ana maning nyata timbul, umreg wong Pakuwon, katular-tular wartane, katur maring sri bupati Pajajaran.

15

Engandika sang prabu Lutungkasarung, warta anak setan, buhaya putih tunggangane, wong ningali padha wedhi sadaya.

16

Ya gustine pareng nabda semana iku, dadi sirep kang warta, wedi bok den salah artos, sisikune ratu ratu mandi salah dadya.

17

kawarnaan ki empu kang namanipun, ki Calancang nama, kaliya ing comas pandhe, lagya ngalenthung miminggira nang walahar.

18

Maring kali Cilutung kapanggih wau, lare ingga iyang, lagi eca paparahon, pan sinawanganing ki empu calangcang.

19

Sira bocah cilik saking endi kacung, neng bengawan priyangga, sapa sira kang ayuga, Lingga iyang mangsuli kula punika.

20

Kula lare tanpa bapa tanpa ibu, lola dhiri kula, kasur bumi mega kemule, kali bangawan kang nusoni dhateng kula.

21

Pun buhaya kanga sung tedha puniku, inggih wasta kula, Lingga iyang ing namine, ki Kalipa andaringeng manah ira.

22

Nembah tumon lare nabda kaya iku, bangkit yen rarasan, patitis ing wicarane, nyata iki tereheng andanawriya.

23

Empun nabda sira sunimponi kacung, padha maring omah ingwang, sun aku anak temene, Linggahiyang teka dumulur ing karsa.

24

Ki Calangcang ngiring wus dumading aku, prapta wismanira, nyi Calangcang girap gawok, dika iki olih saking ngendi bocah.

25

Lawan iku sapa ingkang duwe sunu, winangsulan enggal, manggih pinggir kali gedhe, datan weruh embok bapaneku bocah.

26

Sun takoni wangsulane iya iku, tan duwe bok bapa, kasur bumi mega kemule, welas ati sun ajak mulih maringwang.

27

Nyi Calangcang nabda bok den salah tanggu, dika nemu bocah, den tututi wekasane, dika dadi den tareka nyolong anak.

28

Toli dika ing sang aji ya di ukum, Linggaiyang nabda, dipun pracaya si embok, inggih kula kang tango bala witanya.

29

Banggi bapa kikukum dening sang prabu, kula purun nalang, abentak lawan sang katong, dhasar enggih musuh kahula ing kuna.

30

Ki Calangcang Nyi Calangcang getun-getun, ana bocah bias, rarasan ingkang samono, patut ini dudu bocah samaneya.

31

Iku bocah ana kada dene besuk, Linggaiyang ika, ngaku bapa ngaku embok, maring empu Kalipa langkung minulya.

PUPUH XIII

DHANDHANGGULA

01

Nyi Calangcang sajege angimponi, Linggaiyang ora kakurangan, dumadi kasugiyane, karana lare iku, angrewangi agawe wesi, watu ingkang kinarya, wesi wus brapikul, agaweyan kang tahuna, pan sinambut palastha sadina becik, saktine sang Linggahiyang.

02

Lawas-lawas kirane andugi, Linggaiyang umur rolas warsa, iku teka reremane, angalasan awangun, omah wesi aneng wanadri, aran wana Cikandhang, jar ai wesi nurut, wesi lir lempung kewala, omah wesi nem dina sampun waradin, kukuh kikib agarba.

03

Ki Calangcang Nyi Calangcang angling, mung ta sira kacung gawe omah, wesi ing ngalas genahe, la dingo apa iku, aja patiya sugih wani, embok sisikuning raja, yen iku karungu, dadi apa awak ira, ya si bapa si embok tan wurung dadi, milu kara baraba.

04

Linggahiyang wangsulane aris, bapak embok sampun tan pracaya, dhateng kula ingkal awon, digjabenduning ratu, gisik bapa sampun uning, pun embok tingalana, jogede kang sunu, ingkang aran Linggaiyang, wani mati kendel wani ambelani, angrebut bapa biyang.

05

ora lawas la ika tumuli, Linggaiyang wangun rante tosan, kang adi warna lekere, lemes kadya tatangsul, lan kena dienggoa bebenting, nanging yen digelar dadya, bale rante bagus, nanging lamon lininggiyan, iku bale ora karuwan maning, ya iku dhadhak sakala.

06

Dadi rante anjiret kang linggih, akeh jalma padha kagawokan, kasuhur ing kasaktene, Linggaiyang apunjul, ki Calangcang ta ingucap aris, kacung iku dingo apa gawe bale iku, ya kene ginegem ginelar, dingo apa teka sun maras kang ati, ya wedi maring nata.

07

Ya sang prabu Lutungkasarung linuwih, sapa wruha bok kadengangan, tur ta ora sanyatane, sira katiti luput, tanpa bayanya lampahi, ing siasating nata, tiwas temahipun, jar kasndhung ing arata, yaw is aja ilok gawe tanpa tut dadi, riringganing nagara.

08

Linggaiyang matur boten sanggi, kadengangan ingkang kula ajap, kula ngilari lalangen, ya ra pon dipun siku, marga anglanggar narpati, dhasare ratu Sundha, nunggang tawa musuh, mrajaya bramana Lingga, wong tan dosa mamateni den pateni, ika sang ratu apa.

09

Pan sakedhap ki Calangcang ngarti, nititeni apa iki bocah, anaking bramana reko, dening si namanipun, Linmggaiyang patute iki, seja males puliya, mring bapane mau, buktine kakecap menga, ing basane arep males ing sang aji, sung sengge iya nyataa.

10

Ora suwe Linggaiyang mijil, sarta nggegem arante mandira, mring alun-alun puruge, munggah ing lemah dhuwur, para mantra datan upaksi, Linggaiyang wus ngangkat, anabuh adhenggung, pusakaning Pajajaran, datan kena tinabuh puniki, yen tan pejah nalendra.

11

waktu iku tinabuh den titir, geger samya bala Pajajaran, nyana sang ratu sumered, umreging bala agung, atandha sing enda-endi, pra mantra acingak, waspaos andulu, katingal sanyata bocah, surak ing wong iki bocah saking endi, nakal si gila basa.

12

Iya sira ngajaraken nangkis, ya rinujak ing wong Pajajaran, kadeleng apa si monyet, pan ratu agung ing Paku, alun-alun jembar tur radin, andher ingkang aseba, pancaniti penuh, mung ta sira deleng apa, sudi wani angunggahi siti inggil, bedhul sapa kang mrentah.

13

Nitir ganjur pusakaning aji, kaya cumra si tembe wara, Linggaiyang wangsulane, sira kang selang gumun, ora idhep ing karta jani, pati-pati manira wani-wani ngaku, ya saking waris manira, matanira balolokenn mataning pring, mada dudu ponggawa.

14

Wong Pajajaran surake la iki, wis karuwan bocah iki ala, budine lawan anggkohe, sanyata kethek beruk, sumantana si tai anjing, ngaku waris nalendra, bubuyute

ajur, sawaneh ingkang angucap, aje kakeyan tutur rujak gendhen gelis, mung ta anganti apa.

15

Pajajaran kang bala ngebyuki, gagamane wus padha malesat, pada arontok sakabehe, dadi padha sap maju, nyandhak bocah tan kena kenging, lir nyekel wawadhangan, ibur lir pinusus, akeh kang para ponggawa, kang malesat dening padha densepaki, dening sang Linggaiyang.

16

Saya dangu saya angranohi, ki patih rang-urange kapental, kapental ora menange, sawaneh para sepuh, ingkang padha awangun piker, kaprimen den wis tanggal, iya bocah iku, demene iku bocah, ya kaprimen den wis metu budine ngancil, angluwihi nagara.

17

La yen isun iki sun pikiri, bok iku susupaning bramana, kang dhingin denkaropoke, la iki timbulipun, ora kena saloro ngarti, bokmanawane kuhana, dudu musuh iku, puharane dadi majikan, ya batur dhengawas aja saloro ngarti, den titening talata.

PUPUH XIV

PANGKUR

01

Dupi sang nata miyarsa, geger gumuruh kang anan Jawi, sang prabu Lutungkasarung, sigra amiyos enggal, angliga dhuhung Linggaiyang den suduk, sapisan madhuwa raga, dadi roro den pindhoni.

02

Sinuduk pan dadi papat, pining telu dadi wolu sayakti, pining pat panyudukipun, dadi bocah nembelas, pa wus dadi akeh enggal ngarubut, sang prabu ngebyuki padha, tan bias polah kawingkis.

03

Rinejeng tanpa wisesa, lininggihaken ing rante wesi, Lutungkasarung wus lungguh, ing rante tanpa sesa, aneng bale rinengku ya pinikul, dening lare kanembelas, den babayang den suraki.

04

Basane lare akathah, ya sang prabu Lutungkasarung lali, buang jabang aneng banyu, ing kali cibayabang, prabu Lutungkasarung wansulanipun, iya isun eling pisan, telu kena ing saiki.

05

Iku ing sakarep ira, pan si bapa uwis seja sumingkir, sulurana lungguh isun, yata lare pra samya, surak-surak ing sapanjanging dalam gung, anggotong kang babaleyan, braise kalaras aking.

06

Para ponggawa Pakuwan, gumurudug iku padha tut wingking, sapuruge gustinipun, den bakta maring alas, ing Cikundhang goning omah wesi mau, Lutungkasarung pinarna, wonten ing pagriyan wesi.

07

Wus pinutup tanpa sesa, kedya wong den panjara tan bias mijil, lare nembelas surak kasruh, la ya kita jaya, Prabu Lutungkasarung yata aja tambuh, ya iki pamales ira, bramana Lingga duk wingis.

08

Yata mantra Pajajaran, andaringen ningali pohal-pahil, ing bocah nembelas iku, dening bapa ing laksana, hadan Prabu Lutungkasarung amuwus, he wong Pajajaran sira, den idhep angaku gusti.

09

Ing bocah iku kang nyata, anak isun sing rayi Purbasari, prayoga gaganti isun, dupi manira pejah, mulih maring ajala kasuciyan isun, agadhaton tanpa genah, lawan patinisun benjing.

10

Ana ing dina wekasan, wusing nabda samana adanuli, sang prabu Lutungkasarung, mereh kadya wanara, amengkorog sarta mealakken buntut, mesate ing jomantara, musna ilang tan ing ngaksi.

11

Bale rante bus malesat, tiba bumi mila den arani, Balerante iya iku, wuryataning akuna, wus mangkana lare nembelas pun wau, wus polih dadi sajuga, kadi duk wau tumuli.

12

Kulawarga Pajajaran, padha ngiyung ing Linggaiyang ngapti, samatuke saking ngriku, karsa medhek ingkang eyang, ya sang prabu Ciyungwanara puniku, Purbasari wus ing kana, ing ayunan rama aji.

13

Wus kempal amatepungun, prabu sepuh Ciyungwanara angling, la ta bener ujar isun, sing bangdiwenka apa, Lutungkasarung anuruni rama Galuh, merade saking panjara, anake kang mikarani.

14

Purbasari lan momonga, anakira Linggaiyang iki, kang dhingin dibuwang ngebur, ingbangawan ya ika, saikine sabetahan ya tinemu, katemu maning denira, den becik sira ngopeni.

15

Maring iku anak ira, istrinana dumadiya susuluring, bapane ingkang wus lampus, ya tai ka kang liningan, sami atur sembah sadaya sumuhun, sinauran dening jagad, geter pater ketug muni.

16

Samantuke saking kana, Linggaiyang binakta mantuk dening, Dewi Purbasari agung, wus prapta pura Pakuwan, ing istrenan sampun sira ngadeg ratu, jeneng prabu Linggaiyang, amurba Sundha negari.

17

Ratu anyar Pajajaran, Linggaiyang Sinarojang Bupati, bandhu warga kawula iku, papatihe winastan, Kyai Patih sempokwaja parab ipun, katumenggung Jatipamor sakti.

18

Lan Ki Demang Dhungkabadhag. Ki Ngabehi Kolotbuntut asakti, wong sanak singraja Galuh, lan Ki Dalem Tegaljamang, Sindhangkasih nama dalem Somaluhur, ajujuluk Somahita, sanak medhoke sang aji.

19

Ya sang Prabu linggaiyang, kacarita ora jengjem mengku rabi, sing awadon kang karungrum, ya babar pisan pejah, katarajang Dakar waja landhepipun, kaya keris landhep pisan, amedal pamore mandi.

20

Dadya pirang-pirang garwa, akathah selir kawangking angemasi, kang den wangking angemasi, kang den wangking ingalulut, padha babar pisan pejah, pan sakehing istri sisiriha maju, wedi yen den rabenana, wados ginawa sarasmi.

21

Kapokoh pinaksa-paksa, parandene yen kacebak nuli mati, pramila ika sang prabu, Linggaiyang dumadya. La yen santek esir nora pilih lawuh, kidang manjangan den jamah, mulane nuli nedhaki.

22

Kidang manjangan kang nyangga, ora mati kaduga ana titis, kang tumurunita besuk, kang katelah sesebatan, kang prayayi kang turun kidang pananjung, saking kono ruru ira, taliti turunan aji.

23

Selir kidang lan majangan, besuk ana katela ingkang nami, prayayi kang katurun, ana ingkang kasebat, gih manjangan gumarang sing naminipun, taliti purba wisesa, waris Yang Sundha negari.

PUPUH XV

S I N O M

01

Iya iku kang dumadya tan sakeca ing sang dewi, Purbasari tumon putra, datan jamak lawan jalmi, dadya tandha rabi, Linggaiyang jalma wudhu, tan ana musuhira, ing anguling ing sarasmi, acombana istrine nuli apejah.

02

Mangkana lawan mangkana, nuli ana jati wisik, kang eyang Ciyungwanara, angandika ingkang siwi, pitutur kang sajati, kandikane isun rungu, ki bramana tali atma, ing pulo gunung surandhil, iku duwe anak wadon kang anama.

03

Namane ingkang sinebat, ika Dewi Brajawati, patut den ika dadiya, rabine si Lingga aji, karana Brajawati, bagane wesi atutup, mung ana wara gatra, kasulur tan ana bangkit, marawani saking atose kang baga.

04

Duginipun ora liyan, among Linggaiyang sayakti, sacombana lawan ika, jar padha wesineki, kawagang ing sarasmi, coba ta sungsungen iku, robbana lan panglamar, la iku gawanen rabi, katalihatma mokal tan pasrah.

05

Ya ta prabu Pajajaran, Linggaiyang sampun niti, duta maring kasabrangan, ing pulo gunung surandhil, ponggawa kang den titi, Patih Sempokwaja wau, kalawan katumenggungan, Jatipamor apa maning, ki demang Wukubadhak ingkang sami layer.

06

Ingkang sami kesah ika, Ki Ngabehi Kolotbuntit, sarma bakta palwa sapta, kang isi panglamar aji, ruruba saking Jawi, barang saking Sundha katur, maring bramana ana ing gunung surandhil, tan kawarna layare aneng sagara.

07

Kocapa sadhatengira, ing pulo gunung Surandhil, dhuta raja ing Pakuwan, pinanggih bramana aji, sarta ngesrahken adi, sedhah panglamaring ratu, sang prabu Linggaiyang, karsane aminta krami, Dewi Brajawati kang dinuking karsa.

08

Lamarane wus katampan, denira bramana luwih, ing mana suka arena, sinuba ing Linggi, ingkang pra menak prapti, sukane ingkang nanamu, ki bramana taliatma, kali ira ingkang siwi, Danyang Brajangkawat, wus ana ngayunan.

09

Bramana aris wacana, katur ing sakarsa aji, nayangger Pajajaran, mangke karya angimponi, pecile tiyang dherwis, meng sampun kirang pamuhung, lare istri badhigal, derenguning tata Jawi, nata sundha nayangger mung gamulunga.

10

Lan malih mangke sakedhap, angantos kadange malih, jaler Dangyang Talibarat, jaler Dangyang Parwatali, sebab ika sakalih, ngumbara ing karsanipun, anglalana ing tawan, tan mudhun-mudhun ing siti, den saingga wonten damel kula petak.

11

Den sampun kula petak, tangtu punika sakalih, sami tedhak ing ngawiyat, ya ta bramana tali, sigra petak tumuli, sakalih nulya tumurun, ingkang nama talibarata, lan kang nama Prawatali, sakarone wus, minggah ngayunan rama.

12

Sukaliye pinuturan, adhinira Brajawati, ana kang sudi santosa, Prabu Linggaiyang mangkin, Pajajaran maringi sedhah panglamar amundhut, sukane adhinira, putra sakalih ngastuti, ya subagja adhi sinarwehing nata.

13

Malak mandar darbe tedhak, amangku sundha nagari, Dangyang Brajakawat nabda, mung wonten melang sakedhik, pun adhi Brajawati, wewesen sarananipun bilih sang nata Sundha, mange boten miyatani, dados wudhu ing Sundha den antuk wiring.

14

Dhayang parwatali nabda, mangsa ngijira sang aji, karana pidhanget kula, Prabu Linggaiyang sami, sarananipun wesi, pinten-pinten selir lampus, ingkang pejah dinahar, botenamindhoni malih pramilane angupaya tandhangira.

15

Dhayang Talibarat nabda, tan kaping kalih adhi, kedah tinaros kentasa, punika ingkang nglakoni, kranten dede lare alit, bokmanawi mangke sigug, dados kita kesseman, ing wedra kirang panari, boten dados basa jadra ponsasmata.

16

Ya taDEWI Braja rara, punika sampun tinari, den piyambeke kinarsa, ing ratu Sundha negari, paran ati lumiring, atawa ing tan purun, Brajawati aturnya, kahula amdherek maring, sakarsane andherek dhateng jeng rama.

17

Kahula darma lumampah, awon penes panitihing, wongtuwa datan pejah, kahula liwarsa demi, ya ta bramana Tali, ing manah kalangkung sukur, re kang putra sumandha, ing karsane rama yugi, dadya turun rena ngaturaken putra.

18

Brajawati wus pinuja, ing jati dipun dandosi, sarananing katewangan, ing parahu kang den apti, dening kadangkakalih, Parwatali namanipun, kalawan sang Talibarat, kang angeteraken rayi, Brajawati lalayaran maring Sundha.

19

Kering marang sang potusan, saking Sundha angsal kardi, angsal putrining bramana, sing pulo gunung surandhil, putri Sundha negari, kalangkung ing rena ipun, giyak-giyak anembang, genya layar enggal prapti, aneng nagri Sundha ingarsa sang nata.

PUPUH XVI

KINANTHI

01

Sang prabu Linggaiyang langkung, rena karawuhan putri, kadi sutaning bramana, oliye alaki rabi, wus angrasa katimbangan, lanang wesi wadon wesi, mulane arjaning krama, malah sampung Brajawati.

02

Bobot angsal pitung tangsul, salamine anggar binim pepengene warna-warna, kang ora jamak dening, pinangan dening manusa, parandene den esiri.

03

Kapengen adhahar kunyuk, ora den sembelih maning, ora lawan minatengan, mung den panjingaken dening, kadut den kocok kaduga, kunyuk mati den tonyoi.

04

Kulite deng masih wulu, daginge benyo ayiyid, den enggo embut-tembutan, dharahe den palothoti, mangkana den kadengngangan, dening Linggaiyang dadi.

05

Sedhot hawa manah ipun, ningali dhateng kang rayi, ora kaya Braja rara, kang ngemong kadang kakalih, Parwatali Talibarat, atumon ipene runtik.

06

Anulya sigra tumurun, sing awang-awang tumuli, kang ngusap ing bathuk ira, Brajawali enggal dadi, kang sengit dumadi welas, teka eman teka sih.

07

Lami-lami ning tumuwus, Brajawati sajen maning, pepengen ing dhaharan, cicindhil kang masih abrit, den dhahar urip-eripan, den tutulaken ing petis.

08

Den kadengangan sang prabu, iya timbul sengit maning, dhumateng sang Braja rara, ora kaya Parwatali, Talibarat ngusap muka, kang sengit babalik asih.

09

Lami-lamining tumuwuh, pepengene sajen maning, ing cacing urip-uripan, tengtu lelet den patheni, mangkana yen kadengangan, mring nata girig sengit.

10

Tan kaya yen wus tumurun, Talibarat Parwatali, angusp bathuking kadang, kang mungga kirig ika dadi, kumokod babalan pisan, dumadi kanggep alaki.

11

Lami-lamining tumuwuh, ana kang dadi kulilip, maring karajaan Sundha, ora nama liyan maning, Suhunan Panggungkancana, darbe manah tulak serik.

12

Re kang putra wau lampus, Lutungkasarung kalindih, dening Prabu Linggaiyang, dening parecel kumaki, wani wong tuwa si setan, pangganggo asu griwani.

13

Pira wareke wong munggu, ora sabar angenteni, ing sirrane kang yuga, angrumpak turus abecik, mapan den mepes kang yuga, apa layak anyuluri.

14

Ari iku sawat-sawud, godhog rontok rug-rug wit, pasthine ya sinangkasal, nagning ora arju margi, kaya ta beyating jalmi ditya, duduta beyating jalmi.

15

Mengko uga tanggu isun, mangsa lawas angartoni, iku kang Lokambadhigal, lawan ora arju margi, nandhang sekeling wong tuwa,aja dumeh anduluri.

16

Anduluri sota iku, kapokok broktak dening, anak lagi duwe pejah, samono lagi ngalahi, wong tuwa kendhang sangaja, nyingkiri wirang lan isin.

17

Wondene Lutungkasarung, semaune amateni, bramana Linggabuwana, ora paido wong lagi, ngambing-ngambing rabi mula, kang lagi penyakit elik.

18

Teka anuli den jaluk, di akon nganggo wajani, la iku lebune apa, tumon nambakaken rabi, ya ika bramana kaparat, binatang si tai olih.

19

Nah kala napsune metu, ika dadi banaspati, ngejer ana ing gegana, malang-miling saban bengi, wong Pajajaran pra samya, kaget ketembe ningali.

20

Mung ta apa murub iku, katone ing wektu bengi, ana kang ngarani teja, ana nengge lintang ngalih, waneh ngarani kamangmang, ana nyana tapak angin.

21

Waneh angrebut kang dudu, deningan sinaban bengi, kaya latune ing lintang,kanggo surup nganggo kedhing, parek maring sulaksana, sutejane wong abecik.

22

Parek ing lintang kemukus, datan bengi sawatawis, lawase wis sangang dina, pareng wengine tumuli, anyarengi sri narendra, Linggaiyang sami didis.

23

Kalih garwa ingkang wau, siweg bobot madhang sasi, angideri tataman, murnama dening ring-ring, para bibi para inya, kalangkung ing suka ati.

24

Ameng-ameng ing lalangun, rembesa angulinting, kesel sira ganti siram, ing pancuran sanga sami, patelesan cindhe jenar, sang aji atilar guling.

25

Sabab agamaning Galuh, yen purnama tilar guling, yen tanggal pisan apantang, yen combana lan istri, yen tengange lawan pajar, apantang barang den bukti.

26

Sadangune ing dalu, nelasaken agiyak-giyak, purnama sajroning putri, waneh ingkang makidungan, anggending jala wekunyit.

27

Kang murup-murup sing dhuwur, tema warna banaspati, namber lir kilat sayuta, Linggaiyang sirna lalis, den samber sinawa musna, dhumateng jongging sawargi.

28

Wong dalem geger gumuruh, tangise kelangan gusti, awit suka teka dhuka, Brajawati karuna jrit, kantaka ping nem sadela, kagete kelangan laki.

PUPUH XVII

ASMARANDANA

01

Prabu sepuh atitilik, lalayad wusa ing waya, gapuh aris kandikane, e-putuku Braja rara, wuwusen lamonika, wus papasthene Yang Agung, kudu mung samono sira.

02

Jodho lawan putu mami, mung siwewetengan ira, ingkang gedhe pangrekdane, tarimane ati nira, iku kang mangko gadhang, susulure ramanipun, den salamet urip delap.

03

Aja sira gawe ati, sasirnane lakinira, mangksa dadiya sangsayane, awak ira wuseng arja, sira momonga anak, salamet besuk yen metu, estrenana madeg nata.

04

Ing sacangkoke sudarmi, kawasa sira murbaa, apa lakinira bae, lan ika sadulur ira, loro becik jagaa, kaponakane yen metu, iku padha den kareksa.

05

Talibarat Parwatali, duk lagi ingucap teka, dadak sakala turune, saking awang-awang nembah, ing ngarsane sang nata, pinarcaya sira gupuh, kadika Ciyungwanara.

06

Talibarat den abecik, jaga kaponakan nira, Parwatali aja gape, embok ana bala wita, isun pracaya ing sira, ya Talibarat matur sandika ing karsa nata.

07

Ya ta lami-lami, wewetengane si rara, Brajawati dening sejen, ora kajamak lan jalma, yuganira tahunan, ana melang lara busung, sawane atur usada.

08

Dhudhukun ana anambani, ana nyempad nyata jabang, dening si goronjolane, ana nyempad banget kelang, atos kabina-bina, nyata ika lamon watu, ing jero garba punika.

09

Ya ta lamining lami, ana maning duracara, banaspati kang manglawe, tumiling ing awang-awang, seja ika nyambera, maring Brajawati wau, seja denjaragan sirna.

10

Ora kaya Purwatali, kalihira Talibarat, kalangkung ya ing jagane, anulak ing bala wita, bales pati konangan, den tulak padha kawur, tanama wani pareke.

11

Braja rara estu kapti, Talibarat kang anjaga, sirna bala wita kabeh, salinggihe Braja rara, ana ing rat Pasundhan, tan ana amaling kecu, menak pra kuwu sumembah.

12

Wus kadi raja pawestri, angreh Sundha sigar wetan, apa ingsun cacangkoke, waktu nata Linggaiyang, karta buwana ira, kaumban roro sadulur, Parwatali Talibarat.

13

Mangka dhateng waktuneki, Brajawati nulya babar, ora jamak ing rupane, prayayine dudu bocah, rupane ika kadya, galundhung lir gandhik watu, ora asipat ing jalma.

14

Nanging ika obah mosik, galang-geleng ing tatampa, baleger lir gandhik bae, geger ing wong dalem pura, ana jabang tan jamak, enggal rawuh prabu sepuh, maraja Ciyungwanara.

15

Aningali jabang bayi, girap-girap sabdanira, la iki nuli kaprimen, ana urip tanpa rupa, iki jenenge apa, gumaluntung kaya watu, ana obah ora swara.

16

Kapremen dayane iki, dening iku buyut ingwang, ora kajamak rupane, nuli kapara mentala, ambrih dadi manusa, ing mangko dadi susulur, iku kang wus ora nana.

17

La coba undangan gelis, iku embok nyai indhang, Gunung Sakati watune, ika wong tuwa manawa, sugih reka pandaya, maring kang mengkono iku, manawi wus nemu luwang.

18

Sigra mangkat angaturi, jeng Nyai Sukati indhang, tan kawarna ing lampahe, akocap sapraptanira, si Indhang Sakati ika, ningali jabang lir watu, ora endhas ora tangan.

19

Gulundhung wis apa gandhik, kipya-kipyahe nyi indhang, ora guna ora gawe, wong anak-anak bok apa, kang bener aja sarar, ting-banting aja na wuruk, sudi gawe anak Sundha.

20

Luluhur ingkang mayungi, pingnangeran ing jawata, ruruhe marga benere, aja anerus simpangan, sang kama-kama dadya, kamapmaja kamaptulus, dohena gungsu minggaha.

21

Nuli nyi Indhang Sukati, ambabar punang paesan, kinacekaken age, maring Dewi Brajawati, wusing kadi mangkana, den kakacakaken gupuh, ing jabang kang kadi tosan.

22

Sakedhap nuli anjerit, jabang bayi nangis ira, jebol katingal endhase, nuli sinembur den irag, jebol metu kang tangan, kuranggeyan nyawuk-nyawuk, nuli kinetab kang pada.

23

Jebol dadi metu sikil, sapurna wus sipat jalma, atos-atos pra semone, Indhang Sukati ngandika, kamrala isi jabang, anurut ing kaki buyut, nurut jalma dadi jalma.

24

Den saiki sun arani, si kacung munggwaya delap, si Linggawesi namane, si buyut kang gawe aran, ambridelap agesang, kanggo nunute si buyut, ana ing jagat Pasundhan.

25

Sadaya suka ing ati, Brajawati tumon ing putri, wis kajamak lawan uwong, nuwang prabu Ciyungwanara, kalangkung sukanira, ningali kang kaya wau, sampun kaya manusa.

PUPUH XVIII

M I J I L

01

Indhang Sukati awewekas jati, maring sang dewi reko, poma-poma nini aja aweh, panduman salamet benjing, si kacung den eling, sandenge tumuwuh.

02

Ya pacuwan ilok akakaca dhiri, kakaca angilo, iya kacung kon pantang sandenge, ora kena ngilo dhiri, tuwin ngilo caremin, tuwin ngilo banyu.

03

Pan mulane pantang ngilo carmin, krana iku wong, asal sing kono anane, saking kaca timbole dadi, mula ja den kakacani, embok pulih watu.

04

Pulih watu lebar ingkang jati, poma den angartos, dadi braja aris wangsulane, inggih kasuhun ing sihe nyai, yen tan ana nyai, tangtu ical ruru.

05

Tedhakane kacung Linggawesi, boten dados ewong, galang gulung wikan jenenge, dupi ika saking pun nyai, kang paring kamarin, saprakawis nuhun.

06

Inggih minanten langgeng pakeling, prakara samono, ing saweweling ing nyai sakabeh, kang sumeja kula ati-ati, miwah ta ing benjing, pun kacung aemut.

07

Kula emutaken tan ing benjing, den sampuna angartos, ing basa basuki jalma kabeh, datan wande kula wanti-wanti, pun kacung kapenging, akaca ing besuk.

08

Ya tan Indhang Sukati wus pamit, kantun prabu kolot, Prabu Ciyungwanara langkung sukane, prayayine den baraseni, den embang tumuli, pinajengan agung.

09

Pan binakta munggah sitinggil, ginrabeg kabrabon, lan kadhingdhang saruni salompret, calapitaka lawan suling, sinowara gelis, dening sang prabu.

10

Prabu Ciyungwanara sru angling, la iki dengartos, kawula menak pra kuwu sakabeh, iki jabang wus sun istreni, angadeg narpati, nyuluri kang lampus.

11

Pan sinebut Prabu Linggawesi, ing Sundha sang katong, ya pragul menak sakabeh, pan gurumu samya matur inggih, sarta den sauri, ing ketuk anglugur.

12

Geledhuging gurbaning ukir, kakseni den mangko, Linggawesi ing mangke ingistren, ngadeg ratu sing jabang bayi, enggal murud sami, malebet ing kadhatun.

13

Nelakaken prayayi sartaning, angandika reka, Parwatali Talibarat mangko, enggonira jaga ngati-ati, maring si kacung aji, den becik atunggu.

14

Kaponakan aja sira cenger ngarsi, kang babasan embok, aja gampangaken salir gawe, kang kalawan angati-ati, embok banaspati, kaya mau-mau.

15

Sapa wruha nyamber jabang bayi, Ia sira sakaro, ora liyan ingkang patut molek, arumaksa maring jabang bayi, mung sira sakalih, ingkang luwih patut.

16

Prabu jabang si Linggawesi, ya ta ika karo, Parwatali Talibarat, atur sembah ing sandika ugi, anulya sang aji, prabu sepuh mantuk.

17

Mring daleme wus acakapti, kocap sang katong, prabu jabang ing salami-lamine,
Talibarat lan Parwatali, ingkang ngaubi maring, (?) kalekanipun.

18

Prabu jabang ya sang Linggawesi, diwegira mangko, umur tigang tahun jejege,
darbe manah berag ing pawestri, sing aistri manjing, ing tobong den susul.

19

Pan bagane dipun rogohi, dipun ingok-ingok, wong jro pura agawok atine, dening
iki majikan cilik, patute wus esir, maring wadon iku.

20

Dening ora kaliwat sawiji, ingkang manjing tobong, iya padha den sirik sakabeh,
sarta lamon ing mangsa ing wengi, yen waktu nyarengi, wadon padha turu.

21

Den wiyak kapati den grayangi, ingiling den tonton, dadi enggo dodolan duwena,
pareng tangiya iku nuli, ora dhing-dhing kelir, den rengkot den rangkul.

22

Den arasi den pareng ing istri, kang ati sumonggon, iya sida kuwel pareng
karasmen, saoli-olihing cilik, tandhinge pawestri, wis gopek sakrangulu.

23

Ya pinangrengkangi budi teni, kang putra samono, ratu Brajawati age, memetheti ingkang para istri, kang cilik kang becik, pira-pira puluh.

24

Den go selir ingkang putra aji, langkung den gegembyong, den pantha-pantha adi warnane, den embani sinureni, dipun wiwidahi, burat ganda arum.

25

Kadya sekara sataman kang asri, warna-warni katon, kadya lintang gumelar aneng, langit warna ing para selir, ingkang cilik-cilik, ing watara umur.

26

Nelung tahun istri becik-becik, wus pating pancorong, sinijang abrit sakabeh, parandene prabu Linggawesi, tan karsa nyangkrami, istri cilik iku.

27

Karanane ingkang wus bibit, kang dhenok kang sempwo, kang mragaga dedege gedhe, kang wis sarwa gamoling kapti, mangkana sang aji, suk ing karsanipun.

PUPUH XIX

M E G A T R U H

01

Indhang Sukati awewekas jati, tumingal maring kang siwi, teka ing karemenipun, maring kang gedhe kang uwis, bandhot menthonge ambewok.

02

Ya pondhodhang dhadhinge masih sepanudu, ya ta ingkang ibu nuli, methet ingkang sepuh-sepuh, kang wus marga kabecik, kang gamol gandhes acemol.

03

Pirang-pirang selir kang adhenok cangking, rasti kang pirang-pirang puluh, malah agung ingkang sami, bobot ana pitu wadon.

04

Teka wayah babar sakapitunipun, dadi kaya dudu siwi, kaya adhine puniku, jabang pitu abecik, warnane rampak yen tinon.

05

Padha bae gedhene lare pipitu, prabu sepuh angrawuhi, Ciyungwanara ndulu, canggah pitu bungahi ati, kaya adhine kemawon.

06

Kaya adhine si Lingga iku, dudu kaya kang siwi, ya si Linggawewi iku, mutrani pipitu reko.

07

Lanang kabeh ing sapitunipun, Ciyungwanara ling aris, Ia iki ya canggah isun, pipitune sun arani, si Linggabuwana katon.

08

Kang sijine Linggapakuwan jenengipun, lawan sawijine maning, Linggasana naminipun, iku sawijine maning, Linggasri namining wong.

09

Linggaerang Linggamurti Linggarayu, sakapitune ing benjing, kon ngudang kakang la iku, ya maring si Linggawesi, den kaya sadulur medhok.

10

Linggawesi ngundanga adhi maring iku, maring kapipitu iki, karanane sira durung, pantes mangko anganaki, rong prakarane dha rapon.

11

Delap ika anak ira kang pipitu, lumayan rempeging urip, kanggo gegerebeg ngunggu, bala sadulur kumaritig, turanta anak sajatos.

12

Aeng temen inglalakon ira iku, ana ta wong masih cilik, aduwe anak pipitu, bari rampak gumariwis, gumredeg lir anak enthok.

13

Parwatali Talibarat aturipun, sandika ing titah aji, menanten uga kadulur, angraksa tedhakan aji, lumampah idhin sang katong.

14

Prabu Ciyungwanara sampun amurud, kocap sang Linggawesi, iya sate masih timur, naging pangertose kadi, ratu ginotama mangko.

15

Yen wis linggih ing korsi gadhing rinubung, ing para selir kang ngapti, kang padaha adhunuk-dhunuk, kang aputih kang akuning, kang nyenyokar melok-melok.

16

Ingkang mobyong kang empuk panggarapipun, kang cepol angaca piring, ya ikut kang raket ngayun, nalendrane sagegethik, selire abentrok-bentrok.

17

Lan kang padha anggemeng kombalanipun, ora nana liyan maning, kabelani pundha iku, wadon ireng-ireng manis, ingkang bobokong anggeyol.

18

Prabu lare Linggawesi masih timur, karemane ingkang uwis, angrambaka bokongipun, wus tuwukan sagunging, karsa kang para samono.

19

Prabu Linggawesi jengger tuwuhipun, ing Pajajaran muponi, sagunge menak pra kuwu, bang wetan salir kumilip, padha anjum sila panor.

20

Ya gul menak asribawat samya riyung, sinaroja ing bupati, Prabu Linggawesi mangun, malih kapatiyan nami, Kiyan Patih Bandhungkrayo.

21

Lan tumenggung Sukabeling naminipun, asale saking Keling, bangsaning koja guludhung, andel-andel Pakuaji, wani mati solot-pogot.

22

Ki Demang Alurkoneng kang pinangka dipun, pecat tandha adhir-adhir, Menak Podhang Ujungberung, lan Ngabehi Tegalbibis, kang lebda karya ing kono.

23

Kang tut wuntat ing sang nata ngalor ngidul, iyang-iyung kanthi wiri, ameng-ameng maring luwung, amandhikudhing jamparing, abandring cohok.

24

Ngayok alas arame surak gumuruh, paburuhe bangkit-bangkit, angungsen kidang apaul, ana pingkal salih angrok, gurnata garungune bedhil, sing kidul sing elor.

25

Pan tawura swaraning gutuk puniku, ting sariwik nganan ngering, wetan kulon ting careluk, padha retak anguneni, cala bangir kang pada lok.

26

Alok buron kaburu-buru alaju, sadaya ambedhak sami, laradan alayu-layu, ting barisat sami lari, waneh kang padha nalosob.

27

Yen wus tutug abuburu aneng luwung, nuli padha ganti ulin, nuli samya ngundha manuk, ana ameng-ameng gathik, ana panggalan agacon.

28

Ora suwe jajangkungan ngalor ngidul, nuli areyog asrih, begog anjog langunipun, sabagi-bagiha ulin, ana pingkal silih angrok.

29

Rog-rogan ting bilulung ngalor ngidul, ora suwe asukati, dodolan raraton umyung, gumuruh pating jalerit, tan suwe ujungan kang wong.

PUPUH XX

M I J I L

01

Sedangune suka-sukawan tu bocah, tan adangu tumuli, ageger ing tawang, ana wowolu dhustha, banaspati ngarah aji, sapraptanira, kang seja den samberi.

02

Milang-miling kumrab ana ing tawang, sumyak amobat-mabit, ing gagana galak, kadi ulung babahak, kang sadya anyamber pitik, tan antara ika, Parwatali akali.

03

Talibarat amapang ing awang-awang, sakehe banaspati, padha tinangsulan, sakabeh pan kena, kagandheng anjok ing bumi, pating kurenyang, pating jalegir ing bumi.

04

Samya tinonton dening wong sadalem pura, aeng temen sun tingali, raining kamang-mang, awake kaya buta, sikile nungsang ming nginggil, rambut maudag, mobyong-mobyong lir geni.

05

Untunya ngisis baris sakampak-kampak, lambe kandel malenthing, ilate amedal, amelet anggigila, mana sabendhe mundelik, eluhe wisa, marakbak kadi geni.

06

Iler yiyid murub la ika padha, wowolu banaspati, padha cinancangan, ing witing pakujajar, dadi ingon-ingonaning, nata Pakuwan, sang Prabu Linggawesi.

07

Ting burangkang aneng witing pakujajar, de go dodolan pranti, ing ameng-amengan, ing wengi suk awana, rame-rame ingkang sami, asuka-suka, ambebeda banaspati.

08

Sawengi-wengi tuwin sadina-dina, sang prabu Linggawesi, dodolan kamang-mang, sarta wong dalem pura, kalangkung sukaning ati, lan kinepokan, amawi den suraki.

09

Banaspati lamine den ingu delap, den pakan lawan daging, daging buron alas, saparti ngingu macan, lan ta ana jalmi, kang ukum pejah, den pakakaken belis.

10

Maring iku adat purba Pajajaran, den go ambuwang jalmi, mangkana ya ika, pala karta Pajajaran, kaparing lamining lami, suliha tedhak, meraja Banaspati.

11

Sadya nira angrebat ing rewangira, kapanggih sira aglis, lawan Talibarat, endhas kang sira ngusap, he madigda Parwatali, lan Talibarat, munggah suka akasmi.

12

Rencang kula wowolu kang dika cang-cang, reh ipun sampun lami, jengandika cang-cang, kokalan ing druhaka, sedheng dipun apunteni, kang muga-muga, kabeh dipun uculi, kang ukum pejah, den pakakaken belis.

13

Maring iku adat purba Pajajaran, den go ambuwang jalmi, mangkana ya ika, pala karta Pajajaran, kapareng lamining lami, suliha tedhak, meraja Banaspati.

14

Sadya nira angrebat ing rewangira, kapanggih sira aglis, lawan Talibarat, endhas kang sira ngusap, he madigda Parwatali, lan Talibarat, munggah suka akasmi.

15

Rencang kula wowolu kang dika cang-cang, reh ipun sampun lami, jengandika cang-cang, kokalan ing druhaka, sedheng dipun apunteni, kang muga-muga, kabeh dipun uculi.

16

Gih sumangga kabeh padha sarat tobat, lawan sumpah kang candri, kang babasan aja, wani-wani gaweya, ingkang kadi wingi uning, kula kang dadya, saksining seja pati.

17

Pan sejane banaspati satedhaira, tan genah wani-wani, duriyat Pajajaran, balikan kudu jaga, ing duriyat Pakuaji, ing ngendi prana, ingkang anak putu aji.

18

Pasthi iku banaspati iku jaga, kemit maring sang aji, tedhak Pajajaran. Ika kang sinambangan, sok nang gunung sok nang pasir, kamang-mang jaga, turuna Linggawesi.

19

Tan pracaya sumangga atetep jaga, dumadak lirwa jangji, ungseden maningala, rantenen pakarsa ngolahi, lan sanadyana, den pajahana mangkin.

20

Kula boten lajeng nanggel kang acidra, kang wolu banaspati, yen mangke cidraa, kula dhewek kang tandang, mejahi babu pribadi, dingge punapa, anguripi ing wewering.

21

Ya ta sira Parwatali seja marma, Talibarat pon ugi, seja apracaya, maring raja endhas bang, Yang Maraja Banaspati, prajangjinira, amintal usul ing abdi.

22

Parwatali Talibarat ing sabdanira, yen mangkono ya becik, nangi kita padha, pranjangji lawan sumpah, banaspati wolu sami.

23

Iku dhateng banaspati wolu sigra, den culaken tumuli, banaspati padha, nembah dhateng sang nata, ngaturaken ingkang abdi, kang pangawula, rumaksaa ing jeng gusti.

24

Pramilane Pajajaran akeh kamang-mang, kang kakayon ana hing, gubug sawahan, suwawona ing tetelar, nguwel-tuwel kadi geni, manecat ilang, cat katong dening jalmi.

25

Ana meled-meled aneng gubug-gubug padha, angleledhek wong ngarit, gone gigila, malayua genudhang, duga pegel kang lumari, napase kesotan, mogok kang den baleding.

26

Kamang-mang tinangkeb lawan keranjang, gelethak dadi lupi, mangkana kang adat, jar bangsa siluman, nanging kamang-mang cawiri, tan amikara, amung samemedeni.

PUPUH XXI

L A D R A N G

01

Sadangune suka-sukawan tu bocah, yawis tobat, ing wuri tat Linggawesi, satedhake dadya pangregep kewala.

02

Pramilane Praburara Linggawesi, yen kekesahan, ing wengi kang peteng nuli, ya kamang-mang pinangka damar ing lampah.

03

Mobyor-mobyor kaya obor atut margi, ing lampah, kamang-mang padha angiring, satedhake sang ratu ing Pajajaran.

04

Ya angraksa ing sabandu kulawargi Pajajaran, awake manungsang menginggil, ya kamang-mang iku endhas kewala.

05

Yen tawiri kamang-mang awake paksi wus marena, sabagi-bagi, kawarnaa Prabu Linggawesi nata.

06

Wus prajaka yuswa umur salawe warsi, ingkang putra, pipitu kadi wargi, rantab-rantab sakabeh namane lingga.

07

Linggapakuwan tanopen LinggasariLinggasana, Linggaerong Linggamurti, Linggarahayu kalawan Linggabuwana.

08

Kapitune wus alinggih bupati namanira, sakabeh sinebut nami, kang kaprabon pipitu ing Pajajaran.

09

Kang pinangka bala ratune Linggawesi jenggerjagat, Pajajaran duk jamaning, iya iku amengku purbanagara.

10

Iya iku sang prabu Yang Linggawesi Linggatosan, babalik remen ing alit, maring wadon marucupe lagya.

11

Ingkang durung susune kumaringkil, wadon ingkang, masih rata kang pepenthil, kadya kaya susuning bocah lanang.

12

Wau pupak ya iku kang karemani dadya ika, kang ibu amemetheti, wadon cilik wus angsal kang kawandasa.

13

Gumariwis pan kaya bebek memeri agiringan, sagendhongan kumraritig, denpahesi sandhangan kang adi pelag.

14

Dadya susah ingkang ibu Brajawati, genya dhana, anuku-nuku atining, bocah wadon sangkane gelem dewasa.

25

Mungguh sire iku Prabu Linggawesi maring bocah, kang tembe pupak sawiji, kumokod pisan ing bocah perawan pelag.

26

Ya sang prabu dadi ora duwe selir, maring bocah, kang wus lungse sathithik, ora esir maring bocah kang wus tarab.

27

Kang wus reseb padha miretan kawangking kaparek kang, lare ingkang durung gething, iya iku kang kinarsakaken nata.

28

Ya sang prabu Linggawesi lir lare alit yen dodolan, yen mangsaning udan nuli, ya selire padha katimbalan wuwuda.

29

Aing latar anuli dipun suraki, lawan dinar, ya ta sakathaning selir, kang wuwuda rebut dhingin ruru dinar.

PUPUH XXII

01

Kang sinebut namaning kang raja sunu, Prabu Linggawayang, sinungan kabopatene, Bantalwaru ika ing cacangkok ira.

02

Ya mangkana Prabu Linggawesi mundhut, putrine wiliyang, Dewi Cibongas namane, gih punika nembe umur dasa warsa.

03

Sacareme ing kana kinarsa jatu nata Pajajaran pinangka bini ajine, malah iku sampun miyosaken putra.

04

Lanang ingkang sinebut ing naminipun, Prabu Linggarasa, sinungan ing kabopatenen, Karangsambung Purakadhongdhong Malangya.

05

Nulya Prabu Linggawesi sira mundhut putri Barisbulan, Dewi Rasati namane, iya nembe kang umur sadasa warsa.

06

Sinaptanan sampun pinrih jatu, ing dhatu Pakuwan, pinangka iku sang katong, careming sang sampun miyosaken putra.

07

Lanang ingkang sinebut saparab ipun, ing raja kaputran, Prabu Linggaening reko, pan sinukan kabopaten Sokalaya.

08

Lami-lami Prabu Linggawesi mundhut krama putri nira, Sunan Gunung Puntanggedhe, ingkang nata Dewi Rara Lisniutama.

09

Pon ya tunggal anembe yuswa sapuluh tahun wis pinuja, prameswari aneng kono, pan amurba para garwa ing Pakuwan.

10

Intening wadon ing pura Pakuwan agung, iku prameswara, Rara Lisni ing jenenge, ketang garwa waruju nanging kang dadya.

11

La yen mangking gamparan ika sang prabu, nyarengi kang garwa, lari gulingan ya age, ing karsane inguculan kang gamparan.

12

Arumaksa bilih kagete sang jatu, garwa kinasihan, kakasihing segedhene, damak-dimik lumampahe ta sang nata.

13

Genya tumpek ponjan asigarwanipun tansah pala-pala, mila sang prameswarine, ya wus bobot ananging ora kajamak.

14

Atahunan anggene ameteng iku, ora baba-babar, wus pirang-pirang lawase, kang dhudhukun anggrarayang sing dhi ora.

15

Kang sawane angarani rara busung, kawelehe ika, dening tan ana rasane, dupi busung akundhangan rasa lara.

16

Dupi iku ya kaya wong meteng iku, sejene mung lawas, ora na bebeleyane, kang sawane ambadhek lamon kawaya.

17

Kawelehe dening katilap ing ngujum, tan katara pucat, ora rumab ora nonjok, panyanane masih gumilang padhang.

18

Kang sawane lamon ika malembung, kanginan ika, kawelehe ika deneng, ora katon urat kang pating karenyang.

19

Dupi tingal ajar lawan wiwiku, den iya sanyata, mateng sang dewi samangke, isi jabang supaya tan karsa medal.

20

Ya sang Prabu Linggawesi ing tanyanipun, la prepun baya, paman ajar tarekange, dra pon medal si jabang duk kaya saban.

21

Para ajar sabane boten pikantuk, yen mange medala, kadesak wedale dhewek, boten kenging den paksa-paksa medala.

22

Ya sang Prabu Linggawesi pan dhedhesipun, iya kena apa, paman ajar satemene, weharena aja sabda kang den garba.

23

Para ajar para wiku sabdanipun, gih boten gadug, boten kilap ing sang katong, mangsa boten ing gelar ing waskithaa.

24

Ya sang Prabu Linggawesi dhedhes gapuh, paman ajar dika, aja gamam ing awale, babarane ing suka atawa dhuka.

25

Para ajar awale babar pamuwus, ye punika jabang, ing mangke tulus wewedhe, kudu dang nata rumiyin ingkang asirna.

PUPUH XXIII

S I N O M

01

Tan anatara sang nata, tarengkep ana ing, nang latar lan prameswara, kalangenan den ideri, ing adining puri, awit rebah watangiku, ngadhem-adhem ing pantara, paninisan angemba ing, ana wang-wang lalangenan karta yasa.

02

Ingkang abanjar wangunan, wus katingal sadayaning, ingkang ngadi ing ngadhenan, giyak-giyak wong jro puri, andherek ing sang aji, sarupane parekan agung, samya suka ati, pan kalilan ing nata acangkraman.

03

Brajawati apotusan, emban amintara aglis, ing anak isun nata, tuturen den ujar mami, la sendekala iki, wong dhodholan reren kudu, gampang mengko wus miwat, sendhekala ngalas maning, ya kon manjing dhingin maring padaleman.

04

Isun iki enak, kumepyar rasaning ati, kepyar rasaning ati, kepyar-kepyur taragdagan, melang dhirine kang siwi, sendhekala sukati, duduwa dining gumuyu, ya ta caraka wus kebat, prapta nembah nuhun gusti, ing paduka gusti jandika katuuran.

05

Dening ibu dalem ratna, katuran mantuk ing puri, puniki pan sendhekala, gampil manghkin lekas malih, sapunika timbalaning,ibu dalem ratna wau, boten sakeca ing manah, dangu wonten taman sari, Prabu Linggawesi wau sabdanira.

06

Mengko isun mulih ngomah, ya mengko sadela maning, gumuruh kang suka-suka, dupi iku kapiyarsi, ingkang ibu raja dewi, wong den penging andalarung, mung siku adating apa, ora ngrungu pamarahing, banget melang ing ila-ila ing kuna.

07

Ingkang aran sendhekala, tan kena barang sukati, susulan maning la ika, age mantuk dalem puri, nembah matur ing gusti, jandika katuran mantuk, timbalane ibu nata, punika kawanti-wanti, sendhekala boten suka meng amengan.

08

Gampil mangke yen kalintang, saking wanci pacek desi, Prabu Lingawesi nabda, ya mange gak arep mulih, sira jacraweya ing mami, wis neng kene bae iku, aja balik marana, sawusing kadi kamangkin, masih kadi bocah alas wuwu cawak-wak.

09

Ganti mara asu aba, gumuruha warna-warni, abane antong wirasa, ya ta Dewi Brajawati, kalangkung dhegel ing ati, anjog sajanira nusul, dhateng panggenan putra, ya ta sang prabu wus uning, yen kang ibu rawuh pan samya umpetan.

10

Sirep ora ana kang swara, ora na abacut mewit, pating salindhut singidan, kang ibu kelangan lari, ngandika mung ta iki, kang baribin padha mampus, maring ngendi Linggatosan, rabine kapadhan maning, ya si Rara Lisni baranyak tandhungwaya.

11

Sandhekala wong kang kuna, ila-ila bari iki, dheweke lagi garbana, wong meteng ya kudu wedi, kudu duwe pamali, aja lok sawaya laku, mapan si dhewekw ika, meteng tan jamak lan jalmi, datan babar nuli lelewane pisan.

12

Mung ta padha asingidan, umpetan kang maring ngendi, dhigal temen atiningwang, dening lelewaning siwi, ora suwe ika hiji, kenang samber mata prabu, ing mamala sendhekala, buduk namber mataneki, nata anjrit agiro tur gedebugan.

13

Anjeli-jeli karuna, Rara Lisni aningali, kang raka kadi mangkana, ya dadi milu anganis, adan wong jro puri, padha nangis sambetipun, gusti kita kenang apa.

PUPUH XXIV

KINANTHI

01

Prameswari nira gupuh, Rara Lisni ical arti, duk tumingal ingkang raka, pan kadya tambuh ingkang manah, kami ruru seneng ing ati.

02

Pan dadining sakatemu, ora kalawan pamili, katharak-thaak ing tingkah, amundhut kacatu mulih, tiningalaken enggal, ingkang raka mukaneki.

03

Raka dika tingali iku, ing jro kaca kaeksi, ora wurung katingalan, iku kang dadi kalilip, pan dika jiwit kewala, tan wande kalilip kenging.

04

Saestu kang garwa iku, yen sang nata boya uning, pantangan lamon kakaca, pramilane gelis ambil, amundhut carmin punika, dipun tamengaken aglis.

05

Marang wadana sang prabu, Linggawesi aninggali, pan mangkana tan kemutan, welinge ingdhang Sakati, ya den penging akakaca, ing pantangane sang aji.

06

Ora kaya dening iku, guragapaning asakit, tan kemutan apa-apa, kang garwa mintoken carmin, ing sarira kang nata, teka tan kemutan iki.

07

Sareng ngilo kaca wau, katingalan sarira neki, adan geblang ya sang nata, iku dadi wesi malih, kaledhug ingkang sawara, ing lemah baleger gandhik, prapta ing kana lalawad, angandika mituturi, ya wis padha ing pasrah sira, wis karsaning Yangandum titi.

16

Ora ana gunane iku, ya wus katalaya dadi, kadalang suhing ngungkara, mangsa ababalik maning, wong wis dadi padha pisan, laku lalis tan ping kalih.

17

Mapan mangsanaa iku, udan kang wus timbang siti, nuli balik ing ngawiyat, mapan reke sami neki, kembang kang wis megar ika, mangsanaa kudhup maning.

18

Lalu marag kembang iku, kang padha sengkel ing ati, balikan padha rerepa, mangke gadhang timbul mijil, saking garba wewetengan, Rara Lisni tahunan iki, Linggawesi sampurna kena, ing pasentran candha warsi.

19

Ing pasisir kidul iku, pama ing pacendheneki, ya ta opyak para putra, pra sami gelar ngasreni, kurnapane ingkang rama, kang sampun sirna alalis.

20

Samapta krajaan sampun, wus gumelar pangladhenging, kangmarapit anjalana, ing margi andher awilis, tanpa pegatan lampahnya, pucuk praptangpa candhening.

21

Kang layon wau sang prabu, datan mangkat saking puri, saking kathah upacara, baris kang sabagi-bagi, pajeng asri payung kembar, payung agung dhedhet kehing.

22

Lampahnya selur adulur, pan sasilir ing angin, sangkan-sangkan bae kudu anemahi, ingkang arep cilaka.

PUPUH XXIV

01

Ora ana bedane ing jalmi, kang arep bagja sing sangkan-sangkan, kudu bae nemu eleng, pramila kudu emut, nyai Brajawati kang silib, ora opyak sawara, maring anak mantu, ing kalpantanganing anak, ya mangkana anak mantu, kang tan uning, temah nrajang pantangan.

02

Den wis nrajang pantangan tan keni, yen dangdani ingkang aran sirna, ing lalis tan kena wande, datan kena pindho laku, kudu bae amaspisani, ing pati lawan merad, tunggaleku nipun, ingkang mingsa dhasaring toya, ingkang ambes ngayangan dhasaring bumi, sakabeh iku tunggal.

03

Kang minglintang kang mingsurya sasi, kang sumurub ing jro garba, anang gunung ing jro garba, anang gunung ing wetenge, ing jro wetenging watu, pan sarupa lakuning pati, lincakan aneng buwana, dudu iku lampus, dudu mati dudu pejah, pan kewala salin nagara den panggih, ananging den wis pindah.

04

Ora mantra den abalik maning, mung sapisan sapisan kewala, tan mindhoni lincakane, mulane laku iku, wus den becik wuwusen nini, amung kari entenana, iya Rara iku, wewetengan titinggalan, Brajawati wuwuse angemu tangis, nya mungga tulungga.

05

Wewetangan dra pon gelis lahir, den kajamak kalayan manusa, punapa adat kang prantos, sampun takeran tahun, susah temen yen boten si nyai, ingkang andaya-daya, nunten kaparipun, pola kula ngajab-ajab, ya aganti tanpa anten-anten dugi, windon takeran warsa.

06

Inggih kula boten kilap nini, supayane tiyasa amedal, Indhang Sakati sahure, isun jaluk kukudhung, wastra putih ingkang abecik, den barikut sabadhan, lan ukupana kang agung, kira-kira sakalapa, isun pejah dodolan ngundhang kang gaib, atawa mangurungan.

07

Lan anjaluk kembang kang wangi, ingkang warna kalawan dasa nedha, jawada ing sawarnane, ya ing pasar kono iku, go sasajene kang gaib, boreh wangi lan lenga, suri kacinipun, lan kembang campaka pethak, karang melok aja na kari, iku sadiya kena. ☻

08

Ya ta Brajawati wus nimbali, wong jro pura kinen sadhiyaa, ya ta wus pepek sakabeh, ing sasangen pamundhut, ipun Indhang Sakati, maragsag ing ayunan, nyi Indhang kukudhung, putih sarta ngukup menyan, sadangune muja rara den adhepi, maring kang meteng lawas.

PUPUH XXVI

P A N G K U R

— 01 —

La ya Nyi Indhang garjita, anjumbul-jumbul kaget tur sarwi nabda he sakoro kacung, Parwatali lawan Talibarat padha gujengana iku, Rara Lisni ingkang rosa, ambok kontal kenang thathit.

— 02 —

Ya ta Talibarat, Parwatali pansamya anggemeli, astane sang rara iku, dupi Nyi Brajarara, anggepeli rambute sing uluhipun, tan dangu kilat agemnya, talerep kilat lan thathit.

— 03 —

Gebyar-gebyar ora mendha, mapan kilat mancaroba nganan-ngering, maring ngarep maring pungkur, mingsor maring ngawiyat, dangu-dangu nuli medal gelapipun, gelap ingkang mancaroba, ting sariwik nganan-ngering.

— 04 —

Maring ngarep maring wuntat, maring dhuwur mingisor anjejeg bumi, dangu-dangunipun nuju maring Rara Lisni adan, babar pisan wedale jabang jalu, warnane suteja peglag, kakacae ika dadi.

— 05 —

Gelap nyenggrang namanira, ari[ari ika sampun dumadi, gelap sangyang wastanipun, pusere ingkang tigas, dadi gela nyawang ing paparab ipun, wus kadadiyan titiga, kapat maring jabang bayi.

— 06 —

Ya ta Prabu Ciyungwanara , cirak-cirak kalangkang suka ningali, kang canggah wus babar metu, ingkang marga lantaran, ingkang tulung Ingdhang Sakati ing mau, kang kina daluraning karsa, amiyosaken babayi.

— 07 —

Sang jabang ika kaangkat, linggih ratu dening sang prabu yoni, Ciyungwanara kang junjung, kalenggahaning canggah, pan sinebut Prabu Wastu parabipun, kasanson ing kulawarga, Pajajaran suka ngapti.

— 08 —

Aketuge sasahuran, wetan kulon padha aganti uni, tanopen wetan lor kidul, sawaraning Yang jagat, padha nakseni ingkang lilinggih ratu, ana ing rat Pajajaran, Prabu Wastu jabang bayi.

— 09 —

Tatapi ing karsanira, Ciyungwanara si jabang dipun imponi, piyambak ing Prabu Sepuh, ya ta samulur raja, ing Pakuwan ra timbul ingkang sasulur, akeh padha rena, amuji juragan aji.

— 10 —

Mila ika kang wong sanak, Prabu Ciyungwanara saking ngukir, rancakowek warni manuk, kang aran Gunung Krendha, kang pinangka pamong-monga Prabu Wastu, mrana-mrena atut wuntat, anjaga dhiri sang aji.

— 11 —

Prabu lare wus anyakra, menak pra kuwi sigar sawetaning, Pajajaran kaya mau, awit Cilutung ngetan, tatas maring Cipamali kang kawengku, dening Prabu Wastu purba wisesa Sundha negari.

— 12 —

Papatihe kang anama, patih Burung kandha nyatane paksi, kang juru pamong-mong wau, bisane anginger bala, mulane dadi papatih.

— 13 —

Tanggung-tanggung kang manusa, masih pinter kepati burung wiring, Tumenggunge kang sinebut, Tumenggung Natakriya, Pakuaji saking Cigasong punjul, bisa nginger pagaweyan, kang dadi anjugalani.

— 14 —

Tan Ki Demang Bantarpanjang, langkung bisa amutus kang prakawis, agawe enaking padu, angrampungi pradata, lan Ngabehi Sokapulang iya iku, ingkang jaga-jaga nagara, ngemiti pagusten aji.

— 15 —

Wus tan ana kakurangan, sinaroja gul menak kang Bopati, apa adating sang ratu, pinayungan para eyang, Parwatali angahu biwaya ipun, miwah eyang Talibarat, kang seghenge angampingi.

— 16 —

Ing turunan Pajajaran, kawuwuhan sadulur kang ngampingi, gelap nyawang Karangsembung, gelap Sangyang Talag, gelap senggreng kalangkeng pandengel wijung, kang padha raksa rumaksa, ing salinggih ing narpati.

— 17 —

Kocap praja Pajajaran, ora kena jaladhak ingkang wani, tan kena sathithik sigug, anuli ana gelap, tanpa sangkan mobat-mabit awor lisus, Parwatali Talibarat, giyuwan peteng lir wengi.

— 18 —

Sing asing aneranga, ing pantange Pajajaran dadak nuli, udan angin gelap tempuk, iya iku martabat, ya polahe Talibarat anempuh, Parwatali ngabar-abar, lan gelap nyawang nambungi.

— 19 —

Gelap sangyang sing jro toya, gelap senggreng garantang tanpa thathit, kaligane gumurubyuk, gumalendhang dharangdhangan, ya mulane den arani ingkang nebut, aki buyut Banyakgarantang, ila-ila kang pamuli.

— 20 —

Iku dadi patengeran, anak putu ingkang anyerang papali, nuli ngedhang para buyut, maring sobawanira, pramilane Pakuwan wanter pangaruh, mauk miber angambara, ngungkuli bawa dewaji.

— 21 —

Tangtu tiba kaju lina, turunan ratu anget sakalir titi, tan kena den idek iku, wawayangane nalendra, sing angidek dadi pincang dadi buntung, sing angidek Suramangkrak, dadi lumpuh dadi gering.

— 22 —

Ngayeg-ayeg kena tulah, Prabu Wastu Pajajaran mandi, supatane dadi tumpur, saanak putu nira, inkang kena padha upataning ratu, Prabu Wastu Ginotama, sinata ing dhewaji.

PUPUH XXVII

S I N O M

— 01 —

Prabu wastu Pajajaran, sedhengane olih rabi, saking anaking bramana, Susuk lampung ingkang nami, Ni Ratna Sekarati, kalangkung warnane ayu, warnaning kaendahan, tan ana ingkang mantari, kaya garwa sang nata ing Pajajaran.

— 02 —

Kalangkung ing kinasihan, ing sadaleming purati, linulutan ing sakula, parekan kang ageng alit, dening warnane abecik, patutuganipun arum, anglegakaken manah, sapolahe amantesi, gedhe cilik sadaya aturun marma.

— 03 —

Wedi asihing majikan, ora na sawalang kapti, jeng prameswari sakara, cirinipun den ingkedhi, ora ilok kathik, aresep saumur ipun, ya dadi ora bisa, anak-anak ing sasami, laminipun ora amiyosi putra.

— 04 —

Suwane Sri Naradhipa, dening datan miyos siwi, punika kang prameswara, tatamba ing ngenda-ngendi, daropan anganaki, parandene datan metu, anak maning yen iyaa, sabab kaliwating aking, pranakane Sang Dewi Sarkara ika.

— 05 —

Pirang-pirang tukang tamba, saking sabrang saking Jawi, kang seja naglelesena, pranakane ya Sang Dewi, weleh tan ana dadi, mundhak akingipun gempung, koncara lamon ika, ora idu ora yiyid, ora umbel ora duwe sulu mata.

— 06 —

Tan karinget tan kalalar, ora wadi ora mani, estuning bresih sarira, ora reseb ora mimis, marmanipun dumadi, lan amijil putranipun, Prabu Wastukalintang, wus boya anganaki, garwo malih garwo malih pon tan putra.

— 07 —

Ngalap garwa wadon ingkang, bebet manak istri saking, putrane Buyut Satohan, kalangkung dermaneki, sampun kagarwa puniku, ana ing Pajajaran, pinuju panenggek kang asri, salamine pon boya miyosi putra.

— 08 —

Kocap Ptih burungkrendha, angiwat putraning aji, saking pulo Tulangbawang, wau kang binakta dening, nama Encecalingcing, pun sampun wau akatur, dhateng sang prabu nata, ing Pakuwan sampun tampi, iya iku dadi purwakaning perang.

— 09 —

Ing besuk panusul ira, Tulangbawang maring Jawi, angused larining ilang, lawas-lawas katiliktik, anenggeh maring Jawi, tan ana roro tetelu, ingkang papati garudha, amung ing Sundha negari, ing marmane besuk karuru larinya.

— 10 —

Dupi samangke kalingan, durung gemet angilari, marmane ika wanodya, Ence Galingcing dumadi, garwa aji ing puri, Pajajran iya iku, kyan Patih Burungkrendha, kang nanggoi pati urip, sewakane dheweke kanggep ngawula.

— 11 —

Tiya cicirine ta sira ki Patih Burung ya dening, karya laku ngiwat-iwat, kale wadon duwe laki, kangkat wani angambil, kanggo babakti ing ratu, ngiseni ika kewan, nuli ana arti nisip, gawe ora arju mungguhing dewa.

— 12 —

Wang ing sakala samana, ora nana una uni, Prabu Wastu ing Pakuwan, pon kagarwa tan mijil, putrane gabug maning, garwa tetelu tan sunu, nuli malih gagarwa, kang minangka maha dewi, wadon saking Luwiliyang kang anama.

— 13 —

Sariandilep kang nama, putraning Buyut Gunggirik, pan mangkana pinet garwa, ya iku pan gabug maning, tan ana medal siwi, kasawung ing pegat turun, atuwin ana anelang, kang dudu waris ing aji, ya wis ngijir gadhang kaselang susupan.

— 14 —

Marga peteng kang anyelang, apindah-pindah turuning, rati ing Pajajaran, satemene susupan ing bramana mangko gadhang kacatur, nuli sang nata garwa, malih kang pinangka dadi, pameswari iku wadon saking kubang.

— 15 —

Putrane ki Cupangcapra, nami Nyi Carananggolis, panendhi ratu Pakuwan, iya dadi gabug maning, ora na kang mijili, garwa sakali manipun, garwa lima kapadhan, gabuge tan ana mijil, ing aputra gawoke wong Pajajaran.

— 16 —

Prabu Wastu nuli ngalap, selir kawandasa sisi, winangking sadaya nira, tan nana medali siwi, agabug sadayaning, rinebak-tebak asuwung, tan ana gumentasa, ing dos wiji-sawiji, ngajah padha mathem wijil gembyung.

— 17 —

Wondening arjaning pura, ora nana kaya iki, Prabu Wastu mulat bisa, ambabar danawa wangi, salamine ngratoni, wis windon takeran tahun, lami-lami kang garwa prameswari Sarkarati, langkung sadarga dening tan kagungan putra.

— 18 —

Lalu buwang-buwang raga, mikiri punthes ing aji, dadya pamitan sing kana, sing ngarsane Sri Bupati, ora anggandol sami, rama ajar Sususklampung, tumulung darbeya siwi, Prabu Wastu pan andulur ing garwa.

PUPUH XXVIII

KINANTHI

— 01 —

Dadining sang Prabu wastu, ing lilani prameswari, entare saking Pakuwan, sebab wis ora na maning, garwa ingkang kinasihan, mung garwa aji Calingcing.

— 02 —

Asal Tualangbawang wau, kang dipun abet ing ati, anggepe sang nata endra, bubar kabeh para rabi, sok aja Calingcing ratna, kang dadi rasaning ati.

— 03 —

Gabug-gabug pan kapuhung, sakabeh tan amutrani, sang nata pijer kakenan, ing dhesthi ratna Calingcing, sakathah ing para garwa, lan ana ketang katolih.

— 04 —

Amung kang den tunggu pupuk, iya nyi Rara Calingcing, estu kangge ing akrama, rimbitan sawengi-wengi, pepedhang sadina-dina, angrasa dadging sagelih.

— 05 —

Sigegen kang dhesthi lulut, kocap nyi Sarkarati, medheke maring kang rama, bramana Susuk pinundhi, panuhun reka pandaya, dra pon dheweke si siwi.

— 06 —

Ki Bramana wuwusipun, ya toli kapremen si toli akale si bapa, ora na kang miyatani, toli kapremen tala, budine si bapa iki.

— 07 —

Kajapa ingkang panedhu, kang usada warni-warni, ing sabisa-bisaningwang, angupaya apa maning, mider kenges sun salaksak, ora na kang miyatani.

— 08 —

Kang luwih punjul sing isun, supondaya amaringi, ora kaya tan tumama, toli kapremen maning, pandaya misunwis cekap, cupet cempole ing budi.

— 09 —

Ratna sarkarati muwus, rama kula jaluk mati, yen boten medal putra, jaluk mati sapuniki, sumangga den pejahana, dening jeng rama ing ngriki.

— 10 —

Kula boten ajeng mantuk, dateng Pajajaran malih, yen boten badhe pikangsal, awak kula langkung isin, dhateng maru-maru kula, kasuhur ngilari jampi.

— 11 —

Nunten kula mantukipun, kalowos tan angsal kardi, sumangga jeng rama amanah, Bramana Sususk mangsuli, babu nini ya ta iya, si bapa pon milu isin.

— 12 —

Ora kaya yen isun, bebeg dheng wis sumpel ati, toli kapremen iya, ambri dadalaning ngoli, kaya pasakarep ira, sira gelisa pepecil.

— 13 —

Ratna Sarkara agupuh, tegane wis sangu keris, arahe suduk sarira, dupi katingalan dening, ki Bramana Sususk enggal keris den candak tumuli.

— 14 —

Basane jalukan isun, ingkang mati labuh geni, babu nini aja sira, sira salameta urip, sarta aduwea anak, benjang ing sawuri mami.

— 15 —

Ya ta bramana awangun, tumangan geni wus dadi, adan enggal linebonan, bramana wus dadi api, wus dadi apu dahana, dimane ikang nyurupi.

— 16 —

Dhateng guwagarbanipun, Sarkara dadi garbini, malembung wadharan ira, dupi ginarayangaken dening, dhukun anyata bocah, berage nyi Sarkarati.

— 17 —

Adan gupuh enggal mantuk, ing Pajajaran wus isi, anjeblung punang wadharan, sasambate prameswari, yen rumihin sacombana, lawan Prabu wastu nuli.

— 18 —

Kula kesah ruru dhukun, inggih laksana pakolih, dhukun sakti mandraguna, dugi kula meteng mangkin, puniki ingkang yumana, ucaping dhukun pawestri.

— 19 —

Kang grayang inggih estu, inggih isi jabang bayi, Prabu Wastu angandika, subagjane estu yakti, mangko yen manjing itungan, sangang wulan duk sarasmi.

— 20 —

Tya estu anak isun, nanging yen angliwat saking sangang wulan duking bendra, iya dudu anak mami, nyata iku olihira, ruru lanang liyan maning.

— 21 —

Prameswari agegetun, maras bok angliwati, ing sasiye bebeleyan, salamine ketar-ketir, bekeng temah iya liwat, dugi maring rolas sasi.

— 22 —

Ya ta ika Prabu Wastu, kalangkung sengit kapati, tan karsa angaken putra, kang garwa den tudhung wani, samono Dewi Sarkara, sedheng tandang karsa nyingkir.

— 23 —

Kesahipun saking riku, kang jabang kinempit ingindhit, mantuk maring lampung karsa, Prabu Sepuh liwat luwi, masa kakena ing manah, ningali warengka sesi.

— 24 —

Sangsaya ing pulo Lampung, Ciyungwanara nimbali, ming pancalima Pakuwan, Talibarat Parwatali, Gelapnyawang gelapsangyang, gelapnyenggreng kinen sami.

— 25 —

Jaga aneng pulo Lampung, jabang bayi wareng mami, ya ta ika pancalima, samya ing Lampung ngabuhi, dadya tilar Pajajaran, angraksa jabang narpati.

— 26 —

Nulak sagung bala ripu, ing Lampung rahayu urip, Dewi Sarkara buwana, ing kana nuli angimpi, kapanggih lawan kang rama, bramana Lampung nuturi.

— 27 —

Saryakaruna lingipun, adhuh gudhi anak mami, anandhang lara katimpal, kang gondhol si jabang bayi, si jabang sira sun puja, angreha Sundha negari.

— 28 —

Aranana jabang iku, dening ingkang nyambat asih, aranana Sususktunggal, cacaloning wong abecik, yen tuwaa besuk bagja, muktine tinemu kari.

— 29 —

Wusing mangkana awungu, emut wawangkiding ngimpi, jabang lunta ingaranana, Susuktunggal kang nami, pinayungan pancalima, yan mini moyang gaib.

PUPUH XXIX

ASMARADANA

— 01 —

Duk kang yuswane sang jati, jejeging sadasa warsa, adhemiwit arti budine, alusma barang laksana, tan pati guling dhahar, karemane angalenthung, ing pasisir kidul ika.

— 02 —

Wus awor lawan dhedhemit, satingkah polah limunan, wis tan karungu wartane, nanging ika pancalima, but buri amayungan, sagenahe Jaka Susuk, pancalima momong lampah.

— 03 —

Talibarat Parwatali, Gelapnyawang Gelapsangyang, Gelapsenggreng salabehe, kabeh padha rumaksa, maring sang Susuktunggal, ana ing lautan kidul, ombak-umbul ing sagara.

— 04 —

Ing karang kang sigreng sungil, karemene kumarasan, tumuli ana esihe, nyi Gedheng Rarasiluman, maring kang Sususktunggal, ing kana den gawe mantu, pinanggihaken kaliyan,

— 05 —

Putrine ingkang anami, nyi Rara Mutiyalarang, sampun campa kramane, ana ing tenjolayaran, ing jagad alimunan, denuri-uri den ruru, denira para jawata.

— 06 —

Sigegen kang amor dhemit, kocap kang aneng Pakuwan, Prabu Wastu sajengkare, genya anyakra buwana, amurba amisesa, Burungkrendha patihipun, andel-andele sang nata.

— 07 —

Datan antara ing lami, panusuling Tulangbawang, Kaka Ramana jenenge, sabrang dadi adat buta, padha doyan manusa, belung kapal bulanipun, wus bancik ing Pajajaran.

— 08 —

Seja angrebat sang putri, Ratna Calingcing ing kuna, muwah deniwat dhingine, dening patih Burungkrendha, seja mangko denrebat, sang putri seja mangko denrebat, sang putri seja denjuput, kangiwat seja denrusak.

— 09 —

Patih Burungkrendha aglis, amampak maring payudan, angintaraken balane, ya ta dadya ingkang perang, bala ayun-ayunan, wus pinten ing laminipun, genya angrok bandawasa.

— 10 —

Long-linongan akeh mati, adan bala Pajajaran, kundur kapereg lagane, kadya ta bala wanara, kabareg dening buta, pating burisat lumayu, kapereg ing bala buta.

— 11 —

Patih Burungkrendha mijil, ing gelar angudi lawan, bala sabrang kondur kabeh, ingamuk ing patih ika, kadya garudha meta, nalampek naladhung nucuk, nyoker musuh padha bubar.

— 12 —

Adan lakining Calingcing, kang nama Betyawelara, mapagaken pangamuke, Patih Krendha wus den jragang, kuwel amagelutan, jejeg-jinejeg apalu, pinalu balang-binalang.

— 13 —

Angentongaken tanagi, genya ajojo brawasa, pirang-pirang dina gone, tarung nuli ana ingkang, asore Betyawelara, den thothol jajantungipun, katarik ming jaba pejah.

— 14 —

Betyawelara wus mati, ngajejar kang angga murca, pareng katingal pejahe, Betyawelara denira, ki Patih Burungkrendha, adan mara sepuhipun, kan nana kakarawan.

— 15 —

Andik muntab ambeledig, maring ki Patih punika, dipun jambak jambule, Patih Burung wus anglenggak, kataring ing rawana, den idek jalune iku, Patih Krendha gulu pegat.

— 16 —

Kang endhas sigra tumuli, den balangaken alepas, muluk mesat dan tibane, ngayunan Ciyungwanara, kaget sang nata wendra, ningali endhasing Burung, baledug ing ngarsa nata.

— 17 —

Ciyungwanara angarti, den kapepes ing ngalaga, adan pratignya wiyange, sagarwa sakulawarga, ngili ngidul miruda, ngingisik sagara kidul, apaladara susupan.

— 18 —

Sarya sira anglalari, wareng nata ingkang nama, Susuktunggal re sajege, Talibarat ora nana, Parwatali muwah ingkang, Gelapnyawang Gelapsenggreng, Gelapsangyang iya tunggal.

— 19 —

Ing praja akeh kang wani, lan sakehe kabuyutan, dadi padha cama kabeh, padha asirna guriyang, puruge wareng sang Susuk, munggwaika pinanggiha.

— 20 —

Yen pinanggih Sususktunggal, kangtu tinemu sadaya, pancalima sadhapure, mamane Ciyungwanara, milane analasak, esmu rada kaduhung, anitah ing pancalima.

— 21 —

Angemonga Susuktunggil, tan kawarna kang susupan, kocap ika sang katong, Prabu Wastu Pajajaran, kadhesek ing prawira, kadhesk denira jemur, den kepung wakul kodagan.

— 22 —

Wong Kaka Rawana wani, mrepegi pura nata, prajurit pakuwan saseg, bubar larut kumagilan, lelewaning wog Tulang, najis kangginawe punglu, camedhar lan tahi jalma.

— 23 —

Siniratan uyuh anjing, cocoratan atawa pongpa, lir udan deres tibane, ya ta wong dhatulaya, Prabu Wastu sagarwa, sadaya pan sami larut, bubar lorode mengetan.

— 24 —

Dewi Calingcing tan kari, binakta dhateng kang raka, sigra andarung lampahe, Prabu Wastu ika sarya, anyangking sada lanang, ngentep ngetan sigra rawuh, ing pinggir Sangyang Talaga.

— 25 —

Kang gamilang-gilang wening, dinamai Cahierang, adan sineblak toyane, lawan ingkang sada lanang, banyu sigra dumadya, jagat buwana kadulu, kang sejen sing jagat dharat.

— 26 —

Prabu Wastu karo rabi, nyi Calingcing muwah bala, warga sakabeh kang dherek, padha nang dhasar talaga, iku sadayanira, adadalem ing jro banyu, sabata lawan sileman.

PUPUH XXX

M I J I L

— 01 —

Kang na dharat datan bisa uning, ing jagating kono, ya wis dadi kaya merad bae, sabab uwise ora balik maning, lan ora kapanggih, lan ora na kang weruh.

— 02 —

Ya Sang Prabu wus sirna alalis, dupi sri kadhaton, wus jinabel dening musuhe, Kaka Rawana angadeg aji, ing Pakuwan nami, iki pan jumeneng ratu.

— 03 —

Ya Sang Prabu Kaka Rawana nami, paneleng ing katong, pan jumeneng Prabu Karadhatang nengge, ora nana wani mantari, ing sa Sundha sami, sadaya anungkul.

— 04 —

Anut maring prabu anyar mangkin, Prabu Tulangtogmol, pugas brangas ala atine, tan kagungan basarang-saring, yen karsane mangkin, tan kena sinundhul.

— 05 —

Yen wus karep kaya lare alit, kudu bae dados, ora kena den semayanane, datan kena sinundhul aturaning, bener luput mesthi, tan kena winurung.

— 06 —

Ingkang denkait budi ngarani, doyan main mabok, la yen mabok dadi kamungguhane, tor-toran anginum sopi, dadi amuwuhi, keras akalipun.

— 07 —

Demen mapan ingkang yoni-yoni, candhi-candhi entong, akrh gempur kapur atine, kabuyutan tapakaning wasi, akeh den padhangi, ingkang singub-singub.

— 08 —

Ya Sang Prabu Kaka radha bang madhig-dhig, sajamaneng kono, wong Tulang Minadho enggene, arubungan ing Sundha negari, padha atut buni, ing pagusten isun.

— 09 —

Pareng angsal windu lami, kawarnaa sang katong, Ciyungwanara ngilari warenge, ya angluru ing tasik pasisir, kang pinuja timbul malih, angrebat warisipun.

— 10 —

Kang samangko kang kacekel maring ratu anyar othon, Raden Susuk ingkang sayaktos, pan den jejep ing tingal dhemit, marono ambuneki, Ciyungwanara ngidul.

— 11 —

Ana ganda ingkang samariwing, saliwer marono, Talibarat lan Parwataline, pan ya iku tetengering Sususktunggal, swara kang tan pangling, Gelapnyawang Gelaptanjung.

— 12 —

Gelapnyenggreng dadya ika sang aji, Ciyungwanara gatos, ngidul ngingisik jaladri pinggire, sarya ngobong ukup mangkin, ing pinggir kikisik, ager sagalugu.

— 13 —

Pan kumutug ing ngarsane aji, ing watukiliyong, Prabu Ciyung pan kukudhung putih reke, belenging manah ora nakali, kang wareng den puji, awan benginipun.

— 14 —

Angembaa ratua tumuli, tan suwe agantos, Talibarat Parwatali praptane, lan galudhug saya seru swaraning, Gelapnyawang Gelapsangyang sami, Gelapnyenggreng karungu.

— 15 —

Ngener cipta tan ana kakalih, panter pamandheng ingong, kan den esthi kuwareng, meeng wareng Raden Susuktunggal, kang dadi raosing ati, gelis amora wong iku.

— 16 —

Aja lunta awor lan gelis, krana ingsun dan raton, kang ngimponi sapalayake, lan sumadi si wong kang duweni, dudu turuning waris, ing sadanguning nedhu.

— 17 —

Kawarnaa kang aneng dalem dherit, Raden Susuk mangko, kala iku mambu ukup gandane, ngendhel ora mari-mari, angabdi tanpa uwis, raden denya sewot-ewot.

— 18 —

Manah pikir karsa padhaning jalmi, manah kadya rontog, kudu eling ing jagat maune, dadya pamitan tumuli, wau waheng garwaneki, isup arep titilik ibu.

— 19 —

Mubya ya larang amangsuli aris, ya sok aja lali maringong, krana kula pan lagya abobot, benggi pareng si jabang dumadi, lahir jabang bayi, aja ora ing takut.

— 20 —

Krana ingkang kang uwis lumari, wong lanang tinggal wadon, tinggal rabi meteng tambu besuke, pareng lahir takon bapa tumuli, bawaning wong wis mukti, tan ngaku olihipun.

— 21 —

Ta kang uku panjaluk isun iki, raden nabda tan samono, ya manawa ora lali-lali bae, den pracaya kranane iku nini, teka upama benjing, yen cidra awuwus.

— 22 —

Ingkang ujar isun kang sayakti, munggwa amlesa katengong, aja timbul iku ing dadine, sumpah isun kang satuhuning, ya ta mutwa larang asri, suka manah ipun.

— 23 —

Agles Raden Susuktunggal pamit, ing mratuwa nembah panor, nyai Gedheng Rarasiluman nabdane, ika mapan wus anglilani, mung pohon rabi, aja lawas ya ki mantu.

— 24 —

Ya yen eling maring ngalelek rabi, apa maning maring ngong, Raden Susuk anembah adan linge, sandika karsa jeng ibu apti, pamuji-puji jati, tulus lampah wangsul.

— 25 —

Ingalingan dening ingkang gaib iki, pancalima ting pancorni, Gelapnyawang tan udan tekane, galudhug grantang widi narpati, Gelapsangyang nyuwong warih, Gelapnyenggreng badhengel wijung.

— 26 —

Parwatali ulur-ulur apti, Talibarat kang ngramon, lampahipun Susuktunggal nengge, medal saking kayanganneki, angambah karang kisik, ora na liyan kadulu.

— 27 —

Ingkang eyang Ciyungwanara aji, ingkang sumedi kono, Raden Susuk wus awas tingale, atatanya ya iku maring, Gelapnyawang la iku kaki, iku sapa kang kukudhung.

— 28 —

Nyandhing ukup sarta asamedi, Gelapnyawang tinon, yaktose Pajajaran punika prajane, luhur kita punika sang aji, Ciyungwanara pinundhi, tulung sadarganing kalbu.

— 29 —

Inggih payu kita pedheki, ya ta gugu panor, asowara dan sang nata manhe, rena-rena ningali kulebating, kang wareng medheki, ...ian anuli rinangkul.

— 30 —

Angandika subagja ta kaki, sira kang sun seja panon, kang sun ucap ing adi panewune, pan ya sira age-age ngambil, kraton Pakuaji, agemen ing wareng isun.

PUPUH XXXI

D U R M A

— 01 —

Ramanira Prabu wastu wus kokalan sirna alalu lalis, merad sejen alam, purane den wasesa, dening nelendra serani, ambeg nakoda, Prabu Kakaratandhi.

— 02 —

Ya wus ilang palakarta ratu Sundha, kaganti budi srani, sakeh kang malumah, dadi kumureb rebah, kang mangko dadi, padha malumah, estu basmi negari.

— 03 —

Ya kaduga manira apaladara, jawane sun anyingkir, kumanyang nganingwang, pinanggih lawan sira, sayogya sira kang mangkin, ngrebut nagara, pusakane kang dhingin.

— 04 —

Pareng sira Prabu Sepuh angandika, Raden Susuk matur inggih, minanten barkah eyang, sigra mangkat padha, amedheki kang nagari, praja Pakuwan, padha mayan dumadi.

— 05 —

Datan apa menenge galudhug obah, lindhu rat lir ginongjing, sadina ping sanga, mayeng ing sabandina, sabenbengi wanti-wanti, galudug ing arga, sabandina nguneni.

— 06 —

Ing jro gunung gumledhug jumegur obah, lor kidul ganti muni, akeh gunung kobar, maludhaging walirang, ulur-ulur nganan ngering, akeh kang rebah, basmi kaosak-asik.

— 07 —

Kasusulan datan mendha gelap ngampar, ingkang pating sariwik, akeh padha rusak, kang sinamber dening gelap, Prabu Rawana age ris, tumon so bawa, gara-gara nempuh.

— 08 —

Ya sang Prabu Kaka Rawana awiyang, ngili marang jagat lami, ge ris ing sangara, gara-gara ing nagara, Pakuwan anggege risi, wong Tulangbawang, bubar dhewek tan sudi.

— 09 —

Datan sudi jeneg aneng Sundha layang, bubar buyung kang kari, wong Sundhane kuna, jar jagate priyangga, gawoke para bupati, para gul menak, tumon widagda aji.

— 10 —

Bumi Sundha bisa nundhung kang anelang, tan susah den perangi, abubar priyangga, wiyange saking Sundha, tan urusan bubar neki, wis tan krasan, aneng Sundha negari.

— 11 —

Raden Susuk iku angruru pusaka, ing rat Sundha nagri, tan lami punika, rawuhe Susuktunggal, prabu sepuh kang angiring, anjaya-jaya, linggihe wareng aji.

— 12 —

Inggistrenan ngadeg Nata Pajajaran, katelahe sang aji, Prabu Susuktunggal, kasaksen ing gul menak, padha sinuhuran dening, ketung kang swara, gumarang ing sabumi.

— 13 —

Kang nakseni ngadeg Ratu Pajajaran, kan nami Susuktunggil, sampun sinaroja, ing adi kulawarga, Pajajaran jengger malih, kadi duk kuna, adat Sundha negari.

— 14 —

Prabu Ciyungwanara kang jaya-jaya, pinudhung ing sagunging, Talibarat nama, Parwatali miwah, Gelapnyawang Gelapnyenggrang, lan Gelapsangyang, ingkang padha angaugi.

— 15 —

Salinggihe sang Prabu Susuktunggal, angsal panglima luwih, sasat sinung nama, Patih Dhuyunglanangan, sugih kasekten lan bangkit, ing pagaweyan, nginger kawula alit.

— 16 —

Sasamine kaya Patih Gajahmada, kang aneng Majapahit, yen ing Pajajaran, kang nama Dhuyunglanangan, ora nana kang mantari, sarwaning bisa, amarigel ing nagari.

— 17 —

Emban-emban sang ratu kang nama, kang dadi sorog wedhi, ya iku kang nama,Ki Tumenggung Ulungdaya, kang sagawe ngratajani, murwa pakaryan, ambeciki ing nagari.

— 18 —

Pajaksane duk samono kademangan, Demang Cimancurluwi, akeh akalnya, pamagutan pradata, ora kewuhan ing udi, dados pakeca, ing manah sri bupati.

— 19 —

Lan kang nama ki Ngabehi Sujimara, ingkang jaba negari, kang langlang buwana, anulak bala wita, kapracaya ing sang aji, sakalir karya, kang dadya mikenaki.

— 20 —

Prabu Susuk waktu duk sakala samana, sanak medhoke sami, iku dalem ingkang, ing Sindhangkasih praja, sang maha dalem japati, kang kinawratan, dening prabu Susuktunggal.

— 21 —

Kumarasan ing Sindhangkasih praja, karanane sang aji, wus angsal supna, yen gadhange ing benjang, ing kono enggone lalis, purwane amerad, amblese maring bumi.

— 22 —

Ya ing bumi Sindhangkasih marmanira, anyawang-nyawang warni, malawat katingal, lolomponganing jagat, kang aneng dhasaring bumi, sampung kalawang, mula sang prabu ngarti.

— 23 —

Tya iku enggon gadhang palincakan, enggenipun angalih, jagat kang babasan, kewala pan ora pejah, salin nagara kang lantip, ingkang asirna, ingkang mingkali kardi.

— 24 —

Pan sawulan sapisan sang Susuktunggal, nginep ing Sindhangkasih, kawangun pura nata, mangkana ing karsanira, ing wong sanak Sindhangkasih, nawang susirna, bali dalem japati.

Dadya suka ki dalem japati ika, rehing den kulinani, dening pamajikan, dening rejanipun, kang cacangkok Sindhangkasih, kadya nagara, yen kalingihan sang aji.

PUPUH XXXII

L A D R A N G

— 01 —

Pan kaloka Prabu Susuk nyakrawati, prameswara putri saking Sindhangkasih, ……………… paparab.

— 02 —

Garwa maning pula ……. raja Galuh nami, Kawularang …………… ing, Karanglopang kang nami nyi An ……….. hang.

— 03 —

Maha dewine pawestri sasl saking Sokapura, kang nama nyi Luwilingling, dewi mature asal saking Pasirpanjang.

— 04 —

Ingkang nami Dewi Simbarinten becik pinusthika, lilima saya lempuri, pan riniyang para ………………………………..

— 05 —

Ya wus apa kaya adat dewa aji, ya rinengga, ing sagenahe alinggih, pan riniyung ing para gegedhen sadaya.

— 06 —

Tan kawarna enggene amukti sari atahunan, kocapa garwa ing dhemit, ingkang wau tinilar tasik lamunan.

— 07 —

Mapan dewi Mutyalarang ang garbini, wus babar, putra jalu warna pekik, pinaparab Raden Anggalarang kwosa.

— 08 —

Wus aprajaka ika tatakon sunarmi winangsulan, bapanira iku aji, Susuktunggal kang mengkoni Pajajaran.

— 09 —

Anggalarang aturipun ibu amit sedya kula, amedheg ing rama aji, ara ngunjung ing rama dhateng Pakuwan.

— 10 —

Mutyalarang sabdane arum manis, isun melang, bok sira den pitambuni, nuli sira ing kana tan aku anak.

— 11 —

Nuli sira dentortalan baya pati, isun melang, denlara den pateni, katongsone isun welas maring sira.

— 12 —

Anggalarang atur sembah ibu inggih ananacak, inggih coba kentasa, ya dumadak yen boten ingaken ing nama.

— 13 —

Inggih saya jeng rama kula perangi, kang saingga, jemg rama angaken siwi, ainggih kula mantuni digdaya pancas.

— 14 —

Ya sang dewi Mutyalarang ngandika ris, mung ta sira, juwala apa wong siji, arep bedhah ing kuthaning Pajajran.

— 15 —

Mandadene den ucap kaya wong baring tangtu sira, ing kana den waskithani, kadya meres ujare kang amaskitha.

— 16 —

Raden Anggalarang ya matur boten sanggi, anggep kula, galethuk batu kacebur cai, bagja cilaka ya kantun punapa karsa.

— 17 —

Amung ibu pamujane kang sun pundhi, sarya wiyang, lampahe ngatut ing warih, buwal-buwal mijil sing dhasar jaladri.

— 18 —

Tunta ngambang dewa mambang kang angiring, jin prayangan, mara jabang Kaljurig, inton-inton memedi kanthung bragola.

— 19 —

Awor ombak anggebyug maring kikisik karang braja, angancik ingukir curi, pan anjeneng tan dangu siliran prapta.

— 20 —

Angin wayah sumilir ika dumugi Pajajaran, calengep kali riringgit, ngayune sang prabu Susuktunggal.

— 21 —

Sambat-sambant wonten pundi rama aji Susuktunggal, punika rama pribadi, kandikane si ibu yen tutur kandha.

— 22 —

Pramilane kawula sumeja ngapti ana labda, kamawula ing sudarmi, nunut aub ingaken putra sasmata.

— 23 —

Kapiyarsa denira wau sang Patih Dhuyunglanang, Anggalarang dipun tarik, dipun wasuh pinanjingaken panjara.

— 24 —

Anggalarang den surak bocah kangingsir sumantana, angaku putraning aji, gampang-gampang si monyet si tambewara.

— 25 —

Pinanjara watarane danguneki sapangedang, calengep ing ngarsa malih, samya geer la yen ana bocah setan.

— 26 —

Den panjara ya bisa muncul pribadi ora wruha, dewa mambang kang nguculi, jin prayangan kang gagandhi lampahira.

— 27 —

Kalajurig ingkang padha ngiring-ngiring adan tandang, Ki Tumemnggung Ulungangin, ya cinandhak Anggalarang wus pinala.

— 28 —

Den panjara maning kirane watawis sapangedang, calengep ing ngarsa aji, gegering wong Pajajaran kumangilan.

— 29 —

Lamon ika ya nyata bocah dhedhemit ora wruha, inton-inton kang nguculi, ya memedi bragola kang raksa-raksa.

— 30 —

Maha raja Bangbangan ingkang mayungi adan tandang, Demang Cimancur anarik, iku maring Anggalarang den galandhang.

— 31 —

Kira-kira iku maning sawatawis sapangedang, calengap ngarsa aji, surak ing wong Pajajaran nyata setan.

— 32 —

Ya siluman tasik kidul boluwarti ora wruha, Buyut Cai kang nguculi, Buyut Angin kang ngiring-ngiring kang ajaga.

— 33 —

Sangyang Limun kang tut buri amayungi mula arja, Anggalarang irus ing jati, Pajajaran padha tambuhing kang putra.

— 34 —

Panginane wong sadaya iku maring Anggalang, belis guguris nyaithis, pan luluthu bangsat ngaku anak raja.

— 35 —

Lamun tulus ingaku paniya dadi olih praja, atawa cacangkok siwi, iku nyata buktine ing paneluhan.

— 36 —

Ambalentuk anyolong ing si narpati mula ika, kudu kang awas ing dhemit, belis guris angibur-ibur ing praja.

— 37 —

Ya jaganen iku saolih-olih maring ratu, dhiri pagusten narpati, aja padha den ganggangi iku bocah.

PUPUH XXXIII

P U C U N G

— 01 —

Prabu Susuk wau pangandikanipun, he Dhuyunglanang, obongen la iku lare, yen tan geseng ya iku ta anak ingwang.

— 02 —

Ya ki Patih sigra tumandang agupuh, amariyat karya, tumanganing geni gedhe, wusing dadi Anggalarang den sangsara.

— 03 —

Pan rinate wesi pinanthokan kukuh, papathoke tosan, ing sajroning geni gedhe, pan darapon aja bisa lunga-lunga.

— 04 —

Kang tumangan denesep kalawan eduh, siniraman lenga, denepri darapon menter, den sinulud kang geni ya wus maludag.

— 05 —

Purubipun pan ora kalawan kayu, ana ing tampingan, ing Gunung Galungung genahe, wanter munjuk urub kadi angambara.

— 06 —

Sapangedang langkung pagedering urub, surak wong Pakuwan, Anggalarang den samangke, pan wus dadi awu aneng jro dahana.

— 07 —

Ora suwe kaligane iku muncul, nalengep ngayunan, anjum andhingkul padane, matur nembah amalampah den akuwa.

— 08 —

Den akuwa piyambake raja sunu, Prabu Susuktunggal, kandikane iya mengko, pisan maning iku ing panacak ingwang.

— 09 —

He Tumenggung Ulungdhaya dene gupuh, iki Anggalarang, kawurana ing angin gedhe, la den ora kawur nyata anak ingwang.

— 10 —

Ki Tumenggung asigra tandang agupuh, gawe lalayangan, kagila-gila gedhene, patang puluh pasagi sampun prayatna.

— 11 —

Tataline jenget ing sambadanipun, ya ta wus sadiya, Ki Tumenggung sakancane, ambeneri angin ngulon santer pisan.

— 12 —

Anggalarang wus den baleni akukuh, ana ing lalanang, ing layangan wus rinekep, nuli sira lalayangan pan den ajar.

— 13 —

Keplas munjuk lalayangan munjuk dhuwur, ika Anggalarang, munjuk kagawang abure, duga silep cat katon ya cat ora.

— 14 —

Wus ing menit ngadeg saka dipun dudut, den culaken enggal, kawur mumbule mengulon, kethip-kethip kagawa dening siliran.

— 15 —

Duga ngulon watara ngungkuli laut, ing gagaranira, ana ing sagara kulon, surake wong Pakuwan yen Anggalarang.

— 16 —

Ya wus ilang tuture kagawa abur, ingkang lalayangan, wus ora kawruhan tibane, ya taksire kaya nyabrang pulo liyan.

— 17 —

Pan sing ngendi bisane awangsul iku, bahi nate lepas, ora karawuhan ruruhe, iku bareng sapangedang nuli prapta.

— 18 —

Anggalarang calengkep wus aneng ngayun, nanging Susuktunggal, wus anembah ing ramane, iki bocah tegane ya sira delap.

— 19 —

Lawan mengko pisan maning panacakipun, sandhangen denira, pandadara isun gedhe, Kyai Demang Cimancur la iki bocah.

— 20 —

La ukumen ing kali manengteng iku, petilasan kuna, Cisanggarung kayaktene, pan dumadak ora mati kalem boya.

— 21 —

Tya tangtu sun aku anak dening sun, iya Demang Tandang, Anggalarang wus den rante, pan ginawa ngetan binuwang ing toya.

— 22 —

Aneng banyu den bandhuli kalawan watu, sakebo ya rapona, aja bisa kambang mangka, Anggalarang wus silep kalem ing toya.

— 23 —

Sarta sira den susuli maning watu, ingkang salulumpang, sakebo tuwin sagudel, kang salumbung darapon angurugana.

— 24 —

Aja bisa timbul kang den ekum mau, nyatane ki Demang, kaya ora pindho gawe, laksanane gawene ngemban timbalan.

— 25 —

Ya sabedhug salingsir ora na timbul, den nyana wus sirna, adan den tinggal wangsule, dhateng gusti Pajajaran tur uninga.

— 26 —

Wus laksana pakaryane la ta iku, masih anang marga, ing Pajajaran ya tegane, Anggalarang wis katemu ing ngayunan.

— 27 —

Wus anembah ana ngayunan sang prabu, Susuktunggal nabda, ya pugas delap si monyet, Angabehi Sujimara kari sira.

— 28 —

Iku bocah pendhemen kang jro asiluk, aneng tegal uwar, kang yatna angurugane, kang dumadak bisa balik ing Pakuwan.

— 29 —

Nadya isun aku anak bocah iku, ya ta kang dinukang, ngabehi gupuh tandange, pan tinarik Anggalarang den galadhag.

— 30 —

Pan ginawa maring tegal uwar iku, den pendhem watara, patang puluh dhepa jrone, den urugi tai besi pandhe dhomas.

— 31 —

Ya den tetel pinaseg gen ira ngurug, ing panyananira, ki Ngabehi Cukimire, pisan iki sira sida pendhem jarat.

— 32 —

Pareng lawan laksanane gawe isun, jalayat si setan, lumpur ludhes dilolocok, ki ngabehi wangsule asuka rena.

— 33 —

Ora matur ing pagustene sang prabu aneng Pajajaran, dupi dugi ing ngarsane, Anggalarang wus talangep aneng ngarsa.

— 34 —

Kaligane wus nembah arsa sang prabu, ika ingkang dadya, anggawoke wong saraje, mung ta iki bocah calonos binatang.

— 35 —

Tai olih si anjingsi kenang kutuk, sampun warna-warna, panyobaning ratu gedhe, wis kalesan panyobaning prabu nata.

PUPUH XXXIV

S I N O M

— 01 —

Warnanen, sang Anggalarang, ing Pakuwan den sakiti, den panahi datan kena, den bandhemi den bedhili, ajarujus medal warih, datan bisa ambeledhug, tombak keris lemes kadaya, gulalitan miyatani, ya pinenthung tinabok kejeng kang tangan.

— 02 —

Jinejeg sikile akas, jejegeng tan kangkat tangi, cinakot kaku kang uwang, mangap lir cinengkal wesi, unine ha ha ho ho, rarasan lan bisa metu, kena waliting Galarang, ika pancalima sami, asakabehe datan guna Gelapnyawang.

— 03 —

Mimpes pisan datan bisa, Prawatali datan bangkit, tan bisa ulur-ulura, Talibarat tedhu sami, ora bisa ambabari, Gelapsangyang Gelapnyenggreng, ora bisa amikara,padha mepes ingkang sakti, sa cep ana Anggalarang ing Pakuwan.

— 04 —

Anyirnakaken guriyang, Pajajaran padha sami, ilang pangaruhing nata, apes dening sang apekik, datan sang Susuktunggal, samana samangkenipun, kami sosote kang rana, dhumateng wau sang pekik, den cinandhak Anggalarang dipun angkat.

— 05 —

Ing karsanipun sang nata, binalangaken tumuli, ora kaya awratira, tan kajung\ jung ing asakti, karengkeng-rengkeng tan kapti, ya tan bedhol saking lungguh, ya ta Prabu Susuktunggal, hem ngandika sira iki, awak ira anteb temen tuduhena.

— 06 —

Yen saestu sira nyata, teges lamon anak mami, yen saestu anak ingwang, kuwat anjunjung mami, asun kalangean agelis, ing sakarep ira iku, yen sira bisa balang, ngaken maring raga mami, iya nyata tegese ku anak iwang.

— 07 —

Denisun wis sira buwang, karaton sira duweni, dening sira wis pracaya, dadiya gegenti aji, angreha Pakuaji, Anggalarang sigra junjung, wau dhateng Susuktunggal, kaangkat sayengan mangkin, pan gegetun wong kathah padha tumingal.

— 08 —

Teganira Anggalarang, angangkat dhateng sang Aji, den balangaken ning pura, Susuktunggal wirang isin, lingsem maring kang rayi, Prameswari duk andulu, kagume kang laki tiba, nyata kabuntal ing weri, nyata iku binuntal ing Anggalaran.

— 09 —

Ya ta iki prameswari, komalanten sabdaneki, ya wis payu padha pulang, maring kahiyangan mami, ing Sindhangkasiningid, anglipuraken ing kalbu, aja adadawa lara, sengkel ing manah tan sipi, wus riringkes sang nata lan para garwa.

— 10 —

Miyos saking boborotan, mengetan puruge ngili, Sindhangkasih kang sinedya, gegere wong dalem puri, kelangan majikan neki, wong sadaya ting balulung, waneh ingkang atur uninga, maring wareng prabu aji, enggal prapta Prabu Sepuh aneng kana.

— 11 —

Dan Patih Dhuyunglanangan, lan Tumenggung Ulungdhayi, samiyar tur kandha wara, lilingseme ing marmaning, dening Anggalarang gusti, ya ta Anggalang iku, ingandikan pinariksa, ing ngarsa Ciyung sang aji, aturipun pon kula punika putra.

— 12 —

Ya sang Prabu Susuktunggal, patutan Mutyalarang dewi, saking kaputren siluman, si rama kula pedheki, tan den sapakula iki, den lalara tumangan, ingobong jasad puniki, den janjeni nyata anak lanon gesang.

— 13 —

Ing wesana kula delap, boten geseng dhateng api, inggih lajeng kanjeng rama, boten ngaken dhalem mami, kulu nunten tinaleni, ing lalayangan puniku, dipun aburaken enggal, kalintang denira menit, den janjeni la yen nyata anak nata.

— 14 —

Ing wasana kula teka, ing ngayunan rama aji, inggih boten ingaken kula, nunten kentas malih, kinen ngekum ing warih, Cimenengteng pan binandhul, layan sela samahesa, inggih pon jinanjen malih,la yen nyata anak ingwang bisa teka.

— 15 —

Ing wasana kula teka, inggih maksih tan ngakeni, nunten kentas kawula, dipun pendhem lebet bumi, gih makaten ugi, jinanjenan la yen nyata metu, sanyata anank ingwang, yen wis amuncul maning, ing wasana inggih kanyata.

— 16 —

Anak ingwang bisa teka, ing wasana kula prapti, inggih maksih tan ngakena, ing si rama linggih aji, kelupun cidra maring, wekasane ngajak cucu, janjine dhateng kula, bisa balangaken mami, ngaken isun ya sanyata ya anak ingwang.

— 17 —

Inggih si wantu kahula, amalar dipun akeni, inggih kantos kula balang, wau dhateng kanya puri, drapon sampun lingsem neki, sapamanggih kula iki, minanten leres kawula, Prabu Sepuh ngandika ris, kerpek jantung iya iku bener sira.

— 18 —

Mangsa bodhoa kang guriyang, angriyung ing sireki, bapanira ingkang salah, gawe lingsem pribadi, ing temahe saiki, anglolos kalaning dalu, popolos amiruda, wong atuwanira gusti, iya iku pangidhepe ing wong apa.

PUPUH XXXV

L A D R A N G

— 01 —

Pradenane semono payu saiki padha kita, susul iku bapanira, maring etan manawa kita rerempah.

— 02 —

Nulya mangkat prabu sepuh lampah neki kalih sira, Anggalarang mapan sami, samya sira kulawadya Pajajaran.

— 03 —

Ora kaya Prabu Susuktunggal nuli genya salah, pan den udhag sengit, ika dadi Susuktunggal artinira.

— 04 —

Dadya sira Susuktunggal ika dadi kali marwa, ambles ing dhasaring siti, ing jajahan Sindhangkasih nukmanira.

— 05 —

Malah katon ing tingale prabu wanara lang Anggalarang, langkung gegetun ing kapti, ora kena untunge ku bapanira.

— 06 —

Ya ta Prabu Ciyungwanara abalik sarta ika, Anggalarang wus den asri, susuluring kang rama ingkang wus sirna.

— 07 —

Pan sinebur Prabu Anggalarang sangti ingauban, Talibarat Parwatali, Gelapnyengreng Gelapnyawang Gelaperang.

— 08 —

Panjinaga dewa mambang apa maning jin prayangan, kang memedi lan bragola, banaspati inton jurig lan kemangmang.

— 09 —

Anggalarang pan riniyung ing saliring, kang ing tawang, teluh braja lintang ngalih, layung abrit tapak angin lan gelapan.

— 10 —

La kul manuk ingkang bisa tata jalmi samnya ngabdi, anut ing titihing aji, amuwuhi Anggalarang arjanira.

— 11 —

Genya nyakra sumulur madeg dewaji wus koncora, menak pra kuwu nyungkemi, ing karsana sang prabu ing Pajajaran.

— 12 —

Waktu iki ingkang jumeneng papatih winastan, kyana Patih Bentanglompang, kadadiyane lintang karti iya ika.

— 13 —

Pramilane lintang karti cong keng siji iya ika, ing sang maha wruhing naya, dadi patih langkung saking wicaksana.

— 14 —

Tumenggung ika ingkang den arani namanira, Ki Tumenggung Paracutan, nyananing sakuling kalulawadya.

— 15 —

Mula nama paracutan iku dening angracuti jiwqaraga, nalangkep jalmi, ingkang nyawa pan dadi pejah.

— 16 —

Sagedhangan apayuyune wong mati nanging ika, yen wis den uculaken maning, ya janggelek urip maning ingkang kalma.

— 17 —

Waktu iku demange kang winuwuri kaki demang, Gurumuruh namanira, saktinira nyentak jalmi kalenger padha.

— 18 —

Yen anggerem ngoregaken ing sabumi kaya obah, kadya panggereming macan sami, ngabehine Sindhanganjen namanira.

— 19 —

Pan wus jengger sabawa Sundha negari aprakasa, prabu sampun mengku Prameswari, ingkang putra Sunan Jumanjang kang nama.

— 20 —

Ni Ratu Gumiwanglayaran Sari, mangka ingkang, pinangka iku ing kana, asal Baturuyuk ingkang miyosaken putra.

— 21 —

Pucuk gumun sepuhi ya ingkang nami, kang besuke puputra, nama Anggalarang malih, pan kasebut Raden Anggalarang mudha.

— 22 —

Mangka nuli kang minangka rabine aji duk samana, kaputran saking Jepura, ingkang nami Wotsari aputra Yang Maduraksa.

— 23 —

Iya iku kang ajatu krama maring Sangyang Citra, ratu Sekar ing tanpa omas, miyosi siwi sanunggal Raden Kalipa.

— 24 —

Iya iku kang alinggi aneng suci dupi ingkang, satunggale malih nama, Raden Sinom kang alinggih Salagedhang.

— 25 —

Raden Sinom iya iku amurtrani kang sinebut, guru mindha Mantrisari, mangka nuli Mantrisari apuputra.

— 26 —

Ingkang nama sanghyang Widaya kang sakti, Yang Widaya, ika nuli amutrani, Sanghyang Tubu kang linggih Sokawiyana.

— 27 —

Dupi iku kang kaaken maha dewi iya ika, pawestri kasing timbangan, ingkang nama Dewi Mayengan jeneng ira.

— 28 —

Kang den sedhep ing ayunan sri bupati Anggalarang,dupi garwa marujune, istri saking pasirmilir iya ika.

— 29 —

Wawangine Ni Erangtungtang kang nami iya ika, kang dadya dewi mature, Sundha puri sarta selir walung dasa.

PUPUH XXXVI

DHANDHANGGULA

— 01 —

Pan sinigeg Anggalarang mangkin, wustahunan windon mengku raja, ing Pajajaran anengge, cacangkok pra kuwu, tetes kali Cilutung maring, Cipali ya ika,

ingkang dipun rengkuh, dening Prabu Anggalarang, dupi saking Cilutung ngulon pan maksih, kaapti Ciyungwanara.

— 02 —

Lami-lami danguning ngaurip, kudu bae ana kasandhungan, ya iku ing sajenenge, Sunan Talagamanggung, ingkang putra jati kakalih, kang kasebut nama nipun kang karuru, kyan Sukmaantalirasa, kang kang atma Jayanglangkara sakti, kang darbe manah ngungak.

— 03 —

Seja ngaru ingkang linggij aji, ing sagunging sesa Anggalarang, teka den rumpaki kabeh, estu megat kukuncung, arep wangun lingsem ing aji, yen den prasila mangpang, akeh panglimagung, kang padha sirikokalan, tanpa dadi kalilip luguting aji, Anggalarang songkawa.

— 04 —

Edir-kadiran panantang weri, atmaja ya Lengkaraganal, basa jahata kerwanthen, iya isun ingkang estu, ing saiki seja ngadoni, saktining Anggalarang, sing akasor lampus, sing ameneng dadi raja, amponi buwana Sundha negari, la payu katogena.

— 05 —

Ya ki Patih Bentanglopang agasik, mepeg gaman Pajajaran, surupe ing kasakten, den katogaken sagung, pan bunihan akeh amijil, bulus putih angabar, ing awang-awang trus, img bumi anyaangkal obah, Raden Jayalengkara ya tan giris, dadya ngembat sarotama.

— 06 —

Sanjatane sapujagat nempeki, maring Lintang tiba padha silak, padha balik ing parnahe, lan nama tiba ipun, Patih Bentang gegetun kapti, popoyan maring rewang, ika ki Tumenggung, Paracutan kocap bisa, analangkup nyawaning wang dadi mati, la ika pinritandang.

— 07 —

Ki Tumenggung atandang madhidhig, sja nyuwuk atmaja Yang Tengkara, tinarempang den jarage, den jaragang cinawuk, Jayalengkara nyawa katarik, ragane wus galudhag, iya kaya lampus, ora kaya atma ingkang, kagem ngasta anyokot ilur ula mandi, Ki Tumenggung apejah.

— 08 —

Pan ageger wadya Pajajaran sami, Ki Tumenggung pejah kapisanan, den gigit dening musuhe, Tumenggung wus lampus, Atmajaya balik maning, ragane dadi gesang, urip kaya wau, nuli kulawarganira, Ki Tumenggung kabeh padha anangis, nedha den gesangena.

— 09 —

Sasambate lamon mangke urip, pan sumedya angabdi kahula, dhateng sampeyan sakabeh, Atmajaya agupuh, aglis sira andamu maring, cunguring Paracutan, kinepus dinamu, kempis-kempis kulimes sang Tumenggung ababalik sira ngabdi, maring sang Atmajaya.

— 10 —

Pan ya iku marganing angabdi, Menak Panumping kabeh kaparentah, dening Atmajaya kabeh, Tumenggunge kangracut, wadya bala Sundha negari, den adhepaken muka, ing pangabdinipun, maring Jayanglengkara aji, kari saubing payungika.

— 11 —

ora nyana kang kawula lit, Atmajaya adan ika ngangkat, maring sarirane dhewek, wus angadeg sang ratu, ing Talaga kang den jeneki, Tumenggung Paracutan, ing emban-embanipun, Atmajaya wus kaloka, Susuhanan Talaga mengku nagari, anyakra bawana Sundha.

— 12 —

Suuding bala kagiri-giri, wau dhateng sang Prabu Jaya, atilar Anggalarang, sing amaneni jemur, singa ingkang tan anut ing titi, ning Atmajaya dadya, tinumpes den tempur, mula padha kamawula, maring Atmajaya padha gumusti, tabuh maring Anggalarang.

— 13 —

Lawas-lawas ika sang apati, Bentanglompang saja amakaya, welas maring Anggalarang, seja malesaken iku, saolih-oliha merangi, maring sang Atmajaya, sejanira ngrebut, ing sesane Anggalang, sigra ngalurug kang bala mungkari sathithik, wadya sajroning pura.

— 14 —

Dupi wadya bala dhateng jawi, ingkang kathah wus padha kapurba, dening Atmajaya kabeh, pramila [atihipun, Bentanglopang karsa nglepasi, sanjata garantangan, lumepas anuju arah anglebur Ta;aga, kadi gunung gelap marab-marab geni, kadya ra ngobar jagat.

— 15 —

Wong Talaga kathah padha nangis, panyanane sakabeh kabakar, dening gelap maludage, datan antara dangu, gelap talaga ika mijil, kang warna kadi gegelang, pirang-pirang ewu, amapag maring garantang, sirna purna geni garantang alalis.

PUPUH XXXVII

P A N G K U R

— 01 —

Atandang Jayanglekara, menthang sanjata topan sira aglis, Bentanglompang geblas kawur, pulih angsal pinangka, dadi maning lintang kerti iya iku, surake bala Talaga, tumon gustine asakti.

— 02 —

Kantun Prabu Anggalarang, jelag subita babanting arti, medal sira kapisemu, he Atmajaya iya, iki isun wis pepes ya aja tanggung, sira kukuru alawas, alung babrena lalis.

— 03 —

Aja dawa-dawa wirang, atmajaya anabda iya becik, tampanan iya iku, sanjata aliwawar, kang nyawargakaken ing sira satuhu, duk lagi nabda samana, Anggalarng angandhingini.

— 04 —

Animbulaken ing toya, mubal malah tanpa tanpa sangkan mijil, kadak siking Cikeru, kaligane ambuwal, gumaludhug tanpa krana wetunipun, anggigilani kang toya, dhuwur pamumbaling warih.

— 05 —

Kadi ta lir gunung toya, wong Talaga akeh padha anangis, nyana den kelem ing banyu, ing wau wurung den obar, sida iki den keleme dening banyu, dan tandang Jayanglengkara, den lepas si sanjata angin.

— 06 —

Aliwawar wus lumarap, anarajang banyu asat pan tumuli, kaingsep ing sira lisus, luntanira narajang, Anggalarang katarajang nulya kawur, merad maring ngalam lintang, awiyang alalu lalis.

— 08 —

Amung Prameswari nira, ingkang nami jeng dewi, Ratugumilang lumayu, sumhati ararangkangan, muni ngowe-ngowe lir kebo limayu, krana mengkele kang napas, mulane muni lir mundhing.

— 09 —

Apa maning lagi wawrat, sangang wulan menga-menggeh lumari, niba tangi seja njujug, mring Prabu Ciyungwanara, langkung payah ical ing samangeripun, sigegen kang pala dara, warnanen kang Jaya ngancik.

— 10 —

Susuhunan ing Talaga, malah kalampah Jaya ika saking, turunan jeng Prabu Galuh, pramila nelang bagja, dadya ika pancalima pandha cenguk, tan bisa aningalana, bala wita ingkang iki.

— 11 —

Dadya tan bisa tulunga, wau dhateng Anggalarang sab gaib, Talibarat datan weruh, Parwatali tan mulat, Gelapnyawang sadhapure datan weruh, pramila sang Anggalarang, kapepes kaduga lalis.

— 12 —

wis mangkana adating donya, la yen mungguh gagaman ingkang mandi, sote yen jaba ning untung, yen ingkang wis tumeka, ing untunge endi ana sakti punjul, wis kandel ing rampak kuna, kang sakt kang ora sakti.

— 13 —

Ta ika baja daulat, Jayanglengkara suhunan ing cai, Caierang lungguh ratu, olih nyelang marwasa, Jayanglengkara wis amiyosi sunu, jeng Dewi Simbarkancana, ingkang mangke olih laki.

— 14 —

Ing wong agung kahiyangan, pan rakaning Centangbarang ingkang nami, Kenbalura jenengipun, putraning Rawagadha, Rawagadha putraning Bentangmerngu, Bentangmerngu punika, kaputraning Bathara Pancarangin.

— 15 —

Lamining ajatu krama, Simbarkancana nulya miyosi siwi, putra satriya pipitu, iya iku kang nama, Teja Pramana ikipambarepipun, panggulune ika nama, ya ki Teja Sokasari.

— 16 —

Nuli Teja Ingaguna, nuli ika ngadheni nami, Ki Teja ing Ujung Lutung, tumuli kang anaming satriya Ki Teja ing Payunhagung, lan Ki Teja Sangapriya, lan Ki Teja Cintamanik.

— 17 —

Dupi ika kang anama, Teja Sokasasri kang gadhang ing benjing, apuputri istri ayu, ingkang nama punika, Ratu Pamratsari iku gadhange ing besuk, gadhang jodhone sang putra, Silinwangi kang anami.

— 18 —

Mundingdalem namaira, besuk rabi Ratu Pamratsari, aneng pungkuripun timbul, duk mangko durung ana, masih nyatur andhing luluhuripun, ya ta Susunan Talaga, kawarta wus sugih rabi.

— 19 —

Garwaning Jayanglengkara, ana dhomas garwane amarinci, den parenca enggonipun, sagenah-genah garwa, kanggo pranti kandheg kampir ing lalaku, yen kala ngider buwana, dumadi amukti sira.

— 20 —

Karana Jayanglengkara, ing sandhenge angratu tan langgeng linggih, anjembaraken ngalenthung, remen alincak lincak, kamuktene ora bosen ing alungguh, dhela-dhela sejen genah, dhela-dhela ngelih puri.

— 21 —

Ngadhaton sagenah-genah, iyang-iyung pijer amurwa puri, sawula-wulan awangun, alihan lincak-lincak, dadi anyar maning anyar datu, tan bosenaken ing manah, duk pangidhepe sang aji.

— 22 —

Sang Orabu Jayanglengkara, sugih garwa sagenah-genah mranti, kampir angrantuning enu, denganemu garwa, pan mulane katela paparabipun, suhunan sugih garwa, wus koncara tepis wiring.

PUPUH XXXVIII

S I N O M

— 01 —

Sigegen suhunan Talaga, kang karoban ing wibawa mukti, kawarnaa kang miruda, ratu Gumiwang lumari, ing ngayunan sang aji, Ciyungwanara jinujug, praptane ing ngayunan, ngowe-ngowe kadi mundhing, ambekane mengkel ngeden arenggosan.

— 02 —

Bari rumangkang lumampah, anyungkemi ing padaning, Prabu Sepuh Ciyungwanara, pon ika sampun angarti, yen Anggalarang lalis, rabine ingkang lumayu, awedi diboyonga, dening Atmajaya sakti, ya ta pareng ing kana Ratna Gumiwang.

— 0 3 —

Nuli bae bebeleyan, angadenaken babayi, menggap-menggap ingkang napas, kadi wong anglalu lamis, ngowe-ngowe lir mundhing, medal jabang bayi jalu, abagus wuwarnanira, sang prabu sepuh sukati, udheg-udheg tiningalan lanang pelag.

— 04 —

Suka rena nalanira, udheg-udheg bapa kyai, iya sun arani sira, Jajaka Mundhingkawati, karana biyangmu nuni, ngowe-ngowe elap isun, embok metu maesa, legane bragojol jalmi, ya sun puja dadiya sulur nalendra.

— 05 —

Susulure rama nira, Anggalarang kang wus lalis, nyi mantu udheg si jabang, openana den abecik, ing rat prayangan mangkin, manawa dadi susulur, ing rat prakuwu mangsa, bisa amangko pinuli, sabab uwis kajabel Jayanglengkara.

— 06 —

Amung manawa si jabang, ing benjang salamet urip, bisa angrebut pusaka, yen nyata titise jati, mangsa wurunga abangkit, angruru pusakanipun, telungane ing kita, sun srahaken maring sukmane si jabang.

— 07 —

Ratna Gimiwang aturan, sandika ing mangkin aji, pan si jabang wus den asta, dinelap lastari urip, dugi mraja kawarni, katempelan asmara lulut, akeh wadon kang kedanan, padha buri ingithil, maring Wundhingkawati padha kasmaran.

— 08 —

Estuning raga asihan, linulutan ing pawestri, ingkang prawan kang wulanjar, randha muwah duwe laki, padha kabadri-badri, kasmaran ing Mundhing iku, aja-aja kang tumingal, salagine ingkang sami, ya angrungu abane padha kasmaran.

— 09 —

Ingut-inguting swaranira, konsi duga pitung bengi, kelingan bae ing swara, akeh istri padha lali, ing wang tuwa maring laki, tut buri ing Mundhing gupuh, padha pasrah jiwa raga, wus ilang kang wirang isin, edan bae kawenangan ing wong liyan.

— 10 —

Malah ika lampahira, Raden Mundhingkawati, angumbar akarsa nira, wong anom amurang titi, Malangsumirang mambrih, ngambat ing praja pra kuwu, kang padha rinungruman, anggepe Mundhingkawati, saprakara wadon kang teka priyangga.

— 11 —

Padha sungsung rebut ing sang, remening Mundhingkawati, padha sosoroh gulingan, tan lawan den undang maning, Raden Mundhingkawati, mung kinambadan ni Pasung, ing wadon sagulingan, singa-singa anekani, linadenan akirda pan sadaya.

— 12 —

Akirada pan sacombana, malah ika lami-lami, angambat maring garwa, garwane Majayalengking, ingkang padha marinci, padedesan kang tumuwu yen den lewa, maring sang Mundhingkawati, akeh garwane Jayanglengkara jinamah.

— 13 —

Yen konangan ingkang jaga, padha sami sakarani, padha rinujak ing lawan, Mundhinggkawati nadhahi, teguhan talikrami, kalesan ingkang murugul, padha kondur kokalan, adate Mundhingkawati, sakeh wadon kempong perot sok wadone.

— 14 —

Sakeh wadon duwe ningwang, lara pati sun labuhi, jar murang niti rungruman, malah yen kapandhak margi, lan garwane Jayalengking, kang lagi tinandhu-tandhu, ginaregeg den iring-iring, prandene linorod binegal marga.

— 15 —

Ginawa ing pasenetan, prameswari den sanggani, yen wis sampurna abendra, ingeculaken ing margi, pan samya kang ngiring bedhil, anumbak pan sami nyuduk, tinadhahan kang braja, tan ana braja nitisi, esok bae angkohe Mundhing Bathara.

— 16 —

Nanging sun mangsa kandega, ambegal ingkang pawestri, sapa bae kang kapapag, iya pasthi sun sundhepi, tan idhep garwa aji, Atmajaya musuhipun, kamanyangan yen mendhaka, rabine si Jayalengking, pon ya iku kang angembat tupaningwang.

— 17 —

Ya ta garwa Atmajaya, kang ning padesan marinci, pan rinungruman sadaya, sakabeh den dalajahi, datan kaliwat siji, Mundhingkawati kalangkung, dening kaliwat gemetan, braja gemet ing pawestri, nyumur gumuling lang angrong pusanakan.

— 18 —

Lara pati dipun dhadha, isun ora anggingsiri, panebusing murang sarak, adate Mundhingkawati, ora nana kang pinilih, padu wanodya ya iku, aburan carampusan, sing awadon den cicipi, luwih liwat anglalanangi ing jagat.

PUPUH XXXIX

KINANTHI

— 01 —

Ya wus dadi ara-uru, koncara angrurung sebi, karajahan Atmajaya, ya ta dadi den lurugi dening bala ing Talaga, seja cinekel winingkis.

— 02 —

Kang seja galethuk datu, seja den kacebur cai, ginawe ing raga ina, Mundhingkawati wong siji, angalahaken nagara, mabura kang tanpa sentik.

— 03 —

Juwala apa si bendhul, ya ta wis amaribui, raja gagaman talaga, ora nan kang ngundhili, kang cinekel boya kena, den buru-buru tunungtik.

— 04 —

Ting salengseng ngalor ngidul, lamon geger garwa aji, yen pinanjingan ing dhustha, dadak-dadak den ebyuki, kaligane tan kacandhak, pating bilulungan tan polih.

— 05 —

Tan olih gawe alusut, ya ta kamisosot kangpri, Ki Tumenggung Paracutan, Brajamatya adhag-dhag dhig-dhig, seja nyekel sang Bathara, Mundhingkawati tan keni.

— 06 —

Sang Anom pan dipun cawuk, ambekane dipun tarik, dening Arya Paracutan, kacandhak Mundhingkawati, mundelik kaya apejah, ora duwe napas mijil.

— 07 —

Sabab nyawa den talangkup, dening Paracutan sakti, wus ngedhag tanpa ambegan, Mundhungkawati lir mati, kaku jengkeng ora obah, kawenangan ika dening.

— 08 —

Gelapnyawang wus jumegur, namber Paracutan katimbis, Tumenggung pejah den Gelap, babarpisan angemasi, nyawa Mundhing kawarnaa, ucul wis rumanjing maning.

— 09 —

mangsup dhateng jasadipun, janggelak tangi urip, Paracutan tulus pejah, kulawargane anangis, nuhunaken pangapura, nuhunaken gesang malih.

— 10 —

Ngasih-asih aturipun, dhumateng Mundhingkawati, supados mangke gesanga, tan wande angabdi, sacecepenganing Paracutan, katura ing Mundhingkawati.

— 11 —

Tilar Atmajayanipun, sujud ing sampeyan gusti, rama dalem Anggalarang, Talaga dipune ngabdi, kahula datan langgana, ginawe abang putih.

— 12 —

Dhateng Pakuwan pra kuwu, ing ngarsa sampeyan gusti, Mundhingkawati ngandika, ora rep yen isun iki, den bekteni ingkang kaya, Jayalengka wong menenthil.

— 13 —

Kadedo ra dadi ratu, babaktine Paracutan, Paracutan wong luwih ala, calak-calik ing agusti, endi ingkang gadhang menang, ya iku den aku gusti.

— 14 —

Sanadyana maring isun, ya pon mangkono maning, yen katekan musuh sesa, cakelane den go bakti, kanggepa ing ratu anyar, si monyet si tai anjing.

— 15 —

Tan pantes dadi Tumenggung, pantes dadi wedhi bumi, saturune mapan ora, kena den pambri papati, patut kanggo gawa salang, pikulan buburu dhuwit.

— 16 —

Sira wus age mampus, aja supe kene nangis, Paracutan endha modar, enggo apa den uripi, wong ora lana ngawula, pangidhepe nengah minggir.

— 17 —

Nagara seja sun japut, arep sun cekel pribadi, sun rebut sing Atmajaya, aweh ora weh ing mangkin, sun prawasa lan dumadak, ila ing badhami becik.

— 18 —

Ya sun anggep bala ratu, ika Atmajaya lengking, yen wangkal iya sun kebat, sun tumpur kahananeki, anak putune sun buwang, sun uprak ing bumi ngriki.

— 19 —

Ya ta Baronjot Tumenggung, kawirangan padha nisi, kawarnaa Jayalengka, wus wruh yen Tumenggung mati, den samber dening Gelap, Nyawange Mundhingkawati.

— 20 —

Jayalengkara agupuh, adir-adir sakti luwih, kalih sadherek kang nama, Sukmaantalirasa sakti, amapag sireng payudan, Rahaden Mundhingkawati.

— 21 —

Sukmaantalirasa sampun, ambabar ing baris geni, malabar adadya wangwa, adan sang Mundhingkawati, narajang baris dahana, mepes dadi awu nuli.

— 22 —

Medal tanpa sangkan banyu, mumbule lir gunung warih nrajang ing Antalirasa, kentir kagawa ing warih, ya wis larut tan katingal, kentir kagawa ing warih.

— 23 —

Ambles maring dhasaringpun, sangyang Talaga alalis, dan Prabu Jayanglengkara, medalaken wira sakti, bulus putih angambara, nuruni racun garigis.

— 24 —

Mundhingkawati rahayu, tan pakara kang garigis, bulus putih dipun japa, kajulina tibeng siti, gramang-gramang iku dadya, silem ing talaga yoni.

— 25 —

Tandange Jayalengkara, angembat sanjata angin, Sangyanf Aliwawar ngena, nampek ing Mundhingkawati, lisus angeder lir ngreba, akening Sangyang Ukir.

— 26 —

Parandene kang tinuju, wangkeng kadi pacek wesi, kawur maning yen iyaa, gumingsir salagi beli, Mundhingkawati amuja, banyu cikeruh ngulati.

— 27 —

Panumbule kadi gunung, narajang ming Jayalengking, kapisanan kalembak, sumilem amblese maring, Sangyang Talaga ika, wus merad alalu lalis.

PUPUH XL

ASMARANDANA

— 01 —

Duk iku Mundhingkawati, tulus jayane angrebat, pusaka saking ramane, menak pra kuwu Pakuwan, sadaya sami nembah, ing Mundhingkawati ngulun, idhepe ing Pajajaran.

— 02 —

Apa kaya wingi uning, Mundhingkawati samana, wus den angkat pangratune, dening luluhure ingkang, nami Ciyungwanara, sumulur ing ramanipun, katelah nalendra anyar.

— 03 —

sang Prabu Mundhingkawati, anata ing Pajajaran, jaksane lan papatihe, wong pinter anginger bala, ingkang kasebat nama, Ki Patih Gurugul iku, kawal ratu Pajajaran.

— 04 —

Tumenggung kang anami, Ki Tumenggung Padhamenak, kang nguningani pagawe, wong cilik sabarang karya, angrapu-rapu bagja, anulak cilaka isun, kang buawana Pajajara.

— 05 —

Demang Sedhapura, ingkang ngreh pradata sakabeh, pamagutaning wicara, putus ing kademangan, pinangka pajakanipun sang ratu ing Pajajaran.

— 06 —

Ngabehine kang anami, Kawungluwuk ingkang nama, ngagem pajagan sakabeh, sakalir ring pamatrolan, ngabehi kang uninga, wau ingkang manjing metu, ing buwana Pajajaran.

— 07 —

Awindon ataker warsi, Mundhingkawati angraja, garwa domas ing kathahe, Prameswarine kang nama, Dewi Trusgandarasa, kang asal kaputrenipun, Sunan Tegal kahiyangan.

— 08 —

Duk samono Gulbopati, kang wus lenggah binagawan, iku Susunan Sambate, lan Sunan Jumajeng, lan Sunan Tegalkayangan, lan Sunan Telagamunggung, lan Sunan Ranggalimbangan.

— 09 —

Duga ing sawuri-wuri, anak putu Pajajaran, kang amba gawan linggihe, iya kasebut Susunan, lan kaya ika benjang, Susunan ing Tatanpolawung, lan Susunan Raja Malaka.

— 10 —

Lan Susunan Wanaperi, lan Susunan Pandhajawa, lan Susunan Ranggalawe, lan Susunan Ciburu ika, lan Susunan Kidul ika, kalawan Susunan Parung, kabeh tedhak Pajajaran.

— 11 —

Suhunan Jati apa maning, pon ya tedhak Pajajaran, saking luluhur ibune, tatapi duk samana, sakabeh durung ana, masih nyatur kang luluhur, kang ana ing Pajajaran.

— 12 —

Sang Prabu Mundhingkawti, karemene ambedhag sangsam, ing alas arame-rame, kulawarga santana, paburu asadhiya, sakti-sinatenan iku, yen buru kidang manjangan.

— 13 —

Pating careluk sukati, surake ambal-ambalan, sok rena sagedhene, kang pareng olih bayangan, pirang-pirang manjangan, idang pirang-pirang atis, wadya bala katutugan.

— 14 —

Kang den bakar dentengi, babat kang den pangan mantah, kang dipun ayem atine, ora nan kakurangan, gaganting anarambah, kang dhinendheng dipun gulung, wus loba pana dhacinan.

— 15 —

Kang den bacem den petheni, pirang-pirang kang tampayang, bakasem daging sakabeh, lir ta kang mangan anyaran, den gecok den rerempah, den sasate den pepenthul, ana den brangas kewala.

— 16 —

Masih abang jare manis, wus warna-warna asuka, sukane manah agawe, olah-olahaning mangan, dupi lawasing lawas, genya kasengsem aburu, singga alas den oyak.

— 17 —

Ya ta dadi anarengi, manjangan asantana, kumanjangan daden-daden, turunaning Linggaiyang, duk rasmi lan manjangan, iku wus aduwe turun, kang katelahe ing nama.

— 18 —

Manjangan gumulung sakti, lan manjangan wulung upas, ing galunggung kahanane, tanopen kidang ancaran, lan kidang panawungan, ya iku kang estu turun, Linggaiyang kang sasmata.

— 19 —

Manjangan gumulung yakti, iku ramaning manjangan, gumaringsing ing ulese, mangka nata uga ika, sang kidang panawungan, iya iku ramanipun, sang kidang pananjung ing Sundha.

— 20 —

Dangune den osak-asik, kang bangsa kidang sambawa, manjangan pon sambawane, dadi ika ratunira, tan sakeca ing nala, sumeja sira tutulung, maring kula balanira.

— 21 —

Manjangan gumulung sami, kalih sang kidang panawungan, seja angayoni gawe, gelar panyelang susila,maring Mundhing Bathara, sampun wangun gelar pamuk, sakarang ngamuk ing alas.

— 22 —

Paburu akeh kang mati, gegere wong Pajajaran, samya kapalayu kabeh, dening ika ing ngamukan, ing kidang lan manjangan, dening tantetesing punglu, gagaman maning yen mempana.

— 23 —

Sedhengane ika bedhil, mariyem datan tumama, pelore kaduga gepeng, wus kadi lempung kewala, ing awaking manjangan, gawoke nembe anemu, iku ta manjangan apa.

— 24 —

Patutu iku dhedhemit, inton-inton panawungan, kidang jurig alas moreg, galunggung betan siluman, ngamuk amarawasa, anglingkab koncaning ratu, dening teka kabeneran.

PUPUH XLI

M I J I L

— 01 —

Ki Ngabehi Kuwungluwuk ngandhepi, manjangan den coco, lawan keris atugel kerise, Kuwungluwuk den undha wanti, den tuju tumuli, kapental lir punglu.

— 02 —

Demang Padhamatang ngandhepi, kidang den cekel soso, iya kuwel gulung rame lagane, ingkang kidang dipun timbisi, lawan gada wesi, prandene tan pupul.

— 03 —

Gada tikel Ki Demang den undhi, muluk kadya pelor, ora kruwan Ki Demang tibane, Ki Tumenggung Padhamenak sri angandhepi maring, kidang sangsam wau.

— 04 —

Sigra tortoran pijig-pinijig, aprang popon-popon, pan binalangaken kidanga, tan kahur parek den wingkis-wingkis, kidang ika uwis, kapental ing ngasruh.

— 05 —

Ora kaya manjangan kang sakti, nujahipun solot, Ki Tumenggung ing kabelasate, ora kruwan tibane malih, adan sang apatih, Yang Gurugulkiwul.

— 06 —

Enggal tandang manjangan den kempit, sinerat dhumongkol, sadyanira sinembeleh age, ora kaya seking tan sipi, ya datan miyatani, ing gagamanipun.

— 07 —

Gulunipun manjangan tan kanin, sigra kang manjangan nyokni, ing Ki Patih ya karasa seget, dadya sira ucul sing astaneki, ambaluki Pati, kabyesat adhawu.

— 08 —

Tangi ngudhag dipun tujah maning, kapyesan tan adoh, tangi ngudhag den papagane, dipun udha den walik-walik, duga pasukadi, tatali aliyur.

— 09 —

Murud tinandhu sang kyai patih, wus tan ana miyos, wong Pakuwan padha geris kabeh, ingkang kaparag sami, geger pating careluk.

— 10 —

Dupi kidang manjangan anuntik, maning jeng sang katong. Mundhingkawati sabandhu wargane, garwa kula bala ngili, pala dara nisih, ngalor ngetan metu.

— 11 —

Saking kutha Pajajaran mijil, gamarudug gatos, samya bubar saupacarane, gunung Trogong kang den purugi, munggu kadikuling, Tegaluwar ayu.

— 12 —

Ya sejane go umpetan aningid, ing gon ya ing kono, pandhe siluman ya iku genahe, mulane dipun wastani, Tarogong kang nami, ya pangonan alimun.

— 13 —

Paparabe kang kuna angapti, gunung Kuwendenlok, iku gunung Antragangsa rane, iya iku namaning kang ngukir, kang seja den ungsi, ya dening sang prabu.

— 14 —

Sagrawane saselire ngiring, kumaritig mrono, mung kang kari saelir-elire, duk samana iku sang dewi prameswari aji, trus kandha duk iku.

— 15 —

Dhuweg bobot wawahu sangang sasi, ngenthe-enthe loyon, meteng tuwa suwe lakune, duk lalaku pan ambeneri, bumi Tegalsili, kang gandane arum.

— 16 —

Ya ing kono pareng kaget kanyedig, dening kidang langgon, lan manjangan gumalunggung pri kaget, dupi Prabu Mundhingkawati, bubarira kadi kapusus ing musuh.

— 17 —

Tan emut garwa Kaluwargi, ting barisiting wong, rebut urip sewang-sewangane, ya kang meteng brojol mijil, ing tegalsili, ingkang gandane arum.

— 18 —

Tan karasa jabang bayi mijil, bawaning ambesot, pan kaburu karo laki lempate, wus anyandhing ingiring aning ukir, Antragangsa nenggih, den jaluki tulung.

— 19 —

Prabu Mundhingkawati ambelik, he gunung Tarogong, tulungana isun sakabehe, lagi kawalesan den baledig, dening kidang sakti, lan manjangan racun.

— 20 —

Ya ing wau kidang sun baledig, pirang-oirang buron, dupi iki isun kang kaseseg, ing manjangan dadi amuki, mantrinisun sami, tan kawagang nempuh.

— 21 —

Balanisun akeh padha mati, katujah kacokot, wong Pakuwan samya abubar kabeh, mrene iki jawane angili, age den agelis, tulungana isun.

— 22 —

Sinambadan pareng samana ukir, Yang Gunung Tarogong, belamiyan katingal ing jrone, kaya jagat ing weteng ingukir, dan Mundhingkawati, sabronjote mangsup.

— 23 —

Maring jagat ingkang ing sajroning ukir, wus mangsup sakabeh, ya dadi ingkang enakane, wusing manjing ing sakulawargi, gunung Tangkep maning, apa kaya mau.

— 24 —

Pan sarupa merad Mundhingkawati, ing gunung Tarogong, ora metu-metu salawase, ya ta kidang manjangan dadi.

— 25 —

Ya ta Dewi Trusgandarasa adi, kaget dhateng kempong, tembe emut ing wewetangane, yen wewedhe tan karsa amilih, bawaning alali, duk wau lumayu.

— 26 —

Prameswari alara anangis, baya anaking wong, ana ngendi baya ing tibane, sapa bisa manggihena gusti, si jabang bayi mami, kang marojol kantun.

— 27 —

Prabu Mundhingkawati lingnya ris, ing garwa ja dados, dukaciptanira prakarane, anak kita kang marojol kari, tangtu anyuluri, ing tilas kita mau.

PUPUH XLII

M E G A T R U H

— 01 —

Pan sigegen kang sarupa lalisipun, warnane sang jabang bayi, kang neng Tegal Silih harum, pepeleme den dilati, dening embok macan wadon.

— 02 —

Wus karesi si jabang kaya ingedus, den cokot kang ari-ari, sampun punthes kaya puput, kaya kucing amberseni, maring anake mangkono.

— 03 —

Karojotan si jabang lagi ing riku, macan kesah ngunguliti, nuli ana wong aruru, akyu aran kahiborit, ningali jabang ing kono.

— 04 —

Pan binakta si jabang den agupuh, pramila dipun wastani, Siliwangi namanipun, krana asale kapanggih, ing alas rum kuno.

— 05 —

Tegalsili tampanganing alas gunung, jabang sili rum dan urip, urip ing wong ngambil kayu, kocap anak kahi Borit, salirum warna jalitro.

— 06 —

Wantu-wantu dadi anak tukang kayu, badan ora bresih-bresih, kalalare ladheg buruk, ora na praja-pajaning, taliti putra sang katong.

— 07 —

Ya wus apa dudune bocah ngon gunung, carobong ngenek-ngeneki, ora ilok adus-adus, ing maletenge agething, rambut kethel ingakotor.

— 08 —

Tan kawarna lampahe budhak salirum, kawarnaa kidang lemping, sasirnane ya sang prabu, dadi ika ngosak-asik, anang Pajajaran nyewot.

— 09 —

Maring menak pra kuwu padha alarut, amalayu den baledig, geris tan ana atunggu, ing praja den tinggal bresih, golendhang kariya kosong.

— 10 —

Kaisenan kidang manjangan akumpul, garadang-gridik awan bengi, angkohe anjabel dhatu, dheweke ingkang ratoni, ing kono mulane manggon.

— 11 —

Gawoking wong menak pra kuwu, genya kasanglat saking, wedi mareg bok den amuk, padha geris samya nisih, ing parna ing adoh-adoh.

— 12 —

Kidang Panawungan lan Manjangan Gumalunggung, lunta puas-puas ati, ngamuk ngulon ika mampuh, Pakuwan Prayangan goning, Ciyungwanara dipun brobok.

— 13 —

Geger gemetus menak Prayangan alarut, padha ngili nyingid tebih, maring guwa maring gunung, tan ana bisa ngundhili, pan sami abubar adoh.

— 14 —

Prabu Ciyungwanara ngili lumayu, ing Simpar patapaning, Ajar Ujung Banaliwung, asingidan denimponi, dening Ki Ajar ing kono.

— 15 —

Wus angarti anak putu padha larut, sowang-sowangan lumari, rebut urip laku rusuh, ibur uwis ora mikir, maring laku raton-raton.

— 16 —

Ya wis pating barisat tan mikir lungguh, nagara wus …………. gandring, kalingdih ing kidang bungur, …………. kaisen dening, kidang menjangan ton-inton.

— 17 —

Ika padha angkohe anglindih ratu, malesa poli den buroni, Mundhingkawati duk mau, amburu manjangan dari, saiki gagantos buron.

— 18 —

Ya sang Kidang Panawungan sabala ngratu, ing Pakuwan kulon nenggih, Prayangan kang dipun gelung, malah wus putra anami, Kidang Pananjung gadhang wong.

— 19 —

Dupi sangsam gumlunggung sabalanipun, angrat sakukubaning, Pajajaran kuwu, Pakuwan brang wetan nenggih, kang den wingkis kang den enggo.

— 20 —

Pajajaran kilen wetan wus den aku, ing Kidang Sampati, kulon sang Kidang Panawung, wetan Manjangan Kumliking, manjangan ya la wus miyos.

— 21 —

Putra Manjangan Gumaringsing namanipun, ya iku kang gadhang jalmi, pramila ing waktu iku, kidang manjangan kadhasir, sarasmi kalawan wong.

— 22 —

Sabab asal-usul Inggaiyang wau, Kidang Panawungan sami, akir dalanjal malulut, yen manjangan iku dening, sing Galunggung dhemen ing wong.

— 23 —

Lan yen monyet Cogowang iya ikut, ilok dhemen maring jalmi, sabab asal-usulipun, sing Lutungkasarung dhingin, margane kadi mangkono.

— 24 —

Waktu iku Pajajaran kaslangipun, ing ratu sato sambawi, ya sijar salaminipun, Silirum sing maksih alit, maksih dadi budhak kangon.

— 25 —

Ala walatra bocah anerus tunjung, lami-lami ika nuli, ana kawenganing pulung, putra menak Sindhangkasih, nyi Rara Sigir pan jatos.

— 26 —

Masakaken ing budhak si Silirum, ingimponi den karseni, denedusi timbul pulung, ya si wantu tedhakaning, andana wirya gung katon.

— 27 —

Gilang-gilang marenenge tejanepun, komarane anelehi, mangga ngucapa sang ayu, Rara Sigir genya ngapti, aja na liyaning jodho.

— 28 —

Dadya Jaka Silirum ing jidhonisun, mungga kadulura dening, panadyane atinisun, mangkana ing duk pamikir, sawiji kalawan jodho.

PUPUH XLIII

D U R M A

— 01 —

Waktu iku nuli ana ing bancana, wau cicipaning, dalem Palimanan, karsa angiwat-iwat, Sigir Panjaling ingkang den prih, adan sakala, iku nyamber sang putri.

— 02 —

Putri Sigir sinamber tan kena inadha, enggal dipun tulungi, dening Siliganda, kalampah sira pancas, buto roro den kembari, kinarya sepak, padha buta kagulinting.

— 03 —

Malah katon ing wong Sindhangkasih sadaya, Silirum asakti, anyana punika, dudu bandra-bandrakan, duga buta kalih neki, larut asirna, wau den sanjatani.

— 04 —

Dadi mundahak katarimahe ing kana, dening wong Sindhangkasih, pareng lawas-lawas, Siliwangi teka karsa, ing manjangan seja wani, pinenging aja, dening si Rara Sigir.

— 05 —

Aja sira ngulati gawe angangkah, isun melang ing ati, bok ora kawagang, sunrungu ika sangsam, kaliwat ing saktineki, kaduga ngebat, aken Mundhingkawati.

— 06 —

Jaka Salirum wangsulane ika, ingkang sun ajab lalis, angrebat nagara, babaguse wong lanang, angulati apa maning, punika sawarga, ginawe ayu mangkin.

— 07 —

Adan mangkat Silirum anggawa panah, tan arsi dipun iring, kali wayangan, sudira ngundi lawan, panantang baya ngenani, sampun anjujag, pra kuwu kang den ancik.

— 08 —

Dyan Manjangan Gumulung wus dadya mulat, iku hebating jalmi, adan lan gagadhang, Silirum dipun tujah, tinujah kaliwat kadi, nuju wawayangan, tan dangu den walesi.

— 09 —

Ya Manjangan Gumalunggung sinabet lan panah, bugel sangsam ngemasi, adan putranira, ika ingkang nama, ya Manjangan Gumaringsing, bela ing bala, narajang bela pati.

— 10 —

Den papagaken layan sanjata wisesa, Manjangan Gumaringsing, wus kakenan panah, malesate kagawa, dupi tiba dadi jalmi, gupuh anembah, dhumateng Siliwangi.

— 11 —

Apoliye iku menak pra kuwu ika, maring daleme malih, sagenah sayasa nipun kang mula-mula, lamine sawelas warsi, kosonging praja, tembe saiki pulih.

— 12 —

Duka yuswaning sawelas warsa, Siliganda wus bisa ngrebut puri, lan ika manjangan, Gumaringsing kumawula, ingapura den wenehi, cacangkok pisan ing Galunggung pan nagari.

— 13 —

Jaka Siliganda angulon ika, jujug prayangan ngancik, Kidang Panawangsa, duk ningali kolebat, ing jalmi amburu aglis, ing Siliganda, adan pinapag aglis.

— 14 —

Dipun sabet lan panah tugel sang kidang, Panawangsa ngemasi, adan ingkang putra, seja bela ing rama, Kidang Panjing prepeki, maring sang Ganda, kidang den panah aglis.

— 15 —

Amalesat Kidang Pananjung atiba, sira dadi jalmi, tumuli anembah, dhumateng Siligandha, la iku purwaning dadi, menak prayangan, bisa balik mulih.

— 16 —

Ing enggone alinggih lagi duk kuna, sawelas tahun angili, saiki dumadak, bisa pulih waluya, karebut ing Jaka Sili, riku kang kidang, Pananjung ika aksami.

— 17 —

Den apura pan sinung cacangkok sisan, ing Panawungan perni, wus apulih karta, ing rat Pajajaran, Siliwangi kang ngimponi, ing Pajajaran, kang gadhang nyakrawati.

— 18 —

Baudendha wekasanira nalendra, datan antara nuli, Prabu Ciyungwanara, mantuk ing Ujungbana, maring Pajajaran malih, asuka rena dening ananulungi.

— 19 —

Kujajaka prawira nom sing dibaya, dening kaliwat sakti, arebat wipala, subagjane sun puja, dadiya susuluraning, sri Pajajaran ingkang bagawani.

— 20 —

Ya tan dangu Parwatali talibarat, gela nyawang pra sami, tedhak atur wara, peciling Mundhingkawati, babaring Tegal ara-ara Siliwangi.

— 21 —

Duk kapeleter dening Kidang Manjangan, diweg mateng kang bibit, mesat dugi babar, jabang tiba katilar, ing tegal siliwangi, dupi kang yayah, rena manjing ukir.

— 22 —

Ya sarupa lalis tilar si jabang ika, sima ingkang dilati, pareng macan linggar, jabang dipun gemes sang dening rencek kyai Borih, inggih punika delap dumadi sakti.

— 23 —

Ciyungwanara ngandika mangsa bodhoa, kinongang nundhung weri, dadine danyata, kaprabon duwe nira, ora nyelang ora nyiling, sasmata angrebat, ing pusaka pribadi.

— 24 —

Sira sanyata gintung-gingtung manira, si gintung saiki, sun istreni sira, dadya angreh Pakuwan, Prayangan pra kuwu uwis, karone tunggal, sira ingkang ngimponi.

— 25 —

Alungguhan nyakrawati Pajajaran, ingkang muji jati, ing salungguhira, tirimaa sira, dening Yang Acintamanik, ratu sajagat buwana kabeh iki.

PUPUH XLIV

LADRANG

— 01 —

Sinahuran geger peter ketug muni genya ngangkat, karajaan Siliwangi, ratu araga sukma akadang sukma.

— 02 —

Bala dewata jawata amayungi wus kaloka, kajana priya ing luwi, ora ana kaya ratu Pajajaran.

— 03 —

Sugih sanak sugih putra sugih rabi dadya merna. ngiseni Sundha nagari, kang anyar-anyar katondha saking kana.

— 04 —

Lan koncara liwat luwihing prajurit, ora ana musuhe ing buwana iki, kina wenang iku ing sakarsanira.

— 05 —

Menak pangrengku kang nama awarni-warni, Gajah Muntang, Gajah Barong Gajah tandhing, Gajah Manggala muwah Gajah Siluman.

— 06 —

Gajah Enggang Gajah Puntang Gajah Rucik, warna-warna, Katumenggungan malih, Kalangwirana Kalangbadhag Kalangbrama.

— 07 —

Kalangluhur kalawan Ki Kalangeling, Kalanglunana, Kalangtonggo Kalangsari, Kalangangkes Kalangsiyu Kalangrejang.

— 08 —

Kademangane kumerab awarni-warni, kebek ing rat, Jalana kang ngabehine, mantri gedhe mantri cilik wis anjagat.

— 09 —

Pan mangkana wadon abrakothi, kocap ingkang, ing Pakuwan nyakrawati, sugih wadon miwah sugih putra wayah.

— 10 —

Wis awindon takeran tahun amukti awibawa, tan ana durga nyantoli, pan gumelar putra wayah ya anjagat.

— 11 —

Malah istri kang purwa anggumateni timur mula, ingkang wau Sindhangkasih, dadi tulus jodhone lawan sang nata.

— 12 —

Katelah nyai Embok Agung amutrani ingkang nama, ajalera den Sangkeki, putra dalem ana ing rat Pajajaran.

— 13 —

Dupi garwa ingkang nama Panawangi apuputra, jaler ingkang apranami, Mundhingdalem paparabe putra nata.

— 14 —

Nulya iku akrama ya maring putri Tejasuka, nami Putri Pamratsari, nuli puputra kang Susunan Pandhajaya.

— 15 —

Pandhajaya iku wus mutrani maning ingkang nama, ing putra saiki negari, jaler ingkang naminipun Raden Umbang.

— 16 —

Dupi putra Nubdhingdalem sanes bibit iku lanang, Prabu Kangkangirang nenngih, nama Prabu sabupati lungguhira.

— 17 —

Duk samono akeh putra ingkang den prih lawan nana, prabu ana ing bupati, cacangkoke bupati pan dudu nata.

— 18 —

Prabu Kangkangirang ika mutrani ingkang nama, Linggaiyang anem suri, Linggaiyang puputra Sangiyang Arjuna.

— 19 —

Sangiyang Arjuna baya gung asisiwi ingkang nama, Linggalawang ing Cipamali, rang-arang acucuk prang ngamuka.

— 20 —

Dupi garwa Siliwangi ingkang nami mraja cinta, iya iku amutrani, Sangiyang Madhangrasa Medhangkamamangga.

— 21 —

Ana dene garwa Prabu Siliwangi ingkang nama, Maharaja Larang kang nitis, Kidang Pananjung ingkang saking Ratulawang.

— 22 —

Tyas iku ingkang ngawiyosi siwi ingkang nama, Siliwangi ingkang nama, Ratu Widayaka sakti, Ratu Widayaka anuli sira puputra.

— 23 —

Prabu Resik ing Rajapolah kang puri dupi garwa, Siliwangi ingkang nami, Saselawangi apuputra Sangiyang Tular.

— 24 —

Kang alinggih aneng Panembong ing puri, dupi garwa, Prabu Siliwangi maning, ingkang nama Ratna Yumanik gumilang.

— 25 —

Apuputra Yang Jampana alinggih aku ana, ing Ratulawang kang puri, ana denegarwa Prabu Siliganda.

— 26 —

Ingkang nama Dewi Pergilayaransari mulya putra, Sangiyang Wiragasakti, Yang Wiraga puputra sang Ratu Puntang.

— 27 —

Ingkang tapa aneng ing pucuking ukir made sukma, sangkane jujuluk nami, iya iku Sangiyang Bathara Larang.

— 28 —

Ratu Puntang puputra titiga nami, Pernalarang ing Raturuyuk kang puri, kapindhone Anggalarang Anem lenggah.

— 29 —

Kang adalem ya ana ing Ratuwangi, kaping tiga, sang Prabu Jayapakuwan, ing Jumajang ingkang puri, Prabu Jayapakuwan iku puputra.

— 30 —

Prabu Sendangpugeran iku kang alinggih, aneng arga Gunung Munara kang puri, angadheni Ratu Mas tuwa nini moyang.

— 31 —

Kang alingghih Kamiwelas dining puri, Yang Mas tuwa, apuputra Kidang Pati, Ukur sepuh aneng kadhipatenira.

— 32 —

Dupi Prabu Sendhangpugeran mutrani, ingkang nama, Prabu Sendhanglimun sakti, kang adalem ya aneng Sagara Erang.

— 33 —

Sendhanglimun kunuli mutrani, Prabu Sela, ing Ngabdu ing alinggih, ya ana ing timun putih puranira.

— 34 —

Sendhang Ngabdu ika apuputra malih, kang nama, Prabu Sendhang Gunung nami, kang adalem ing Gunung Gedhe kang pura.

— 35 —

Sendhang Gunung iku amutrani maning, kang anama Prabu Sendhang Jayasakti, ingkang dalem ana ing Tetegal.

— 36 —

Sendhang Kajayan nuli ika amutrani, ingkang nama, Prabu Wasipernasakti, kang adalem ing Rajapolah.

— 37 —

Prabu Wesi pareng ika amutrani, Kandhuruwan tuwilimun kang alinggih aneng Gunung Ciaya ing enggonira.

— 38 —

Kandhuruwan ika mau amutrani, sanga jalma. Mundhing Bthara kang linggih, adalem aneng Pamijahan Karang.

— 39 —

Ki Santohan Kadirun kang anjeneki desa aran, Eran-eran Ngewre nami, pernaira tapis wiring Pajajaran.

PUPUH XLV

P U C U N G

— 01 —

Lurah Bangsa punika ingkang alungguh, ana ing Pagagan, Patrabangsa lan maninge, ingkang linggih Luwimundhing dalemira.

— 02 —

Pancase la ing Palered dalemipun, santohan punika, ing Panguragan genahe, Wirakusuma ing Ciasem ingkang pernah.

— 03 —

Arya Wirantanu ing Cibalagung, Ki Wargakosala, ing Pamanukan genahe, sanga iku putrane Ki Kandhuruhan.

— 04 —

Dupi garwa Siliwangi kang wulangun, ki Wargakosala, ing Panunukan genahe, sanga iku putrane Ki Kandhuruhan.

— 05 —

Ingkang ana Sundhalarang dalemipun, Sijine kang nama, timansapura jenenge, ingkang dalem ana ing timbangan ika.

— 06 —

Wondane wau Yang Wiroga ausunu, nama ratu Demang, Bathara Sakti jenenge, nulya puputra Sangiyang Sempokwaja.

— 07 —

Sempokwaja kang agarwa putrinipun, Panji Rababuwana, amiyosi kaputrane, kang kaksih jeng Batharadinata.

— 08 —

Dupi garwa Siliwangi kang wulangun, Buniwati raras, amiyosaken putrane, jenenge Ratu Pramana punika.

— 09 —

Nulya gagarwa [iutri saking raja Galuh, sri Praman ika, anuli miyos putrane, nama Suhunan Jaratna ing Cipinaha.

— 10 —

Garwa Ratu Pramana kang nemla ika, putraning Susunan, Medalagung ingkang miyos, putra nama Susunan Raja Malaka.

— 11 —

Tyas iku dadalem ing Cangkuang pernahipun, kaloka ing rat, Dipati Cangkuang mangke, ingkang rayi istri iku namanira.

— 12 —

Kang dadalem ing Cangkuang pernahipun, kaloka ing rat, Dhipati Cangkuang mangke, ingkang rayi istri iku namanira.

— 13 —

Ratu Kawunganten rama dewa iku besuk, ingkang dados garwa, kang Susunan Jati ing Carbon, mangka Dhiputi Cangkuang iku puputra.

— 14 —

Ratu Pananten rama dewa jenengipun, jujuluking nama, kang Susunan Ranggalawe, kang dadalem ing Timbangaten nagara.

— 15 —

Dupi garwa Siliwangi kang pulangun, Rumsari ganda, iku amiyos putrane, Sangiyang Ageng kang alinggih Setularang.

— 16 —

Nulya Yang Ageng nuli amiyosi sunu, nama Sangyang Mayak, aneng Cilutung genahe, Yang Mayak puputra dalem Narasinga.

— 17 —

Ing kajaksan ing Carbon iya iku, tumuli apindha, maring Kanci dadalem, nuli puputra dalem Nayagati ing Sundha.

— 18 —

Kang dadalem ing Ngendher ingkang jujuluk, ki Dhipati Cangal, dupi kang katelah ing ngendher, Dupi garwa Siliwangi kang anama.

— 19 —

Rara Siluman miyosi putra pipitu, abangsa lelembut, ki Sangulara namane, iya iku kang limunan ing Tunjungbang.

— 20 —

Ki Dhiriwengi ing Ragan manggene lungguh, ki Kuyupuk ingkang, ing Guwa Upas dhemite, ki Kamalarang ing Ngonom genya ngimba.

— 21 —

Ki Mayadewata ing Malakbok genya lungguh, ki Daluwengi ingkang, ing Guwa Sancang limute, iki lewi aneng Guwa Pajajaran.

— 22 —

Dupi garwa Siliwangi kang wulangun, Sri Intenbancana, iku miyosi putrane, pan titiga sawijine ingkang nama.

— 23 —

Mundhingsari kapindho Yang Sumur Agung, ping telu kang nama, sangyang Wirun paparabe, mau Sumur Agung nuli puputra.

— 24 —

Sangiyang Widaya anenggih ing namanipun, kang neng Sawunggantang, dupi Yang Wirun kang miyos, putra ingkang paparab Ratu Rawana.

— 25 —

Ratu Rawana iku nuli susunu, pra buwana bala, ki Wanabaya linggihe, Prabu Wanabaya nulya puputra.

— 26 —

Ingkang nama Sangiyang Ngabehi cucuk, ingkang sakapika, lan Linggawayang marmane, Linggawayang putrane Sangiyang Arjuna.

— 27 —

Duk wau Linggawayang turun-tumurun, puputra Sri Wayang, ing Citaman dadaleme, nuli Sri Wayang Nuli puputra.

— 28 —

Linggasri aneng Pangkalan tumuwu, nuli apuputra, Sangiyang Sogol ing Maleber, nuli puputra Raden Senapati Ngalaga.

— 29 —

Lan Sangyang Panengah ingkang muwah adhinipun, ingkang apranama,Yang Lebakwangi jenenge, dupi garwa Siliwangi kang anama.

— 30 —

Pandalarang ika amiyosi sunu, lilima satriya, Yang Sumur Bandhung linggihe, Sangyang topasri lan SangyangBabak panyarang.

— 31 —

Lan Sangyang Cimara kalih Sangyang Ciagus, sakalih maneh ika, nama Raden Tetel kabeh, Raden Tetel kang sepuh nuli puputra.

— 32 —

Raden Memenang ingkang mangke tuwuh, ing Tegal Koripan, jenek ing salami-lamine, dupi garwa Lisiwangi kang anama.

— 33 —

Katurunan ing sih ingkang miyos putranipun, jalu ingkang nama, Yang Guntebuyeng jenenge, nuli puputra Prabu Layapakuwan.

— 34 —

Prabu Layapakuwan anuli susunu, Prabu Rangsangjiwa, Rangsangjiwa nuli miyos, putra lanang sang Dhipati Kartamana.

— 35 —

Kartamana lilima ing putrinipun, iku Gedhengrungkang, Tumenggung Suradarmane, Tumenggung Sedhangrungkang lan Tumenggung Cikakak.

— 36 —

Kalih Ki Kartamnggala iya iku, dupi Ki Gedhengrungka, apuputra ing name, Dhipati Manggala nuli puputra.

— 37 —

Ingkang nama kiyai Kabul puniku, Kabul putra papat, Ki Nataraga wastane, Wangsacandra Wangsanata Wangsaprana.

— 38 —

Wangdaprana apuputra Ajengawu, lan Ajengarjuna, iya tirik iya lerek, Bagus ardi Tumenggung warga dinata.

— 39 —

Kabeh iku tedhak Sundha gung-ginunggung, saking Pajajaran, kang mernah pencar-pencare, kang anjagat sawengkening Pakuwan.

PUPUH XLVI

S I N O M

— 01 —

Ki Tumenggung Suradarma, iku apuputra nyai, Emas Batulawang ika, kang aneng ardi, dupi Tumenggung Sedhangrunggi, nulya Cirawati nama, anulya puputra nami, Kyai Emas Anggawijaya puniku.

— 02 —

Dupi garwa Siliganda, Mayangkaruna kang anami puputra Guru Gantangan, kang jujuluk kang Ranggamantri, lawan Puswawangi, lan Raja Parana iku, anulya nuli puputra, Prabu ing Pakuwan adhi, lan Susunan Wanaperi ing Talaga.

— 03 —

Wanaperi apuputra, Sunan Parung ingkang nami, dupi Yang Linggapakuwan, jujuluk Maraja tunggilipun, nuli puputrapunika, Mundhingjaya ing Mandhal alinggih, nuli ika sang Pandhahan.

— 04 —

Akrama aputranira, Lembualas nulya mutrani, Ki Dhipati Ukur tuwa, nuli putra papat nami, Ukur Ngoradhipati, kalawan Santohan iku, lan santohan Urureng, lan Raden Sobanumitadi, ingkang gagarwa iku maring puranira.

— 05 —

Ki Dipati Kungkang ika, nyi Gedhengkulan ika, nyi Gedhengkulan kang nami, nuli putra nyimas Kirana, lan ki Wansadhipa iki, Wangsadhipa mutrani, lilima kathahe iku, Raden Tandang kang nama, Raden Togog namaneki, Raden Danupati ing namanira.

— 06 —

Muwah Raden Wangsareja, lan Wangsadireja nami, mangkana santohan pelang, miyos puputra kakalih, Demang Gedhe puputra, tetelu ingkang anami, Raden Wirareja lan kimas Wargadipa.

— 07 —

Klawan Raden Wargayuda, nuli Raden Gedhe nami, miyos putrane sakawan, Mas boncel Mas Kariya nami, lan kang nama Raden Kacang iki, Raden Rinahon iya iku, kabeh terah Pajajaran, dupi putra Siliwangi, ingkang miyos saking ampiyan punika.

— 08 —

Kang nama Sang Deyasa, Raden Srigadhing murtrani, Sangyang Surakerta, ya iku bojakertadi, kang sawijine maning, putra ing ampiyaniku, nama sang Raja Wiwara, ing Majalakang dalemneki, kang sawijine kumaning Siliwangi putranira.

— 09 —

Nama Sunan Tambaliyang, putra istri kang anami, Ratu Gumilang akrama, putra Santohan iki, ing Gunung Licin linggih, amiyosi putra ninipun, kanjeng Susunan Madya, ing Taraju kang negari, kang sawijine maning kaputra.

— 10 —

Siliwangi ingkang medal, saking arum ganda Wayangsari, ika paparabing putra, kang Suhunan Ciptalewi, ing Kawungngora dalemneki, Ciptalewi putra tetelu, sijine ingkang nama, Rajaiyang brusbuhani, kang alinggih aneng Parakantig.

— 11 —

Lang Sngyang Rajawabana, ing Kandhangwesi kang linggih, ping telu Lokajaya, ing Cidhamar parnah neki, ingkang sawijene kumaning, putra Siliwangi iku, kang miyos saking Sri Tanduran, inggih titiga kang siwi, Gajatapa nama dalem ing Pawenang.

— 12 —

Kapindhone Ratu Kara, kang tapa ing matahari, ping telune ingkang nama, sang Bathara Resik Putih, kang tapa ngawang-ngawang gempi, Resik Putih asusunu, Ratu Dewa Gung Ia ika, ingkang amiyosi siwi, Ratu Guru Ajijaya namanira.

— 13 —

Anuli ika puputra, Ratu Guru Aji Putih, Susunan Kalana Ulunan, nuli ika asisiwi, Pangeran Sumedhang nami, nuli putra sakawan iku, ki Ranggacarikan nama, lan ki Ranggagedhe nami, lan ki Raden Suradiwana ya ika.

— 14 —

Lan ki Yang Tunggabuwana, ing Wedhanglarang alinggih, kapat ki Tajimalela, ing Sumedhang gene linggih, dupi garwa Siliwangi, ingkang namanira iku, Padnawati Araras, miyos kakalih kang siwi, kang sawiji ing namane punika.

— 15 —

Anggamantri namanira, lan sinine niku maning, nama Raden Sadhanglarang, Anggamantri miyos siwi, nama Sedhawati, Sedhawati puputra wau, anana Yang Medhang, Yang Medhang nuli sisiwi, ingkang nama Susunan ing Pajengan.

— 16 —

Kang linggih aneng Kuningan, ing satedhak-tedhak neki, dupi wau Sedhangrerang, Cakradewa putraneki, Caktradewa sisiwi, Sri Ngacala namanipun, ingkang krama putranira, sang Kidang Panajungan nami, Prabu Srimangka nuli puputra.

— 17 —

Ingkang nama Boros lan Ngora, kang aneng Panjalu kang puri, ki Ngora ing Rajapolah, dupi sing sabrang nenggih, Subang Karancang jenengipun, ika nyi Subang Karancang, Singapura kang negari, gih punika careming jatu Krama.

— 18 —

Kalih Ratu Pajajaran, titiga miyosi siwi, siji lanang ingkang nama, Prabu Cakrabuwanadi, panengahe istri nami, Rara Santa jenengipun, warujune lanang nama, ki Raja Sangara iki, putra titiga lan rujuk dhateng kang rama.

— 19 —

Karsane kudu miluwa, maring agamaning muslim, agamaning bosok bedha, pramilane den sengiti, dening kang rama aji, inguprak-uprak tinundhung, milane tinggal kaputran, nyimpar-nyimpar numpal keli, lami-lami karsa nyabrang maring Mekah.

PUPUH XLVII

P U CU N G

— 01 —

Rara Santang pinet garwa Mesir ratu, mila tilar bumi kana, Cakrabuwana mantuke, maring Jawi aneng Carbon dalemira.

— 02 —

Nulya krama dhateng putrane ki kuwu, nama Kantanalarang, anuli miyos putrane, ingkang nama Pangeran Carbon punika.

— 03 —

Kalih istri nyi Rakungwati ya ikut, dadya Cakrabuwana, katelah kaji namane, Abdul iman kalawan Arya Lumajang.

— 04 —

Lan kang nama Pangeran Gagak Lumayung, ngamandhing Pakuwan, manpet pajeg ing trasine, sabab dening cinandhak ing Arya Lumajang.

— 05 —

Rara Santang wis lawas ing Mesir iku, nuli wus puputra, loro lanang ing namane, Syeh Hidayatulah kalawan Syeh Nurullah.

— 06 —

Syeh Hidayatullah angajawa ikut, alingging Ardiamparan, Sunan Jati papabe, pan rinengga dening kang uwa Lumajang.

— 07 —

Dadi akeh kang manjing Islam aguru, ing wong cilik tuwis menak, barungah sadayane, Wali Jati kang katubturan akramat.

— 08 —

Dupi putra Siliwangi saking putranipun, Dhampuawang kang minangka, Kandhanghaur kaputrene, ingkang nama Balilayaran punika.

— 09 —

Putri bungsune Siliwangi iku, sang putri Layaran, masih cilik den kekentel, ingkang nama Siliwangi sebenernya.

— 10 —

Den kekentel mrana-mrene datan kantun, kocap Prabu Wanara, dan memeksa ing yogine, Siliwangi den tutur gagaib ira.

— 11 —

Den patiten sajeg ana wali iku, ilang ing guriyang, Pajajaran surem kabeh, pangaruhe ing puri tan wurung tanggal.

— 12 —

Den abecik aniti puri Sigintung, ya isun wis ana, kang mapag ngajal kasucen, pati nami ing dina kabeh wekasan.

— 13 —

Tan antara Ciyungwanara dadya iku, awak lutung asukupat, jalmi sing dhadha mukane, ……..anjengek alinggih roro kang asta.

— 14 —

Dupi saking wuri suku awarni buntut, nalosor nangcep ing andhap, narik maring sapta burine, pan tinarik ing buntutira priyangga.

— 15 —

Dadya sirna merad tan katingal iku, dening kang putra wayah, wusing sirna luluhure, amung kantun Prabu Siliwangi ika.

— 16 —

Mana sajen sadina roro ing kalbu, kukuwung mesum katingal, sang teja lor wetan pernahe, naban bengi sumonge padhang sumirat.

— 17 —

Ora liyan kang dadi sangsara iku, si cantang sarowangira, kang padha gama muslime, ingkang dadi sangara ing Pajajaran.

— 18 —

Adan prabu animbali patihipun, Tambisara nama, priksanen sumong ing kene, padhang sumong ya iku tejaning apa.

— 19 —

Ora pranti ana teja kaya iku, apa manusa bathara, anyala wadi katingale, den agelis padha rujagen denira.

— 20 —

Tambisara pamit nembah kesah sampun, ambakta satus prawira, angungtik kang teja tinon, nyata anang Gunung Jati pernahira.

— 21 —

Den talikah nyala wadi teja iku, pan seja den rujag, wong satus muwah patiye, ambrek sami lumpuh tan sesa ing angga.

— 22 —

Genya lumpuh sing dalu dalan enjingipun, pareng enjing suhunan, marikasa maring wong akeh, arep waras beli yen mambri ana atambah.

— 23 —

Tampanana kang sadat roro puniku, ucapen denira, tangtu waluya jasade, adan patih napal sadat sadhapurnya.

— 24 —

Padha Islam nulya waluya wong satus, tur den rampek pisan, lan suka wangsul ing nagrine, maring Sundha lir ring wus sejen agama.

— 25 —

Mung ki Patih Tambisara kinen wangsul, sarta bakta surat, saking sunan cacangkoke, wayah aji gih eyang amantu bilah.

— 26 —

Pan kang eyang sang prabu seja dumulur, maring gama Islam, ora kaya ing tedhake, Parwatali saking langit kandika aja.

— 27 —

Apa gawe idhep ing agama busuk, mung ta pusaka kita, sada lanang ngendi gone, prene kena age juputen den enggal.

— 28 —

Ya ingalap sada pinanjer ing alun-alun, apa ing Pakuwan, mangkana nulya parenge, merad lalis sakulawarganira.

— 29 —

Migerngiyang munjuk rayak-rayak gayuh, maring elor wetan, den papag adiasa srine, saking swarga kang para jawata sadaya.

— 30 —

Wusing merad lalis Prabu Siliarum, ing Pakuwan tan ana, kang kari amung bupatine, kang sapalih sapratiganing kang Islam.

— 31 —

Kaya Patih Cangkuwang wus mukmin iku, lan Dipati Kartamana, ki Dimati Ukur kolot, Islam maning ing Ciahur bupatinira.

— 32 —

Amung menak pra kuwu kang masih kupur, samerade Siliganda, Sunan Jati dereng ngertos, masih dadi satriya iku lalana.

— 33 —

Kawarnaa putri bungsuning sang prabu, Dewi Balilayaran, katilare sabab dening, balening Cangkolkencana.

PUPUH XLVIII

DHANDHANGGULA

— 01 —

Dupi nusul amburu wus kari, dadya bungsu lara-lara, karuna polos wiyanga, salantrah-lantrah mangmung, pan dumadak nulya pinanggih, lawan jaler kang nama Jaka Kabu, asal kulup Siliganda, marmanipun katulus alaki rabi, aneng jabaning kutha.

— 02 —

Jaba kutha kutha Pakuwan den apti, inggistrenan dening wong sadhomas, sinebut ing pangasrine, iku Susukan kabu, Sunan kabu ika tumuli, apuputra kang nama, Prabu Pucuk Kumun, lan istri Ratu Madhapa, Ratu Madhapa kang besuk alih alaki, maring kyan Santiwara.

— 03 —

Ya kyan Santi atitising Siliwangi, nuli ika amiyosi putra, wadon Murngali jenenge, olih laki wong agung, Bimalarang ingkang pranami, tumuli puputra, Sri Jampang pan mau, ika sang putri Madhapa, laki maring kyan Santi wus gadhah pecil, ciciptane Ajar Sukarsa.

— 04 —

Rara Wudhu ora payu laki, kang kakasih tanduran gagang, marmane iku den edol, tanduran gagang iku, ing Walanda den tuku dadi, lan bedhil titiga, dupi ika prabu, Pucuk Kumun agagarwa, Inten Kadhaton ksputren titilaring, sang Prabu Ciyungwanara.

— 05 —

Careming jodho ika mutrani, Prabu Ardikuning namanira, anuli puputra roro, Sangyang Sarepan Agung, lan Maraja Cipta kang linggoh, ing Galuh apuputra, Santohan Kolelet nuli sisiwi, kyai Gedheng utama.

— 06 —

Gedheng Utama puputra dalem Japati, nuli puputra ji Japatingora, nuli puputra ing mangke, nama ki Pati ika sisiwi, kyai Wiranegara, dupi ika mau, Maraja Cipta puputra, ya tetelu kang dhingin istri anami, Maraja Dalem Agengan.

— 07 —

Jujuluke Tanduran Ageng Asri, kapindhone nama Sangyang Pramana, Yang Dhigaluh jujuluke, kaping telune ya iku, Cipta Pramana kang linggih, aneng Kakarasuka, ya Prabu Dhigaluh, mangka mau mraja dalem agen laki, ing Susunan Batuganda.

— 08 —

Sunan Batuwangi kang ana ing Cipamancur ya ing parnah hira, ingka wali kukubane, kocap Prabu Cimacur, nuli ika mutrani nami, Dhipati Kartanata, anuli susunu, ki Kandharuwan Babakan, nuli puputra ki Wirabaya Sakti, nuli ika puputra.

— 09 —

Ki Wiraprabangsa ika nuli, apuputra Raden Walenggabala Estu, dupi Sangyang Pramana nenggih, ika nuli puputra, nama Sangyang Wirun, Arya Wirangun Yang Tunggal, iku puputra Aciputi, nuli ika puputra.

— 10 —

Kyai Ajeng nama Amongragi, nulya puputra kyai Wiranaga, Kabolotan ing pernahe, nuli ika susunu, Wiranaga kang sinare ing wewengkon Pasirnagara, nagara kawangsul, nuli ika apuputra, kyai Wiranaga mangko ika nuli, puputra Mertadinata.

— 11 —

Dupi Cipta Pramana kang niti, ing Dhigaluh ing Kakarsuka, anuli Miyos putrane, ingkang paparabipun, ki Dhipati Panahekan yakti, nuli ika puputra, nengga naminipun, Akimas Imbanegara, nuli puputra ki Gedhe ana ing, Cohaka ning Sorpura.

— 12 —

Gedhe Godhaka ika amutrani, ki Dhipati Sendhangmargalaya, tumuli puputra mangke, Raden Pati Tumurun, Miyosaken putra kang nami, Raden Wiranantaja, iku turun ratu, taliti ing Pajajaran, dadi menak pagunungan ika sami, ing satedhak-tedhak ira.

— 13 —

Ing Prayangan pra kuwu wus dadi, para Bupati tanpa nelendra, sasesa-sesane dhewek, sewang-sewangan angratu, dupi ing Carbon ika kang dadi, Sang Jati Wali Allah, kang den ratu-ratu, deng uwa Cakrabuwana, winuri-wuri ing jati ratu wali agung ingkang jumangah.

Nuwun.

T A M A T